देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

सोम

14 सितंबर, 2026

पटना

भादव, शुक्ल पक्ष, तृतीया, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 | वर्ष: 17, अंक : 07 | Website: mithilasamadiya.com | editorsamadiya.mithila@gmail.com | आमंत्रण मूल्य : 3:00




# दुनियां आब ब्रिक्स सं विचार आ वादा नहि, ठोस परिणामक अपेक्षा रखैत अछि : पीएम मोदी

## अगिला साल होमयबला ब्रिक्स सम्मेलनक अध्यक्षता करत चीन, पीएम देलनि शुभकामना

**नई दिल्ली, एजेंसी**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी रविदिन अगिला ब्रिक्स शिखर सम्मेलनक मेजबानी करबाक लेल चीन कें शुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे आब दुनियां ब्रिक्स सं मात्र विचार आ वादाक नहि, बल्कि ठोस परिणामक अपेक्षा करैत अछि। नई दिल्ली मे आयोजित ब्रिक्स शिखर सम्मेलनक दोसर आ अंतिम दिनक खुला सत्र कें संबोधित करैत प्रधानमंत्री मोदी कहलनि जे ब्रिक्स अपन तेसर दशक मे प्रवेश करबाक लेल तैयार अछि। दुनियांक अपेक्षा आब एहि समूह सं बेसी बढ़ि गेल अछि। ओ कहलनि जे दुनियां आब हमरा सभ सं मात्र विचार आ वादाक नहि, बल्कि ठोस परिणामक अपेक्षा करैत अछि। हमरा विश्वास अछि जे हमरा सभक सामूहिक प्रयास निश्चित रूप सं एहि अपेक्षा पर ठाढ़ उतरि सकत।



### शी जिनपिंग कें देलनि शुभकामना

प्रधानमंत्री मोदी अगिला ब्रिक्स सम्मेलनक मेजबानी करबाक लेल चीन कें शुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे नई दिल्ली शिखर सम्मेलन कें सफल बनेबा मे सहभागी सभ देश आ हुनकर दलक महत्वपूर्ण योगदान रहल अछि। प्रधानमंत्री सभ प्रतिनिधिक सुखद आ सुरक्षित यात्राक सेहो कामना कएलनि। समावेशी वैश्विक विकास लेल भविष्यक निर्माण विषय पर आयोजित सत्र मे प्रधानमंत्री कहलनि जे ब्रिक्स मे ग्लोबल साउथ अर्थात विकासशील देश सभक विश्वास निरंतर बढ़ि रहल अछि।

### लघु आ मध्यम उद्यम पर जोर

प्रधानमंत्री मोदी आपदा प्रबंधन, सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यमसभक बीच सहयोग तथा पर्यावरण संरक्षणक लेल ब्रिक्सक पहल पर विशेष जोर देलनि। ओ कहलनि जे भारत ब्रिक्सक मंचक माध्यम सं मित्रता, साझेदारी आ सहयोगक भावना आगू बढ़ौने अछि। ओ कहलनि जे ब्रिक्सक सहयोग मात्र सरकार सभ धरि सीमित नहि रहबाक चाही। एहि प्रक्रिया मे उद्यमी, किसान, शोधकर्ता, महिला, युवा आ आम नागरिकक सक्रिय भागीदारी सेहो आवश्यक अछि।

### चीनक पांचटा पहल

चीनक राष्ट्रपति शी जिनपिंग ब्रिक्स सहयोग कें आरो गहींर करबाक लेल पांचटा पहल प्रस्तुत कएलनि। एहि पहल मे कृत्रिम बुद्धिमत्ता, व्यापार आ निवेश, डिजिटल उद्योग, बुद्धिमान विनिर्माण तथा विज्ञान-तकनीक क्षेत्र मे प्रतिभा विकास शामिल अछि। कृत्रिम बुद्धिमत्ताक क्षेत्र मे चीन ब्रिक्स एआइ मुक्त-स्रोत समुदाय गठित करब, पैघ भाषा मॉडल विकसित आ लागू करबा मे सहयोग, विशेष एआइ संगोष्ठी आ प्रशिक्षण कार्यक्रम आयोजित करबाक प्रस्ताव देलक। शी कहलनि जे चीन एआइक लेल मुक्त आ समावेशी पारिस्थितिकी तंत्र तैयार करबा मे अग्रणी भूमिका निभाओत।

### शिखर सम्मेलनक तस्वीर साझा कएलनि

प्रधानमंत्री मोदी सोशल मीडिया एक्स पर ब्रिक्स शिखर सम्मेलन सं जुड़ल कतेको तस्वीर सेहो साझा कएलनि। ओ भारत मंडपम मे भेल बैठकक तस्वीरक संग चीनी राष्ट्रपति शी जिनपिंग, रूसी राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिन आ ईरानी राष्ट्रपति मसूद पेजेश्कियानक संग अपन तस्वीर साझा कएलनि। फैमिली फोटो कार्यक्रमक तस्वीर साझा करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे नई दिल्ली मे ब्रिक्स सदस्य आ सहयोगी देशक नेता, आमंत्रित प्रतिनिधि तथा अंतरराष्ट्रीय संगठनक प्रमुखक एकत्र होयब ब्रिक्स परिवारक बढ़ैत शक्ति आ वैश्विक प्रभावक सशक्त उदाहरण अछि। ओ कहलनि जे साझा सहयोगक सोच सं जुड़ल ब्रिक्सक देश साझेदारी आ प्रगतिक भावना कें आगू बढ़ा रहल अछि।

**कोसीक कटाव**

## कोसी मे बहि गेल राधा-कृष्ण मंदिर



सुपौल जिलाक किशनपुर प्रखंडक मौजहा पंचायतक वार्ड-3 स्थित सुजानपुर मे कोसी नदीक कटाव सं परेशानी बढ़ल जा रहल अछि। लोकक घर-द्वारि कोसीक धार मे विलीन भेल जा रहल अछि। अखन धरि एहि गामक 24 घर नदी मे विलीन भए चुकल अछि। रवि कें कोसी कटावक कारण गामक राधा-कृष्ण मंदिर सेहो बहि गेल।

**एक नजरि**

### अररिया मे माटिक ढेर मे दबला सं दू बच्चाक मृत्यु

**अररिया :** नरपतगंज नगर पंचायतक धरहरा गामक वार्ड संख्या 1 मे रविदिन दुपहर चारि बच्चा माटिक ढेर पर खेलैत काल माटि धंसबाक कारण ओकर नीचा दबि गेल। स्थानीय लोक सभ तत्परता सं चारू बच्चा कें बाहर निकालि अस्पताल पहुंचौलनि, जतय चिकित्सक दू बच्चा कें मृत घोषित कए देलनि। मृतक मे संजीव पासवानक 8 वर्षीय पुत्र साजन कुमार आ रवि पासवानक 6 वर्षीय पुत्र आयांश कुमार शामिल अछि। दोसर दिस, अंकुश कुमार (5) आ आर्यन कुमार (6) कें सकुशल बचा लेल गेल। घटनाक बाद आक्रोशित लोक सभ शव कें नरपतगंज-फारबिसगंज फोरलेन पर राखि सड़क जाम कए देलनि। लोकक आरोप छल जे मुख्य नहरक सफाई सं निकलल माटिक अवैध कटाइ आ ढुलाई कए बिक्री कएल जा रहल छल। विधायक देवयंती देवीक पहल पर करीब दू घंटाक बाद जाम हटाओल गेल। विधायक दोषी पर कारबाइ आ मृतकक परिजन कें सरकारी प्रावधानक अनुसार मुआवजा देबाक आश्वासन देलनि।


# '50 लाख तैयार राखू... नहि तं सभ गोली शरीर मे उतारि देब...'

## मुजफ्फरपुरक निजी स्कूल पर 18 राउंड फायरिंग, रंगदारीक मांग

**मुजफ्फरपुर, समदिया**

मुजफ्फरपुर जिलाक कांटी थाना लग एकटा निजी स्कूल पर अज्ञात अपराधी सभ शनिदिन आ रविदिनक मध्यरात्रि अंधाधुंध गोली चला कए डर केर माहौल बना देने अछि। कांटी थर्मलक सामने स्थित चंद्रशील विद्यापीठ स्कूलक दीवार पर करीब 17 सं 18 राउंड गोली चलाओल गेल। एहि दौरान अपराधी सभ स्कूल संचालक सं 50 लाख रुपैयाक रंगदारी मांगैत एकटा पर्चा सेहो साटि देलक। पूरा घटना स्कूल परिसर मे लागल सीसीटीवी कैमरा मे कैद भेल अछि।

जानकारीक अनुसार, रविदिन भोर करीब 4 बजे मोटरसाइकिल पर सवार हेलमेट पहिरने दू युवक स्कूलक मुख्य द्वार लग पहुंचल। पहिने ओ सभ रंगदारी मांगैत पर्चा सटलक आ तकर बाद पिस्टल सं स्कूलक दीवार पर लगातार गोली चलबैत फरार भए गेल। सीसीटीवी फुटेज मे दुनू युवक कें गोली चलबैत स्पष्ट देखल गेल अछि। घटनाक जानकारी भोर मे भेटिते स्कूल परिसर आ आसपासक इलाका मे लोकक भीड़ जुटि गेल।



स्कूल प्रबंधन द्वारा घटनाक सूचना कांटी पुलिसक संग-संग वरीय पुलिस अधिकारी सभ कें देल गेल। घटनास्थल सं पुलिस चारि खोखा आ एकटा जिंदा कारतूस बरामद केलक अछि। पर्चा मे अपराधी सभ धमकी दैत लिखने अछि जे परिचयक लेल ई संदेश पठाओल जा रहल अछि। 50 लाख रुपैया तैयार राखय लेल कहल गेल अछि आ होशियारी देखेबाक प्रयास केलापर शरीर मे सभ गोली उतारि देबाक धमकी देल गेल अछि। पर्चा भेटलाक बाद पूरा इलाका मे सनसनी पसरि गेल अछि। स्कूल संचालक पुलिस कें जमीनक करीब 13 वर्ष पुरान विवादक जानकारी सेहो देलनि। हालांकि, वर्तमान समय मे एहन कोनो विवाद नहि अछि, जाहि सं एहि तरहक आपराधिक घटना घटित होय।

ग्रामीण एसपी राजेश सिंह प्रभाकरक निर्देश पर एसडीपीओ पश्चिमी-1 सुचित्री कुमारीक नेतृत्व मे विशेष जांच दल गठित कए जांच शुरू कए देल गेल अछि। पुलिस इलाका मे एकटा हिस्ट्रीशीटर कें हिरासत मे लए पूछताछ सेहो केलक अछि।

घटनास्थल पर पहुंचली एसडीपीओ पश्चिमी-1 सुचित्री कुमारी कहलनि जे एफएसएल टीम कें बजा कए घटनास्थल सं आवश्यक साक्ष्य संकलित कराओल गेल अछि। प्रारंभिक जांच मे 17 सं 18 राउंड गोली चलबाक बात सामने आयल अछि। पुलिस सीसीटीवी फुटेजक आधार पर अपराधी सभक पहिचान आ गिरफ्तारी लेल छानबीन कए रहल अछि। अधिकारी कहलनि जे शीघ्रहि घटनाक उद्भेदन कए लेल जाएत। कांटी थाना सं किछुए दूरी पर भेल एहि गोलीबारीक घटना सं स्थानीय लोक मे भय आ डरक वातावरण बनल अछि।

# बाढ़ि कें राष्ट्रीय आपदा घोषित करय केंद्र : तेजस्वी

- **केलनि प्रेस कान्फ्रेंस कहलनि, डबल इंजन सरकारक दुनू इंजन फेल भए गेल अछि**

**पटना, समदिया**

नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव राज्य मे आयल भयावह बाढ़ि कें राष्ट्रीय आपदा घोषित करबाक मांग केलनि अछि। एहि संबंध मे ओ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कें पत्र लिखि बिहार लेल विशेष पैकेज देबाक आग्रह केलनि। पटना मे पत्रकार सम्मेलनक दौरान तेजस्वी कहलनि जे बाढ़ि सं बिहारक स्थिति अत्यंत विकट अछि, मुदा डबल इंजनक सरकार राहति पहुंचेबा मे विफल रहल अछि।



तेजस्वी कहलनि जे 2007 मे जखन बिहार मे पैघ बाढ़ि आयल छल, तखन केंद्र मे यूपीएक सरकार छल। तत्कालीन प्रधानमंत्री मनमोहन सिंह आ कांग्रेस अध्यक्ष सोनिया गांधी बिहार आयल छलथि आ बाढ़ि राहति लेल आर्थिक सहायता देल गेल छल। हुनकर अनुसार, लालू प्रसाद यादव दुनू नेता कें बिहार अनने छलाह।

तेजस्वी आरोप लगौलनि जे बिहार मे डबल इंजनक सरकारक दुनू इंजन विफल भए गेल अछि। राज्य सरकारक खजाना खाली भए गेल अछि आ आपातकालीन कोष सं राशि निकालि काज चलाओल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे एतेक पैघ आपदाक बादो केंद्र सं बिहार कें अपेक्षित सहायता नहि भेटि रहल अछि। तेजस्वी मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, केंद्रीय मंत्री आ सांसद सभ पर सेहो निशाना साधलनि। हुनकर आरोप छल जे बिहारक 30 सं बेसी सांसद आ 7 केंद्रीय मंत्री रहितो राज्य लेल विशेष सहायता अनबाक दिशा मे कोनो प्रभावी प्रयास नहि भेल अछि।






# हमर बेटी कें लए कए भागि गेल छथि खगड़िया एसपी : पूजा

## पति सं भेंट करबाक लेल बिहार सं राजस्थान पहुंचली खगड़िया एसपीक पत्नी मुदा घर मे नहि भेटल प्रवेश

- **थाना पहुंचि सासुर पक्षक केलनि शिकायत, पुलिस कहलक ई पारिवारिक मामिला अछि**

**पटना, समदिया**

खगड़िया मे पुलिस अधीक्षक पद पर कार्यरत आइपीएस अधिकारी भानुप्रताप सिंह आ हुनकर पत्नी पूजा बीच चलि रहल पारिवारिक विवाद आब राजस्थानक भरतपुर स्थित मथुरा गेट थाना धरि पहुंचि गेल अछि। पूजा थाना मे पहुंचि पति आ सासुर पक्षक विरुद्ध शिकायत केलनि। हुनकर आरोप अछि जे पति हुनकर 6 वर्षक बेटी कें हुनका सं दूर राखय चाहैत छथि।



पूजाक अनुसार, ओ पति सं भेंट करबाक लेल बिहार सं भरतपुर पहुंचलीह, मुदा सासुरक लोक हुनका घर मे प्रवेश नहि करय देलनि। ओ पुलिस सं अपन बेटी सं भेंट करेबा मे सहायता मंगलनि। पुलिस मामिला कें पारिवारिक विवाद बतबैत तत्काल कोनो कारबाइ करबाक सं मना कए देलक। एहि कारणें पूजा देर रात धरि थाना मे बैसल रहली।

पूजा कहलनि जे हम हुनकर संघर्षक समय मे हुनकर संग छलहुं, तं आब हुनका सेहो हमर संघर्षक समय मे हमर संग रहबाक चाही। हमरा एहन जीवन नहि चाही। हम सामान्य जीवन जीबय चाहैत छी, जाहि मे हम, हमर बच्ची आ हमर पति तीनू संग रहय। हमर बच्ची हमरा लेल कनैत अछि, मुदा भानु हुनका सं हमर बात धरि नहि करबैत छथि। हमरा अपन बेटी सं भेंट केना आ ओकरा देखना 16 दिन भए गेल अछि।

### बिहारक प्राध्यापक सभ कें ऑक्सफोर्ड मे भेटत प्रशिक्षण : सीएम

**पटना :** मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी रविदिन कहलनि जे बिहारक 100 सहायक प्राध्यापक कें ऑक्सफोर्ड सहित विश्वक प्रसिद्ध विश्वविद्यालय सभ मे एक मासक प्रशिक्षण लेल पठाओल जाएत। एहि प्रशिक्षणक समस्त खर्च राज्य सरकार वहन करत। बापू सभागार मे 211 नव स्थापित डिग्री कॉलेज मे नवनियुक्त शिक्षक सभक उन्मुखीकरण कार्यक्रम कें संबोधित करैत मुख्यमंत्री कहलनि जे कॉलेजक महत्व तखने अछि जखन छात्र नियमित रूप सं पढ़बाक लेल आबथि। छात्रक न्यूनतम 75 प्रतिशत उपस्थिति सुनिश्चित करबाक निर्देश सेहो देलनि। ओ लाइव कक्षाक व्यवस्था शुरू करबाक आ डिग्री कॉलेज सभ कें खुला विश्वविद्यालयक मान्यता देबाक बात कहलनि।

# न्यायमूर्ति वी. कामेश्वर राव बनलाह पटना हाईकोर्टक 49म मुख्य न्यायाधीश, राज्यपाल दियौलनि शपथ

**पटना, समदिया**


पटना हाईकोर्टक नवनियुक्त मुख्य न्यायाधीश वी. कामेश्वर राव रवि दिन पद आ गोपनीयताक शपथ लेलनि। बिहारक लोक भवन मे आयोजित समारोह मे राज्यपाल हुनका शपथ दियौलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक संग राज्य सरकारक कतेको वरिष्ठ अधिकारी आ गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

शपथ ग्रहणक संगहि न्यायमूर्ति वी. कामेश्वर राव पटना हाईकोर्टक 49म मुख्य न्यायाधीशक रूप मे जिम्मेदारी संभालि लेलनि।

सुप्रीम कोर्ट कॉलेजियम 6 अगस्त 2026 कें भेल बैठक मे न्यायमूर्ति वी. कामेश्वर राव कें पटना हाईकोर्टक मुख्य न्यायाधीश नियुक्त करबाक सिफारिश केने छल। एकर बाद केंद्र सरकार दिस सं हुनकर नियुक्तिक अधिसूचना जारी कएल गेल।

एकरा पहिने पटना हाईकोर्टक मुख्य न्यायाधीश मीनाक्षी मदन राय 11 जुलाई 2026 कें सेवानिवृत्त भेलाक बाद वरिष्ठ न्यायाधीश सुधीर सिंह कार्यकारी मुख्य न्यायाधीशक रूप मे जिम्मेदारी संभालि रहल छलाह।





न्यायमूर्ति वी. कामेश्वर रावक जन्म 7 अगस्त 1965 कें भेल छल। ओ 1987 मे दिल्ली विश्वविद्यालय सं भूगोल मे स्नातक आ 1990 मे विधिक पढ़ाइ पूरा कएलनि। मार्च 1991 मे दिल्ली बार काउंसिल मे अधिवक्ताक रूप मे पंजीकरण करौलनि।

ओ सुप्रीम कोर्ट, दिल्ली हाईकोर्ट आ केंद्रीय प्रशासनिक अधिकरण सहित विभिन्न न्यायिक मंच पर करीब दू दशक धरि वकालत कएलनि। सेवा, श्रम, संवैधानिक, प्रशासनिक आ मध्यस्थता सं जुड़ल मामिला मे हुनका विशेष अनुभव रहल अछि। वर्ष 2010 मे हुनका वरिष्ठ अधिवक्ता बनाओल गेल।

17 अप्रैल 2013 कें हुनका दिल्ली हाईकोर्टक अतिरिक्त न्यायाधीश नियुक्त कएल गेल। 18 मार्च 2015 कें ओ स्थायी न्यायाधीश बनलाह। जून 2024 मे हुनकर बदली कर्नाटक हाईकोर्ट भेल, जतए मई 2025 मे ओ कार्यकारी मुख्य न्यायाधीशक रूप मे सेहो काज कएलनि।

जुलाई 2025 मे ओ फेर दिल्ली हाईकोर्ट लौटि अएलाह। आब हुनका पटना हाईकोर्टक मुख्य न्यायाधीशक जिम्मेदारी देल गेल अछि।

# पटनाक बेटी डॉ. ईशा मेधा बढ़ौलनि बिहारक मान

**पटना, समदिया**

पटनाक बेटी डॉ. ईशा मेधा अपन प्रतिभा, मेहनत आ वैज्ञानिक सोचक बल पर अंतरराष्ट्रीय मंच पर बिहारक नाम रोशन कए रहल छथि। ब्रिक्स डब्ल्यूबीए महिला नेतृत्व बला स्टार्टअप प्रतियोगिता 2026 मे डॉ. ईशा मेधा कें द्वितीय उपविजेताक प्रतिष्ठित सम्मान सं नवाजल गेल। नई दिल्ली मे 9 सितंबर कें आयोजित समारोह मे हुनका ई पुरस्कार प्रदान कएल गेल।

पटनाक सेंट माइकल्स हाई स्कूल सं अपन शैक्षणिक यात्रा शुरू कएनिहार डॉ. ईशा आईआईटी खड़गपुर सं पीएचडी कएलनि आ आब कैलोट्रोप्स प्राइवेट लिमिटेडक मुख्य कार्यकारी अधिकारी (सीईओ) एवं सह-संस्थापकक रूप मे देशक डीप-टेक स्टार्टअप क्षेत्र मे अपन पहिचान बना रहल छथि।

हुनकर स्टार्टअप कृषि आ अन्य अपशिष्ट कें उच्च-मूल्य बला उन्नत कार्बन पदार्थ मे बदलबाक दिशा मे काज कए रहल अछि। एकर प्रमुख नवाचार बायोग्राफीन ऊर्जा भंडारण, सेंसर, जल शोधन

## ब्रिक्स मे भेटल पैघ सम्मान




आ पर्यावरण संरक्षण जकां क्षेत्र मे नव संभावना पैदा कए रहल अछि। एहि तकनीकक विकास मे कैलोट्रोप्सक संस्थापक एवं आईआईटी खड़गपुरक वैज्ञानिक डॉ. सुभाष चंद्रक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। डॉ. ईशा ई सम्मान अपन माता-पिता श्री अशोक कुमार साह आ श्रीमती कामिनी गुप्ता तथा अपन दिवंगत नानी कें समर्पित कएलनि। हुनकर अनुसार, परिवारक त्याग, विश्वास आ संस्कार हुनकर सपना कें उड़ान देलक।

पटना सं शुरू भेल यात्रा आईआईटी खड़गपुर धरि पहुंचल आ आब ब्रिक्स जकां अंतरराष्ट्रीय मंच पर सम्मानित भेल। डॉ. ईशा मेधाक ई उपलब्धि मात्र पटना आ बिहार लेल गर्वक विषय नहि अछि, बल्कि ओहि सभ बेटी लेल प्रेरणा अछि, जे पैघ सपना देखबाक आ ओकरा साकार करबाक साहस रखैत छथि।

# चेतना समितिक निःशुल्क चिकित्सा शिविर मे 100 सं बेसी रोगीक भेल उपचार



**पटना, समदिया**

चेतना समितिक दिस सं रवि दिन भोर 10 बजे सं विद्यापति भवन मे निःशुल्क चिकित्सा शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविर मे 100 सं बेसी लोक कें निःशुल्क चिकित्सकीय सहायता प्रदान कएल गेल।

शिविर मे स्त्री रोग विशेषज्ञ डॉ. नीलम झा आ डॉ. स्वप्ना झा, हड्डी रोग विशेषज्ञ डॉ. सुनील कुमार मल्लिक, डॉ. हेमंत कुमार झा, डॉ. समरेंद्र झा, जेनरल मेडिसिन विभागक डॉ. सिद्दीकी रजा, दृष्टि कुंज नेत्रालयक डॉ. विजय कुमार आ पैथोलॉजिकल सेवा दिस सं अमरनाथ मिश्र तथा नवीन कुमार अपन सेवा देलनि।

शिविर मे 100 सं बेसी रोगीक उपचार कएल गेल। एहि दौरान रक्तचाप नापबाक आ ब्लड शुगरक जांचक सुविधा सेहो उपलब्ध छल।

शिविरक आयोजन लेल संयोजक श्री किशोर कुमार चौधरी व्यापक स्तर पर जागरूकता अभियान चलौलनि।

कार्यक्रम मे चेतना समितिक अध्यक्ष विवेकानंद झा, उपाध्यक्ष उमेश मिश्र, सचिव जयदेव मिश्र, संयुक्त सचिव मनोज कुमार झा, सतीश चंद्र झा, शिशिर चंद्र मिश्र, विवेकानंद ठाकुर, प्रो. केशकर ठाकुर, जितेंद्र मिश्र, प्रीति झा, प्रशांत कुमार मिश्र, जय नारायण ठाकुर, राघव नाथ झा, वीरबल झा आ राकेश रोशन झा सहित समितिक अन्य सदस्य उपस्थित छलाह।

## मधुबनी, शिवहर, सीतामढ़ी आ सुपौल सहित 6 जिला मे बरखाक अलर्ट

**पटना ।** मौसिम विज्ञान केंद्र, पटना दिस सं 13 सितंबर 2026 कें जारी बुलेटिनक अनुसार, पछिला 24 घंटा मे बिहार मे मॉनसूनक गतिविधि धीमा रहल। किशनगंजक टेढ़ागाछ मे सब सं बेसी 67.4 मिलीमीटर भारी बरखा दर्ज कएल गेल। कैमूर जिलाक भभुआ 35.9 डिग्री सेल्सियसक संग राज्यक सब सं गरम स्थान रहल, जखनकि अररियाक फारबिसगंज मे सब सं कम न्यूनतम तापमान 24.4 डिग्री सेल्सियस दर्ज कएल गेल।

मौसिम विभागक अनुसार 14 सितंबर कें उत्तर-पश्चिम, दक्षिण-पश्चिम, उत्तर-मध्य, उत्तर-पूर्व आ दक्षिण-पूर्व बिहारक जिला सभ मे, विशेष रूप सं अररिया, किशनगंज, मधुबनी, शिवहर, सीतामढ़ी आ सुपौल मे 30-40 किलोमीटर प्रति घंटाक रफ्तार सं तेज हवा चलेबाक, मेघ गर्जन आ वज्रपातक अलर्ट जारी कएल गेल अछि। अगिला 3 दिन धरि अधिकतम तापमान आ अगिला 5 दिन धरि न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयबाक संभावना अछि।

# पटना जंक्शन सं हटत स्क्रीन, इनकम टैक्स सं शिफ्ट होयत स्मार्ट कैमरा

## जू लग पेलिकन सिग्नल बंद

**पटना, समदिया**

राजधानी पटना मे मेट्रो निर्माण कार्यक कारण पटना स्मार्ट सिटीक कतेको एसेट्स कें तीन प्रमुख स्थान सं हटा कए दोसर स्थान पर शिफ्ट करबाक तैयारी कएल गेल अछि। एहि लेल पटना मेट्रो स्मार्ट सिटी प्रशासन सं पटना जंक्शन, पटना जू आ इनकम टैक्स गोलंबर पर जरूरी अनुमति लए चुकल अछि। स्मार्ट सिटीक एहि एसेट्स कें हटेबाक आ दोसर स्थान पर शिफ्ट करबाक पूरा जिम्मेदारी मेट्रोक निर्माण एजेंसी कें देल गेल अछि। निर्माण कार्यक दौरान स्मार्ट सिटीक सुविधा प्रभावित नहि हो, एहि लेल ई प्रक्रिया कएल जा रहल अछि।

पटना जंक्शन तिराहा लग लागल वीएमडी स्क्रीन सेहो मेट्रो निर्माण कार्यक कारण हटाओल जाएत। एकर अतिरिक्त ओतए स्मार्ट सिटीक इंटीग्रेटेड कमांड एंड कंट्रोल सेंटर अर्थात आईसीसीसी सं जुड़ल सर्विलांस कैमरा कें पहिनेहि शिफ्ट कएल जा चुकल अछि। इनकम टैक्स गोलंबर पर यातायात निगरानी लेल लागल स्मार्ट कैमरा कें सेहो मेट्रो निर्माणक कारण दोसर स्थान पर शिफ्ट कएल जाएत। एहि कैमराक उपयोग यातायात व्यवस्थाक निगरानी लेल कएल जाइत अछि।




बेली रोड स्थित पटना जूक गेट नंबर-1 लग पैदल यात्री लेल लागल पेलिकन सिग्नल बटन सिस्टम कें सेहो फिलहाल बंद कए देल गेल अछि। ई सिस्टम पैदल यात्री कें यातायात रोकि सुरक्षित तरहे सड़क पार करबा मे सहायता करैत छल।

पटना स्मार्ट सिटीक सीईओ मो. शमशाद पेलिकन सिग्नल सिस्टम बंद होयबाक आ स्मार्ट सिटीक एसेट्स सं जुड़ल बदलावक जानकारी देलनि। मेट्रो निर्माणक दौरान संबंधित स्थान पर स्मार्ट सिटीक सुविधा कें शिफ्ट करबाक प्रक्रिया आगू बढ़ाओल जा रहल अछि।

एहि बीच मंदिरी नाला पर बनल मैनहोलक टूटल ढक्कन कें ठीक करबाक प्रक्रिया सेहो शुरू कए देल गेल अछि। एकर मरम्मत आ पूरा व्यवस्थाक जिम्मेदारी संबंधित निर्माण एजेंसी कें देल गेल अछि।

पटना मे मेट्रो निर्माणक काज आगू बढ़बाक संग निर्माण क्षेत्र मे आबि रहल स्मार्ट सिटीक सुविधा कें व्यवस्थित करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। पटना जंक्शन, पटना जू आ इनकम टैक्स गोलंबर पर कैमरा, स्क्रीन आ ट्रैफिक सिग्नल सिस्टम सं जुड़ल ई बदलाव एहि प्रक्रियाक हिस्सा अछि।

# पटना जंक्शन पर मोबाइल चोर गिरोह गिरफ्तार

## यूपीक चंदौलीक चोर सहित 7 धरायल

**पटना, समदिया**

पटना जंक्शन पर यात्री सभक मोबाइल चोरी कएनिहार गिरोहक विरुद्ध रेल पुलिस कारबाइ कए उत्तर प्रदेशक चंदौली निवासी एक आरोपित सहित 7 लोक कें गिरफ्तार कएलक अछि। सभक गिरफ्तारी 12 सितंबर कें प्लेटफॉर्म संख्या 4/5क पश्चिमी छोर स्थित आरओबीक नीचा सं कएल गेल।

रेल पुलिसक अनुसार गिरफ्तार सातू आरोपितक लग सं चोरीक 7 स्क्रीन टच मोबाइल बरामद भेल अछि। पुलिस बरामद मोबाइल कें जब्त कए मामिलाक जांच शुरू कए देलक अछि। पटना जंक्शन पर यात्री सभक मोबाइल चोरी होयबाक लगातार शिकायत पुलिस कें भेटि रहल छल। एकर बाद रेल पुलिस संदिग्ध गतिविधि पर निगरानी बढ़ा देने छल। एहि दौरान आरओबीक नीचा 7 संदिग्धक मौजूदगीक सूचना भेटल, जाहिक बाद पुलिस हुनका सभ कें पकड़ि लेलनि। पुलिसक अनुसार सातू आरोपित संदिग्ध अवस्था मे आरओबीक नीचा मौजूद छल। पुलिस टीम हुनका सभ कें हिरासत मे लए कए तलाशी लेलक। तलाशीक दौरान हुनका सभक लग सं 7 मोबाइल फोन बरामद भेल। पुलिसक अनुसार बरामद मोबाइल चोरीक अछि।

गिरफ्तार आरोपित मे उत्तर प्रदेशक चंदौली जिलाक 29 वर्षीय दिनेश बार शामिल अछि। एकर अतिरिक्त पटनाक दीघा निवासी 25 वर्षीय रमेश कुमार आ 32 वर्षीय सनी कुमार, फतुहा निवासी 30 वर्षीय संजय कुमार, मनेर निवासी 22 वर्षीय विक्की कुमार, गया जिलाक गुरारू थाना क्षेत्र निवासी 23 वर्षीय मो. साबिर हुसैन आ छपरा जिलाक मसरख थाना क्षेत्र निवासी 35 वर्षीय रवि सिंह कें गिरफ्तार कएल गेल अछि। मामिला कें लए रेल थाना पटना जंक्शन मे कांड संख्या 515/26 दर्ज कएल गेल अछि। गिरफ्तार आरोपित सभक विरुद्ध बीएनएसक धारा 303(2), 317(2), 317(4), 317(5) आ 112(2) अंतर्गत कारबाइ कएल गेल अछि।

मामिलाक जांच सअनि श्यामलाल यादव कए रहल छथि। पुलिस बरामद मोबाइल फोनक संबंध मे जानकारी जुटेबाक संग आरोपित सभ सं पूछताछ कए रहल अछि। जांचक दौरान मोबाइल चोरीक दोसर घटना सभ सं हुनकर संबंधक सेहो पड़ताल कएल जा रहल अछि।

## मोकामा रेल पुलक एनआई काज सं बदलत ट्रेनक रूट

**पटना ।** नव मोकामा रेल पुल सं ट्रेनक नियमित परिचालन शुरू कराबयक दिशा मे रेलवे तैयारी तेज कए देलक अछि। एहि लेल 21 सितंबर सं नॉन इंटरलॉकिंग अर्थात एनआई काज शुरू होयत। एहि काजक कारण 20 सं 29 सितंबर धरि कतेको ट्रेन कें बदलल गेल मार्ग सं चलयबाक योजना बनाओल गेल अछि।

रेलवे एनआई काज कें लए तिथिवार ट्रेन परिचालनक सूची जारी केने अछि। खास बात ई अछि जे ट्रेनक मार्ग परिवर्तन 20 सितंबर सं शुरू भए जाएत। 21 सं 29 सितंबरक बीच अलग-अलग दिन कतेको लंबी दूरीक आ यात्री ट्रेन निर्धारित रूटक बदला वैकल्पिक मार्ग सं चलाओल जाएत।

# पटना मे एआई सं बदलत यातायात व्यवस्था, जामक 40 मिनट पहिने भेटत अलर्ट

**पटना, समदिया**


राजधानी पटना मे यातायात व्यवस्था कें तकनीक आधारित बनेबाक तैयारी शुरू भए गेल अछि। प्रस्तावित व्यवस्था मे कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआई)क सहायता सं जामक 30 सं 40 मिनट पहिने अनुमान लगएबाक योजना अछि। एहि आधार पर ट्रैफिक सिग्नल आ डायवर्जन कें स्वतः बदलल जा सकत। एकर प्रमुख उद्देश्य आपात स्थिति मे एंबुलेंस कें शीघ्र रास्ता उपलब्ध करायब अछि, जाहि सं ओकरा करीब 10 मिनट मे अस्पताल पहुंचाबयक व्यवस्था विकसित कएल जा सकए।

पटना मे बढ़ैत यातायात समस्याक स्थायी समाधान कें लए शनिदिन पथ निर्माण विभागक सभागार मे कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक विषय यातायात प्रबंधन आ समाधान पर केंद्रित छल। एहि मे राजधानी सहित राज्यक प्रमुख शहरी क्षेत्र मे यातायात दबाव कम करबाक लेल तकनीक आधारित व्यवस्था विकसित करबाक विषय पर विस्तार सं चर्चा भेल।

कार्यक्रम मे एआई संचालित कमांड मॉडल लागू करबाक प्रस्ताव राखल गेल। एहि अंतर्गत उपलब्ध आंकड़ाक विश्लेषण कए संभावित जामक 30 सं 40 मिनट पहिने अनुमान लगएबाक व्यवस्था विकसित करबाक विषय पर चर्चा भेल। अनुमानक आधार पर संबंधित क्षेत्रक ट्रैफिक सिग्नल आ डायवर्जन कें स्वचालित रूप सं समायोजित कएल जा सकत।

नव यातायात व्यवस्थाक एकटा महत्वपूर्ण उद्देश्य आपातकालीन वाहनक आवागमन कें नीक बनायब अछि। प्रस्तावित व्यवस्था द्वारा एंबुलेंस लेल यातायात कें शीघ्र नियंत्रित कए रास्ता उपलब्ध करयबाक व्यवस्था विकसित करबाक पर जोर देल गेल। कार्यक्रम मे एहन व्यवस्थाक लक्ष्य राखल गेल, जाहि सं एंबुलेंस करीब 10 मिनट मे अस्पताल धरि पहुंचि सकए।

## एंबुलेंस करीब 10 मिनट मे पहुंचत अस्पताल




पटना मे मौजूद एकीकृत कमांड एवं कंट्रोल सेंटरक आधारभूत संरचनाक अधिकतम उपयोग करबाक प्रस्ताव राखल गेल। एकर ऊपर एकटा इंटेलिजेंस लेयर विकसित करबाक बात कहल गेल। एहि सं अलग-अलग स्रोत सं भेटनिहार यातायात आंकड़ाक विश्लेषण कए यातायात व्यवस्था कें बेसी प्रभावी ढंग सं संचालित करबा मे सहायता भेटि सकैत अछि।

कार्यक्रम मे आंकड़ाक आधार पर पटना शहरक भौगोलिक संरचना, बढ़ैत आबादी आ लगातार बढ़ैत वाहनक दबाव पर चर्चा भेल। एकरा संगहि अतिक्रमण, यातायात नियमक पालन आ वर्तमान यातायात प्रबंधनक चुनौती कें सेहो समाधानक हिस्सा बनेबाक पर जोर देल गेल।

पटनाक ट्रैफिक प्रबंधन आ समाधान कें लए प्रो. पीके सिकदर आ वेंकटा चुंदुरू आर्केडिस दिस सं तैयार तकनीकी ड्राफ्टक प्रस्तुति देलनि। एहि मे वर्तमान ट्रैफिक सिस्टम कें तकनीकक माध्यम सं मजबूत करबाक आ आंकड़ा आधारित निर्णय लेबाक व्यवस्था विकसित करबाक प्रस्ताव शामिल छल।

कार्यक्रमक अध्यक्षता पथ निर्माण विभागक सचिव पंकज कुमार पाल कएलनि। मुख्य वक्ता मे सीआरआरआईक पूर्व निदेशक आ आईआईटी बॉबेक पूर्व प्रोफेसर पीके सिकदर तथा आर्केडिस आईबीआई ग्रुपक इंडिया ऑपरेशंसक कंट्री हेड वेंकटा चुंदुरू शामिल छलाह। कार्यक्रम मे बीएसआरडीसीएलक प्रबंध निदेशक, पटना नगर आयुक्त, यातायात पुलिस अधीक्षक, बिहार राज्य पुल निर्माण निगम लिमिटेडक प्रबंध निदेशक, जिला प्रशासन आ यातायात पुलिसक अधिकारी मौजूद छलाह। चर्चा मात्र पटना धरि सीमित नहि रहल। राज्यक प्रमुख शहरी क्षेत्र मे यातायात दबाव कम करबाक लेल ठोस कार्ययोजना तैयार करबाक पर सेहो विचार भेल। तकनीक आधारित मॉडल कें आवश्यकता आ स्थानीय परिस्थिति अनुसार दोसर शहर मे सेहो उपयोगी बनेबाक संभावना पर चर्चा कएल गेल।

# अनुमंडल अस्पताल मे प्रसवक दौरान नवजातक मृत्यु, परिजन कएलनि घंटो हंगामा

## शनिक रातिक घटना मे लापरवाहीक आरोप, सूचना पर पहुंचल थाना पुलिस

**झंझारपुर, समदिया**

अनुमंडल अस्पताल मे शनिक राति प्रसवक दौरान गर्भ सं बाहर निकलिते नवजात शिशुक मृत्यु भए गेल। घटना सं आक्रोशित परिजन अस्पताल परिसर मे घंटो हंगामा कएलनि। हंगामाक सूचना भेटिते झंझारपुर थाना पुलिस अस्पताल पहुंचि गेल आ परिजन कें बुझा बुझाकए मामिला शांत कराओल। जानकारीक अनुसार, शनिक राति करीब 11 बजे भैरवस्थान थाना क्षेत्रक झौआ गाम निवासी रामकुमार पासवानक पत्नी नंदनी कुमारी कें प्रसव लेल अनुमंडल अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल छल। प्रसवक दौरान नवजातक मृत्यु भए गेल। एकर बाद परिजन चिकित्सक आ स्वास्थ्यकर्मी पर लापरवाहीक आरोप लगबैत हंगामा शुरू कए देलनि। अस्पताल परिसर मे कतेको देर धरि अफरा-तफरीक स्थिति रहल। घटनाक जानकारी भेटिते अनुमंडल अस्पतालक उपाधीक्षक डॉ. रमण पासवान सेहो घटनास्थल पर पहुंचि परिजन सं बातचीत कएलनि आ हुनका सभ कें शांत करबाक प्रयास कएलनि। डीएस कहलनि जे जं इलाजक दौरान कोनो प्रकारक लापरवाही भेल अछि तं परिजन लिखित आवेदन दिअ। आवेदन भेटलाक बाद मामिलाक जांच कराओल जाएत आ दोषी पाओल गेल व्यक्ति पर नियमानुसार कारबाइ कएल जाएत। एहि बीच घटनाक सूचना पर झंझारपुर थाना पुलिस सेहो अस्पताल पहुंचली। पुलिसक हस्तक्षेप आ डीएसक समझेबुझेलाक बाद देर राति मामिला शांत भेल। परिजन अस्पताल प्रबंधन पर लापरवाहीक आरोप लगबैत मामिलाक निष्पक्ष जांच आ न्याय करबाक मांग केने छथि। समाचार लिखल जाए धरि एहि संबंध मे परिजनक दिस सं कोनो लिखित आवेदन अस्पताल अथवा थाना मे नहि देल गेल छल।



# मासिक नाट्य श्रृंखला मे डैडीगामक भेल शानदार प्रस्तुति

**पटना, समदिया**

मिथिलाक गामसभक बचल खुचल आबादी, विशेष कए युवा पीढ़ी अपन बेहतरीक सपना देखय लागल अछि। देसदुनियाक संग कदम सं कदम मिला कए आगू बढ़बाक लेल बेचैन एहि पीढ़ी मे आपदा मे सेहो अवसर खोजबाक प्रवृत्ति विकसित भए रहल अछि। रविदिन विद्यापति भवन मे कथाकार अशोकक मैथिली कहानी डैडीगामक किशोर केशवक निर्देशन मे शानदार मंचन भेल। प्रसिद्ध मैथिली नाट्य संस्था भंगिमा, पटनाक एहि प्रस्तुति कें शहरी दर्शक सभ खूब सराहलनि। कहानी डैडीगाम आजादीक बादक मिथिलाक सामाजिक, आर्थिक आ मानसिक स्थिति, धार्मिक मनोदशा, पलायन आ विस्थापनक पीड़ाक जीवंत दस्तावेज अछि। कहानीक रोचकता आ मार्मिकताक प्रमुख आधार पलायन कए गेल लोकक जीवनक आखरी पड़ाव मे अपन माटि, भूमि आ गाम कें याद करबाक आ जड़ि दिस लौटबाक सपना अछि। एहि सपनाक पूर्ति लेल हुनकर प्रयास आ गाम मे बचल लोकक सोच-विचार मे आएल परिवर्तन कें कहानी प्रभावी ढंग सं रेखांकित करैत अछि। भूमंडलीकरणक बाद मिथिलाक गाम सभ मे आएल सामाजिक परिवर्तन कें सेहो कहानी अपन विशिष्ट अनुमान मे प्रस्तुत करैत अछि। मंचनक दौरान बैजू झा, प्रीति कुमारी, शिवम कुमार झा, रौशन कुमार झा, अनिमेष सिंह आ अमित कुमार मिश्र सहित अन्य कलाकार सभ अपन अभिनय सं प्रस्तुति मे जानि दए देलनि। मिथिला मैथिलीक शीर्षस्थ संस्था चेतना समिति, पटनाक सचिव जयदेव मिश्र आ भंगिमा, पटनाक सचिव किशोर केशव कहलनि जे मासिक नाट्य श्रृंखला मे प्रस्तुति लेल भारत आ नेपालक अन्य मैथिली नाट्य संस्था कें सेहो आमंत्रित कएल गेल अछि। चेतना समिति आ भंगिमाक संयुक्त तत्वावधान मे अगस्त 2026 सं अगस्त 2027 धरि प्रत्येक मासक दोसर रविदिन मैथिली कहानी, कविता, उपन्यास आ ललित निबंध पर आधारित प्रस्तुति कएल जा रहल अछि। एहि श्रृंखलाक अगिला प्रस्तुति 11 अक्टूबर कें होयत।



# मैत्रेयी पहचान मिथिला फाउंडेशनक बाढ़ि पीड़ितक बीच राहति सामग्री वितरण

**पटना, समदिया**

मिथिला आ मिथिला सं जुड़ल संस्कृति, परंपरा आ सामाजिक सरोकारक लेल कार्यरत महिला समूह मैत्रेयी पहचान मिथिलाक फाउंडेशन द्वारा पटना मे बाढ़ि पीड़ित परिवारक बीच राहति सामग्री वितरित कएल गेल। संस्थाक दिस सं बाढ़ि प्रभावित परिवारक लेल 200 पैकेट सूखा खाद्य सामग्री देल गेल। प्रत्येक पैकेट मे चूड़ा, चीनी, सत्तू, बिस्किट आ नमकीन सहित आवश्यक खाद्य सामग्री छल। एकर अतिरिक्त जरूरतमंद लोकनि कें कपड़ा आ सैनिटरी पैड सेहो वितरित कएल गेल। राहति कार्य मे संस्थाक संस्थापिका पूजा झा, रंजना झा, राधा झा आ संगीता झाक सक्रिय सहभागिता रहल। संगहि संस्था सदस्य अनीता झा, बीभा झा, मधु झा, सुनीता, पुतुल झा, शिवानी झा, रोशनी झा, शांति पाठक आ आभा झा सहित अन्य सदस्य सभ सेहो बढ़ि-चढ़ि कए सहयोग कएलनि। सभ सदस्यक सामूहिक प्रयास सं राहति सामग्री जरूरतमंद परिवार धरि पहुंचाओल गेल।



मैत्रेयी पहचान मिथिलाक फाउंडेशन सामाजिक सेवा आ जनकल्याणक कार्य लेल सदिखन तत्पर रहैत अछि। संस्था प्रत्येक बरख अपन क्षमताक अनुसार जरूरतमंद लोकनि धरि सहायता पहुंचेबाक प्रयास करैत अछि। संस्थाक दिस सं कहल गेल जे समाजक जरूरतमंद लोकक सहायता करब आ हुनकर सुख-दुःख मे सहभागी बनब संस्थाक प्रमुख उद्देश्य अछि। भविष्य मे सेहो एहि तरहक सामाजिक आ राहति कार्य निरंतर जारी राखल जाएत। संस्था मिथिलाक संस्कृति, महिलाक शक्ति आ समाजसेवाक प्रति समर्पित अछि।

### सड़क दुर्घटना मे बाइक सं खसल महिलाक बस सं पिचेला पर मृत्यु

**बेनीपुर।** बहेड़ा-बहेड़ी मुख्य मार्ग पर जरिसो चौकक लग रविदिन सड़क दुर्घटना मे बाइक सवार महिलाक मौत भए गेल। मृतकाक पहचान बहेड़ा थाना क्षेत्रक मौजमपुर निवासी विनोद कुमार महतोक पत्नी लीला देवी (58) केर रूप मे भेल अछि। दुर्घटना मे बाइक चला रहल हुनकर पति विनोद कुमार महतो सेहो घायल भेलाह। जानकारीक अनुसार, विनोद कुमार महतो अपन पत्नी लीला देवीक संग मोटरसाइकिल सं बहेड़ी थाना क्षेत्रक हावीडीह दुर्गास्थान दर्शन करबाक लेल जा रहल छलाह। जरिसो चौकक लग अनचोके सड़क पर आएल भैंस कें बचयबाक प्रयास मे बाइक अनियंत्रित भए गेल। एहि कारण पाछू बैसल लीला देवी सड़क पर खसि पड़लीह। ओहि समय बहेड़ी दिस सं तेज गति मे आबि रहल बस हुनका कुचलि देलक। गंभीर रूप सं घायल लीला देवीक घटनास्थले मौत भए गेल।

# राज्यपाल कें पत्र लिखि पीएचडी प्रवेश साक्षात्कार शीघ्र शुरू करेबाक मांग

**मधुबनी, समदिया**

बिहार प्रदेश युवा जदयू महासचिव सुभाष कुमार राज्यपाल-सह-कुलाधिपति, बिहार, मुख्यमंत्री आ मुख्य सचिव कें पत्र लिखि ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय मे पीएटी-2024 अंतर्गत पीएचडी प्रवेश लेल साक्षात्कार प्रक्रिया छात्रहित मे तत्काल शुरू करयबाक मांग कएलनि अछि। प्रदेश महासचिव कहलनि जे राज्यपाल सचिवालय दिस सं 11 सितंबर 2026 कें जारी पत्रक माध्यम सं पीएटी-2024 अंतर्गत पीएचडी प्रवेश प्रक्रिया स्थगित रखैत संबंधित मामिला कें राज्यपालक विचारार्थ प्रस्तुत करबाक निर्देश देल गेल अछि। ओ कहलनि जे छात्रहित आ संवैधानिक मयार्दाक प्रति पूर्ण सम्मान रखैत हजारो शोधार्थीक शैक्षणिक भविष्य कें देखैत एहि विषय पर शीघ्र निर्णय आवश्यक अछि। सुभाष कुमारक अनुसार, वर्तमान मे 1,567 शोध सीट विज्ञापित कएल गेल अछि, जखन कि विश्वविद्यालय मे उपलब्ध शिक्षक आ हुनकर शोध पर्यवेक्षण क्षमतालाई देखैत करीब 3,600 सं बेसी शोधार्थीक संभावित क्षमता रहलाक आकलन कएल जा सकैत अछि। एहन स्थिति मे साक्षात्कार प्रक्रिया मे अनावश्यक विलंब सं पैघ संख्या मे योग्य आ प्रतिभावान अभ्यर्थीक शैक्षणिक भविष्य प्रभावित भए सकैत अछि।



ओ कहलनि जे पीएचडी मे प्रवेश मात्र सामान्य प्रवेश प्रक्रिया नहि, बल्कि वर्षक मेहनत, अध्ययन, शोध तैयारी आ विद्यार्थीक अकादमिक भविष्य सं सीधा जुड़ल विषय अछि। अभ्यर्थी सभ एहि अवसरक लेल लंबे समय सं प्रतीक्षा कए रहल छथि। प्रक्रिया मे विलंब भेला सं हुनकर शोध कार्य, आगूक शैक्षणिक योजना आ भविष्यक संभावना प्रभावित भए सकैत अछि। प्रदेश महासचिव राज्यपाल सं शैक्षणिक हित, छात्रहित आ न्यायसंगत दृष्टिकोण कें ध्यान मे राखि पीएटी-2024 अंतर्गत पीएचडी प्रवेश साक्षात्कार प्रक्रिया यथाशीघ्र शुरू करयबाक लेल आवश्यक दिशा-निर्देश जारी करबाक आग्रह कएलनि। जदयू जिलाध्यक्ष सह विधायक ईश्वर मंडल मांगक समर्थन करैत कहलनि जे हुनका पूर्ण विश्वास अछि जे हजारो शोधार्थीक भविष्य आ व्यापक छात्रहित कें सर्वोच्च प्राथमिकता दैत राज्यपाल एहि मांग पर शीघ्र निर्णय लेथिन।

# नव कार्यकारिणीक गठन लेल कांग्रेसक बैसार, सदस्य सभ भेलाह सम्मानित

**जयनगर, समदिया**

प्रखंड कांग्रेस कमेटी जयनगरक तत्वावधान मे रविदिन मारवाड़ी विवाह भवन मे नव कार्यकारिणीक गठन कें लए कए बैसार आयोजित भेल। बैसार मे नवगठित कार्यकारिणीक सभ सदस्य कें सम्मानित कएल गेल। कार्यक्रम कें लए कए कांग्रेस कार्यकर्ता सभ मे उत्साहक माहौल रहल। एहि दौरान संगठन कें बूथ स्तर धरि मजबूत करब, कार्यकर्ता कें सक्रिय करब आ आम लोक सं जुड़ल मुद्दा कें प्रमुखता सं उठेबाक विषय पर चर्चा भेल। कार्यक्रमक नेतृत्व कांग्रेस जिला अध्यक्ष पश्चिम मीना देवी कुशवाहा कएलनि, जखन कि अध्यक्षता प्रखंड कांग्रेस अध्यक्ष सुरेंद्र महतो कएलनि। बैसार कें संबोधित करैत वक्ता सभ कहलनि जे कांग्रेस संगठनक मजबूती कार्यकर्तासभक एकजुटतापर निर्भर करैत अछि। नव कार्यकारिणीक गठन सं संगठन कें नव ऊर्जा भेटत आ पार्टीक कार्यक्रम पंचायत आ बूथ स्तर धरि प्रभावी ढंग सं पहुंचेबा मे सहायता भेटत। वक्ता सभ कहलनि जे वर्तमान समय मे आम जनता महंगाई, बेरोजगारी, शिक्षा, स्वास्थ्य, किसानक समस्या सहित विभिन्न मुद्दा सं जूझि रहल अछि। कांग्रेस कार्यकर्ता कें एहि समस्या सभ कें लए कए जनता बीच मजबूती सं ठाढ़ होयबाक आवश्यकता अछि। बैसार मे संगठनात्मक गतिविधि तेज करबाक आ बेसी सं बेसी लोक कें पार्टी सं जोड़बाक पर सेहो जोर देल गेल। एहि अवसर पर नव कार्यकारिणीक सदस्य सभ कें माला आ अन्य माध्यम सं सम्मानित कए संगठनक जिम्मेदारीक प्रति सजग रहबाक आह्वान कएल गेल। सम्मानित सदस्य सभ सेहो संगठनक प्रति अपन प्रतिबद्धता व्यक्त करैत पार्टी कें मजबूत करबाक लेल सक्रिय भूमिका निभेबाक भरोसा देलनि। बैसार मे अनुवेद सिंह, परमेश्वर मेहरा, पंकज कुमार, डॉ. मुकेश महासेठ, नित्यानंद झा, सुजीत यादव, सुनील यादव, अयोधि पासवान, अरुण प्रधान, रविंद्र पोद्दार, धनुषलाल महतो, नंदकिशोर सिंह, मो. आरिफ, राजकमल सिंह, महंत मुकेश कुशवाहा, प्रियंका देवी, सोनल कुमारी, अरुण सिंह, मो. मुतुर्जा, मदन झा सहित पैघ संख्या मे कांग्रेस कार्यकर्ता आ गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। सभ वक्ता संगठनक मजबूती आ जनहित सं जुड़ल मुद्दापर अपन-अपन विचार रखलनि।

### मानव तस्करी पर एसएसबीक प्रशिक्षण आयोजित

**जयनगर।** उच्च मुख्यालयक दिशा-निर्देशक अनुसार 48वीं वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कॉन्फ्रेंस हॉल मे मानव तस्करी विषय पर दू दिवसीय कक्षाक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक पहिल दिन दू सत्र मे प्रशिक्षण देल गेल। पहिल सत्र मे मधुबनी न्याय केंद्र, बिहार सेवा समितिक एनजीओ प्रतिनिधि संजीव कुमार, प्रोग्राम मैनेजर, आ तारानंद ठाकुर, आफ्टर केयर, द्वारा मानव तस्करी विषय पर कक्षा लेल गेल। एहि दौरान मानव तस्करीक विभिन्न स्वरूप, पहचान, रोकथाम, पीड़ितक स्थिति आ संबंधित अन्य महत्वपूर्ण पहलूक बारे मे विस्तार सं जानकारी देल गेल।

# सहरसाक विद्यालयक मध्याह्न भोजन मे गिरगिट भेटबाक घटना पर शिक्षा मंत्री गंभीर

**पटना/सहरसा, समदिया**

सहरसा जिलाक कहरा प्रखंड स्थित उत्क्रमित मध्य विद्यालय, बसदेवा मे मध्याह्न भोजन मे कथित रूप सं गिरगिट भेटलाक बाद 25 बच्चा कें अस्पताल मे भर्ती करय पड़ल। घटना कें शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी गंभीरता सं लेलनि। हुनकर सख्त निर्देश पर रविदिन तत्काल कारबाइ करैत विद्यालयक प्रधानाध्यापक ब्रजेंद्र कुमार कें निलंबित कए देल गेल। संगहि विद्यालयक तीनू रसोइया कें सेवामुक्त करबाक निर्देश देल गेल अछि। जिला शिक्षा पदाधिकारी, सहरसाक प्रतिवेदनक अनुसार, 12 सितंबर कें कहरा स्थित भारत रत्न डॉ. भीमराव आंबेडकर दलित उत्थान एवं शिक्षा समितिक केंद्रीयकृत रसोईघर सं 144 विद्यालय मे मध्याह्न भोजनक आपूर्ति कएल गेल छल। एहि आपूर्ति सं संबंधित सभ 144 विद्यालयक विपत्रक राशि मे कटौती कएल गेल अछि। मामिलाक विस्तृत आ निष्पक्ष जांच लेल जिलाधिकारी, सहरसा कें तीन सदस्यीय जांच टीम गठित कए कड़ा कारबाइ सुनिश्चित करबाक निर्देश शिक्षा मंत्री देलनि। संगहि जिला कार्यक्रम पदाधिकारी, मध्याह्न भोजन योजनाक स्तर पर स्पष्टीकरणक कारबाइ सेहो कएल गेल अछि। जिलाधिकारी कें जांचक आधार पर स्पष्ट प्रतिवेदन उपलब्ध करयबाक आ दोषी पाओल जायवला व्यक्तिक विरुद्ध नियमानुसार कठोर कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल अछि। शिक्षा मंत्री कहलनि जे बच्चासभक स्वास्थ्य आ सुरक्षाक संग कोनो तरहक समझौता स्वीकार नहि कएल जाएत।

# निमार्णाधीन आरओबी परियोजनाक जिलाधिकारी कएलनि निरीक्षण

**दरभंगा, समदिया**

जिलाधिकारी कौशल कुमार निमार्णाधीन आरओबी परियोजनाक विभिन्न कार्यक स्थल निरीक्षण कएलनि। एहि दौरान ओ परियोजनाक अंतर्गत चलि रहल निर्माण कार्यक प्रगतिक जायजा लेलनि तथा संबंधित अभियंता आ पदाधिकारी सभ कें कार्य मे तेजी अनैत निर्धारित कार्ययोजनाक अनुरूप समय पर निर्माण पूरा करबाक निर्देश देलनि। निरीक्षणक क्रम मे जिलाधिकारी दिल्ली मोड़क दिस निमार्णाधीन सर्विस रोड, नाला निर्माण आ रेलवे कार्य लेल कएल जा रहल सड़क डायवर्सनक निरीक्षण कएलनि। ओ एलसी डायवर्सन लेल सर्विस रोडक निर्माण शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देलनि। संगहि बाघ मोड़क दिस ड्रेन निर्माण यथाशीघ्र पूरा कए सर्विस रोड तैयार करबाक कहलनि, जाहि सं आरई वाल निर्माण कार्य तत्काल शुरू कएल जा सकय। जिलाधिकारी दिल्ली मोड़क दिस तोड़ल जा रहल ब्रिजक कार्य सेहो शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे ब्रिज हटेबाक बाद कलवर्ट निर्माण पूरा कए आरई वालक कार्य शुरू कएल जाय। कागवा गुमटी सं संबंधित सभ एआरएमएस कार्य निर्धारित वर्क प्रोग्रामक अनुसार समय-सीमा मे पूरा करबाक निर्देश सेहो देलनि। ओ डायवर्सन कें मोटरेबल रखबाक निर्देश दैत कहलनि जे आवागमन सुचारु रहबाक चाही। एफसीआई दिस पाइल कार्य लेल सर्विस रोड निर्माण कए कार्य तत्काल शुरू करबाक लेल सेहो कहलनि। रेलवे भागक डिजाइन आ ड्रॉइंगक आखरी अनुमोदनक प्रक्रिया शीघ्र पूरा कए स्वीकृति भेटिते निर्माण कार्य शुरू करबाक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी संबंधित अभियंता सभ कें सभ निर्माण कार्यक नियमित निगरानी करैत कार्यक गति मे तेजी आनबाक निर्देश देलनि।



# सभ शहर मे सोलर कॉलोनी विकसित करबाक निर्देश

## मुजफ्फरपुर मे बिजली आपूर्तिक ऊर्जासचिव कएलनि निरीक्षण

**मुजफ्फरपुर, समदिया**

बिहारक ऊर्जा सचिव सह बिहार स्टेट पावर होल्डिंग कंपनी लिमिटेडक अध्यक्ष-सह-प्रबंध निदेशक अजय यादव मुजफ्फरपुर जिला मे विद्युत आपूर्तिक गुणवत्ता, ट्रिपिंग मे कमी आ निर्बाध बिजली आपूर्ति सुनिश्चित करबाक उद्देश्य सं विद्युत अवसंरचनाक स्थलीय निरीक्षण कएलनि। ओ मुजफ्फरपुर क्षेत्र मे विद्युत आपूर्ति आ ट्रिपिंगक स्थितिक समीक्षा सेहो कएलनि। खबरा पावर सब-स्टेशनक निरीक्षणक दौरान ऊर्जा सचिव आवासीय परिसर आ करीब 19.96 एकड़ भूमिक समुचित उपयोग आ विकासक संबंध मे महत्वपूर्ण निर्देश देलनि। ओ विद्युत आपूर्तिक विश्वसनीयता आ परिचालन व्यवस्था कें नीक बनयबाक लेल सेहो जोर देलनि। भिखनपुरा ग्रिड सब-स्टेशनक निरीक्षणक क्रम मे ग्रिडक कार्यप्रणाली, तकनीकी समस्या, ट्रिपिंग आ विद्युत हानि कें कम करबाक लेल संबंधित अधिकारी कें आवश्यक निर्देश देलनि।



**पीएम सूर्य घर योजनाक प्रगतिक समीक्षा**

ऊर्जा सचिव पीएम सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना (यूएलए मॉडल) अंतर्गत मुशहरी प्रखंडक माधोपुर पंचायत मे स्थापित रूफटॉप सोलर प्लांटक निरीक्षण कएलनि आ ओकर गुणवत्ता आ प्रगतिक समीक्षा कएलनि। एहि क्रम मे रामदयालु नगरक सिद्धार्थपुरम कॉलोनी मे स्थापित दू दर्जन सं बेसी रूफटॉप सोलर प्लांटक सेहो निरीक्षण कएल गेल। ऊर्जा सचिव आवासीय कॉलोनी मे पैघ संख्या मे सोलर पैनल लगयबाक पहल कें सराहनीय बतौलनि। ओ संबंधित अधिकारी कें अन्य शहरी क्षेत्र मे सेहो एहि तरहक ह्यसोलर कॉलोनीह् विकसित करबाक दिशा मे कार्य करबाक निर्देश देलनि। निरीक्षणक बाद विद्युत आपूर्ति प्रमंडल, मुजफ्फरपुरक सिटी लैबक निरीक्षण कए रिपेयर आ अन्य आवश्यक कार्यक जानकारी लेल गेल। एहि दौरान ऊर्जा सचिव अजय यादव आ जिलाधिकारी कुमार गौरव वृक्षारोपण सेहो कएलनि। तकर बाद समाहरणालयक जिला सभागार मे विद्युत अभियंता आ सोलर वेंडरक संग समीक्षा बैसार भेल। बैसार मे ऑपरेशन आ मेंटेनेंस, विद्युत आपूर्तिक गुणवत्ता, राजस्व संग्रहण, ट्रिपिंग मे कमी, विद्युत हानि घटेबाक संग पीएम सूर्य घर मुफ्त बिजली योजनाक प्रगतिक समीक्षा कएल गेल। बैसार मे ऊर्जा सचिव कहलनि जे विश्वसनीय आ गुणवत्तापूर्ण विद्युत आपूर्ति सुनिश्चित करब राज्य सरकारक प्राथमिकता अछि।

# पीएमडीडीकेवाइ समीक्षा मे मधुबनीक प्रगतिक सराहना

## प्रथम स्थान लेल रणनीति पर जोर

मधुबनी, समदिया

प्रधानमंत्री धन धान्य कृषि योजना (पीएमडीडीकेवाइ)क प्रभावी क्रियान्वयन आ जिलाक प्रगतिक समीक्षा लेल समाहरणालय सभागार मे बैसार भेल। कृषि आ किसान कल्याण मंत्रालय, भारत सरकारक संयुक्तसचिव-सह-मुख्य नोडल पदाधिकारी संजय कुमार अग्रवालक अध्यक्षता मे भेल बैसार मे जिलाधिकारी आनंद शर्मा सहित योजना सं जुड़ल 11 विभागक जिला स्तरीय पदाधिकारी उपस्थित छलाह। जिलाधिकारी योजना अंतर्गत भेल काज, प्रमुख चुनौती आ कृषि क्षेत्रक संभावनाक प्रस्तुतीकरण कएलनि। ओ जलजमावआ सीमित सिंचाइक व्यवस्था कें प्रमुख चुनौती बतौलनि। मखाना उत्पादन, मत्स्य पालन, मक्काकआच्छादन मे वृद्धि आ फसल विविधीकरण कें महत्वपूर्ण अवसर कहलनि। विगत चारि मास मे भेलकाजक फलस्वरूप मधुबनी राष्ट्रीय स्तर



पर सातम स्थान प्राप्त केने अछि। प्रथम स्थान लेल सभ विभाग कें समन्वित आ परिणामोन्मुखी ढंग सं काज करबाक निर्देश देल गेल। जिला कृषि पदाधिकारी सुदामा ठाकुर कहलनि जे संतुलित उर्वरक उपयोग आ प्राकृतिक खेती लेल किसान कें जागरूक कएल जा रहल अछि। एहि सं प्राकृतिक खेती करऽवला किसानक संख्या 1,875 सं बढ़ि कए 2,375 भए गेल अछि।उर्वरक विक्रेता आ किसान कें फर्टिलाइजर ऐपक उपयोग लेल सेहो जागरूक कएल जा रहल अछि। मुख्यनोडल पदाधिकारी जिला मे स्थापित सभ 23 किसान उत्पादक संगठन (एफपीओ) कें सक्रिय आ सशक्त बनाबऽ पर जोर देलनि। किसानक आवश्यकताक अनुरूप प्रशिक्षण, उन्नत प्रभेदक बीज आ बाजारक मांग अनुसार फसल चयन करबाक सुझाव देलनि। आत्मा कें प्रगतिशील किसानक खेत पर प्रशिक्षण आ भ्रमणकराबऽक निर्देश देल गेल। किसान क्रेडिट कार्ड (केसीसी) क कवरेज बढ़ेबाक लेल विशेष शिविर लगाबऽ आ आगामी दू मास मे किसानक संख्या मे गुणोत्तर वृद्धि करबाक निर्देश देल गेल। रबी 2026 सं प्रधानमंत्रीफसल बीमा योजना लागू होयबाक पूर्व पंचायतवार सर्वेक्षण कराबऽक सेहो कहल गेल। प्रधानमंत्री अन्नदाता आय संरक्षण अभियान (पीएम-आशा) अंतर्गत अरहर उत्पादक किसानक पोर्टल पर पंजीकरण लेल जागरूकता अभियान चलाबऽक निर्देश देल गेल। जिलाक 11 चौर क्षेत्र मे 427.5 एकड़ रकबा विकसित कएल गेल अछि। मखाना आ मत्स्य उत्पादनक विस्तृत सर्वेक्षण कराकऽ प्रतिवेदन देबाक निर्देश देल गेल। जलजमाववला क्षेत्र मे जलकुंभी सं कचरा सं संपदा बनयबाक संभावना पर अध्ययन करबाक कहल गेल। कृषि विज्ञान केंद्र सुखैत मे जलकुंभी सं जैव-खाद तैयार करबाक अनुसंधान चलिरहल अछि। एहि संबंध मे प्रमाणीकरण आ विस्तृत अध्ययन प्रतिवेदन प्रस्तुत करबाक निर्देश देल गेल।बैसार सं पूर्व मुख्य नोडल पदाधिकारी रहिका प्रखंडक शंभुआर पंचायत मे प्रगतिशील किसान राजेश तिवारीक खेतक भ्रमण कएलनि। ओ धान आ अरहरक खेतीक अवलोकन कएलनि। इफको द्वारा ड्रोन सं नैनो यूरिया, नैनो डीएपी आ सूक्ष्म पोषक तत्वक छिड़कावक प्रदर्शन कएल गेल। मुदा किसानक समस्या सुनि दलहन आ तिलहनक खेती बढ़ेबाक लेल प्रेरित कएल गेल।

# जलस्रोतक स्वच्छता लेल नगर निगम पोखरि मे विशेष सफाई अभियान

मधुबनी, समदिया

जलस्रोतक स्वच्छता, संरक्षण आ आम लोक मे एहि प्रति जिम्मेदारीक भावना विकसित करबाक उद्देश्य सं जिला गंगा समिति, मधुबनी द्वारा चलाओल जा रहल एक दिन जलस्रोतक स्वच्छताक नाम अभियानक अंतर्गत नगर निगम, मधुबनी द्वारा लोक मे जागरूकता फैलाबऽ लेल नगर निगम पोखरि मे प्रतीकात्मकसफाई अभियान चलाओल गेल। अभियानक दौरान पोखरि मे जमा कचरा आ गंदगी हटाकऽ साफ-सफाईकएल गेल। अभियानक उद्देश्य जिलाक नदी, पोखरि सहित अन्य जलस्रोत कें स्वच्छ आ प्रदूषणमुक्त रखबाक संग लोक कें एकर संरक्षण लेल जागरूक करब अछि। जिला गंगा समिति (नमामि गंगे), मधुबनीक डीपीओ आनंद अंकित कहलनि जे पोखरि, नदी आ अन्य जलस्रोत




पर्यावरण आ सामाजिक जीवनक अभिन्न अंग अछि। एकर संरक्षण आ स्वच्छता लेल प्रशासनिक प्रयासक संग समाजक सक्रियभागीदारी सेहो आवश्यक अछि। जिला गंगा समितिक ई अभियान लोक कें अपन आसपासक जलस्रोतक स्वच्छता लेल जागरूक करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल अछि। ओ आम लोक सं अपील कएलनि जेजलस्रोत मे कूड़ा-कचरा नहि फेकथि आ अपन आसपासक पोखरि तथा अन्य जलस्रोतक स्वच्छता बनौनेरखबाक प्रयास करथि। हुनकर कहब छल जे जनभागीदारीक माध्य मे जलस्रोत कें दीर्घकाल धरि स्वच्छआ सुरक्षित राखल जा सकैत अछि। एहि अवसर पर स्वच्छता पदाधिकारी अमिताभ गुंजन कहलनि जेजलस्रोतक नियमित साफ-सफाइक संग लोकक व्यवहार मे स्वच्छताक प्रति परिवर्तन आनब सेहो जरूरीअछि। ओ आम लोक सं पोखरि आ ओकर आसपास गंदगी नहि फैलाबऽ तथा जलस्रोत कें स्वच्छ रखबाकअभियान मे सहयोग करबाक अपील कएलनि।सफाई अभियान मे स्वच्छता पर्यवेक्षकक संग महेंद्र राम, मोहम्मद, महादेव राम, संतोष राम आ भोला राम सहित नगर निगम, मधुबनीक स्वच्छताकर्मी उपस्थित छलाह।

# बाजपट्टी प्रखंडक पहिल बाल श्रममुक्त पंचायत बनल पिपराढ़ी

सीतामढ़ी, समदिया

बाल श्रम उन्मूलनक दिशा मे सीतामढ़ी जिला मे महत्वपूर्ण उपलब्धि हासिल भेल अछि। श्रम संसाधनएवं प्रवासी श्रमिक कल्याण विभाग द्वारा संचालित बाल श्रममुक्त पंचायत अभियानक अंतर्गत बाजपट्टी प्रखंडक पिपराढ़ी पंचायत कें प्रखंडक पहिल बाल श्रममुक्त पंचायत घोषित कएल गेल अछि। राज्य सरकार बाल श्रम उन्मूलन लेल पूर्णतः प्रतिबद्ध अछि। अभियान कें सफल बनेबाक लेल जिला प्रशासन, पुलिस,श्रम संसाधन एवं प्रवासी श्रमिक कल्याण विभाग, अदिथी कवच परियोजना, पंचायत स्तरीय बाल कल्याण एवं संरक्षण समिति सहित अन्य संबंधित पक्ष सभक समन्वित प्रयास चलि रहल अछि। पिपराढ़ी पंचायत मे मुखिया सह पंचायत




स्तरीय बाल कल्याण एवं संरक्षण समितिक अध्यक्ष ललितकापरक नेतृत्व मे विशेष ग्रामसभा सह बाल श्रममुक्त पंचायत घोषणा कार्यक्रम आयोजित भेल। एहि दौरान श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी बाजपट्टी अभय पांडेय, बाल विकास परियोजना पदाधिकारी कुमारी सुचेता, कन्वर्जेंस विशेषज्ञ मुकुंद कुमार चौधरी आ पंचायतवासी उपस्थित छलाह। सभक मौजूदगी मे पंचायत केंबाल श्रममुक्त घोषित करैत सामूहिक संकल्प लेल गेल। श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी अभय पांडेय कहलनि जेबाल श्रम रोकबाक लेल कानूनक प्रभावी पालनक संग समाज आ समुदाय कें सक्रिय भागीदारी आवश्यकअछि। पंचायत कें बाल श्रममुक्त बनौने रखब निरंतर चलऽवला प्रक्रिया अछि, जाहि लेल नियमित निगरानी आ सामुदायिक सहयोग जरूरी अछि। कन्वर्जेंस विशेषज्ञ मुकुंद कुमार चौधरी कहलनि जे बाल श्रम सामाजिक आ आर्थिक कारणक परिणाम अछि। बच्चाक शिक्षा, सुरक्षा, संरक्षण आ विकासक अधिकारक रक्षा लेल सामुदायिक सतर्कता आ निरंतर सामूहिक प्रयास आवश्यक अछि। मुखिया ललित कापर पंचायत कें बाल श्रममुक्त बनौने रखबाक लेल निरंतर निगरानी आ जनसहयोग सुनिश्चित करबाकबात कहलनि। बाल विकास परियोजना पदाधिकारी कुमारी सुचेता बच्चाक संरक्षण आ विकास लेल सरकारी योजनाक लाभ पात्र बच्चा धरि पहुंचाबऽ पर जोर देलनि।

# आंगन मिलन कार्यक्रमक सफल क्रियान्वयन लेल समीक्षा बैसार आयोजित

सीतामढ़ी, समदिया

केंद्रीय महिला एवं बाल विकास मंत्री श्रीमती अन्नपूर्णा देवीक अध्यक्षता मे आंगन मिलन कार्यक्रमक सफल आ प्रभावी आयोजनक संबंध मे वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं समीक्षा बैसार आयोजित भेल। बैसार मे बिहार सरकारक समाज कल्याण विभागक डॉ. श्वेता गुप्ता उपस्थित छलीह। बैसार मे आगामी25 सितंबर सं 7 अक्टूबर 2026 धरि देशक विभिन्न आंगनबाड़ी केंद्र पर आयोजित होमऽवला आंगन मिलन कार्यक्रमक तैयारी आ कार्ययोजनाक विस्तृत समीक्षा कएल गेल। निर्धारित अभियान अवधि मेप्रत्येक आंगनबाड़ी केंद्र पर तीन दिवसीय कार्यक्रम आयोजित करबाक अछि। कार्यक्रम मे माता आ बच्चाक सक्रिय भागीदारी सुनिश्चित करबाक पर विशेष जोर देल गेल। एहि अवसर पर उत्कृष्ट काज करऽवला आंगनबाड़ी कार्यकर्ता, आंगनबाड़ी सहायिका, आशा दीदी आ लाभुक कें सम्मानित करबाक सेहो प्रावधान अछि। कार्यक्रमक माध्यम सं पोषण, मातृ सहायता, टीकाकरण, स्वास्थ्य सेवा तथा महिला आबच्चा सं संबंधित विभिन्न कल्याणकारी योजनाक जानकारी आम लोक आ




लाभुक कें सरल आ सहजभाषा मे देल जाएत। एहि लेल स्वास्थ्य विभाग सहित संबंधित विभागक संग समन्वय आ सहयोगसुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। बैसार मे कहल गेल जे अभियानक सफल संचालन लेल प्रत्येक जिलामे आंगनबाड़ी केंद्रवार विस्तृत कार्यक्रम आ तिथिवार कार्ययोजना तैयार कएल जाए। समाज कल्याणविभागक डॉ. श्वेता गुप्ता केंद्रीय मंत्री कें आश्वस्त कएलनि जे बिहार मे आंगन मिलन कार्यक्रम केंव्यापक आ सफल बनेबाक लेल सुदृढ़ तैयारी कएल जा रहल अछि। ओ संबंधित सभ विभागक पदाधिकारी कें आपसी समन्वयक संग काज करबाक निर्देश सेहो देलनि।

# प्रखंड प्रमुखक कार्यालय पर अंचलाधिकारीक कथित कब्जा, भाकपा माले जतौलनि आपत्ति


जयनगर, समदिया

जयनगर प्रखंड कार्यालय परिसर मे प्रखंड प्रमुख लेल निर्धारित कार्यालय पर अंचलाधिकारी अखिलेश चौधरी द्वारा कथित रूप सं अपन कार्यालयीय काज लेल कब्जा कए उपयोग करबाक मामिला मे भाकपा-माले कड़ा आपत्ति जतौलक अछि। पार्टी एकरा पंचायती राज व्यवस्था, निर्वाचित पंचायत प्रतिनिधिकगरिमा आ अधिकार तथा आम जनताक अपमान बतबैत कार्यालय कें तत्काल कब्जामुक्त करबाक मांगकेने अछि। भाकपा माले जयनगरक प्रखंड सचिव भूषण सिंह एहि संबंध मे प्रखंड विकास पदाधिकारी राजीव रंजन कुमार आ प्रखंड पंचायत राज पदाधिकारी आलोक श्रीवास्तव कें आवेदन देलनि अछि।आवेदनक प्रतिलिपि अनुमंडल पदाधिकारी जयनगर, जिलाधिकारी मधुबनी आ जिला पंचायती राज पदाधिकारी कें सेहो देल गेल अछि। भूषण सिंह कहलनि जे जयनगर प्रखंड मे नगर पंचायत सहित 15 ग्राम पंचायतक पंचायत प्रतिनिधि, पंचायत समिति सदस्य, अन्य जनप्रतिनिधि आ आम नागरिक दीर्घ समय सं एहि कार्यालयक उपयोग बैसबाक, विचार-विमर्श करबाक तथा जनसमस्या आ पंचायत सं जुड़लविषय पर चर्चा लेल करैत रहल छथि। हुनकर कहब अछि जे ई पंचायती राज व्यवस्था सं जुड़लसार्वजनिक कार्यस्थल अछि। एहन मे बिना प्रशासनिक आदेश अथवा स्वीकृतिक कोनो अन्य पदाधिकारीद्वारा एकर नियमित उपयोग आपत्तिजनक अछि। ओ आरोप लगौलनि जे प्रखंड प्रमुखक महिला होयबाक आ निष्क्रिय रहबाक लाभ उठा अंचलाधिकारीअपन कार्यालय बंद कए प्रमुखक कार्यालय कें अपन उपयोग मे लेने छथि। एहि कारण पंचायत प्रतिनिधिआ आम नागरिक कें बैसबाक आ जनसमस्या रखबाक मे कठिनाइ भए रहल अछि। भाकपा-माले कार्यालयतत्काल खाली कराकऽ निर्वाचित प्रतिनिधि आ आम जनताक लेल उपलब्ध करबाक मांग केने अछि। भूषण सिंह चेतावनी देलनि जे मांग पूरा नहि भेल तं पार्टी पंचायत प्रतिनिधि आ आम लोक कें गोलबंदकए चरणबद्ध लोकतांत्रिक जनांदोलन चलाओत, जाहि लेल संबंधित प्रखंड आ अनुमंडल प्रशासन जवाबदेह रहत।

# सोनबरसा प्रखंडक निचला इलाका मे पसरल बाढ़िक पानि

सीतामढ़ी, समदिया

नेपाल क्षेत्र मे लगातार भए रहल वर्षाक कारण अधवारा समूहक नदी सभ मे उफान आबि गेल अछि। एकर प्रभाव सोनबरसा प्रखंड क्षेत्रक निचला इलाका मे देखाइ पड़ि रहल अछि। खाप खोपराहा पंचायतकमोहचटी गामक वार्ड संख्या 12 आ 13 मे लखनदेई नदीक पानि चारू दिस फैलि गेल अछि। मोहचटी गाम सं खोपराहा जाएवला सड़कक कतेको स्थान पर सरेह मे करीब एक फीट पानि बहि रहल अछि। एहिकारण ग्रामीण आ राहगीर कें आवागमन मे कठिनाइक सामना करऽ पड़ि रहल अछि। जानकारीक अनुसार, खाप गाम स्थित पंचायत सरकार भवनक दक्षिण आ पूरब दिशा मे लखनदेई नदीक बांध क्षतिग्रस्तहोयबाक कारण नदीक पानि तेजी सं सरेह दिस फैलि गेल अछि। सरेह मे पानि प्रवेश करबाक कारणआसपासक खेत सभ



मे सेहो जलजमावक स्थिति उत्पन्न भए गेल अछि। एहि सं किसानक हजारो एकड़खेत प्रभावित भेल अछि। ग्रामीणक अनुसार, नेपाल क्षेत्र मे बरखा होइतहि अधवारा समूहक नदी सभक जलस्तर बढ़बाक सीधा असर सीमावर्ती इलाका मे पड़ैत अछि। लखनदेई नदीक क्षतिग्रस्त बांधक समय रहैत मरम्मत नहि भेल तं पानि आरो बेसी क्षेत्र मे फैलि सकैत अछि। एहि सं खेतिहर भूमि सहितग्रामीण आबादी पर सेहो संकट बढ़बाक आशंका अछि। ग्रामीण सभ प्रशासन सं क्षतिग्रस्त बांधक शीघ्रमरम्मत करबाक मांग केने छथि, जाहि सं बाढ़िक पानिक विस्तार कें रोकल जा सकय आ आवागमन तथा खेती पर पड़ि रहल प्रभाव कें कम कएल जा सकय।

# नमस्ते ऐप पर अपलोड होयत सभ स्वच्छता कर्मीक डाटा : नीरज कुमार

बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड मुख्यालय स्थित स्वच्छता कार्यालयक सभागार मे प्रखंड क्षेत्रक सभ 28 पंचायत मे कार्यरत पंचायत स्वच्छता पर्यवेक्षकक बैसार आयोजित भेल। बैठकक अध्यक्षता बीडीओ बसंत कुमार सिंह कएलनि। प्रखंड स्वच्छता समन्वयक नीरज कुमार कहलनि जे प्रखंडक सभ 28 पंचायतक सभ वार्ड मे कार्यरत स्वच्छता कर्मी सं संबंधित आवश्यक दस्तावेज प्राप्त कए नमस्ते ऐप पर डाटा अपलोड करबाकलेल पर्यवेक्षक कें दिशा-निर्देश देल गेल अछि। ओ सभ पर्यवेक्षक कें निर्देश देलनि जे पंचायत मे कार्यरत प्रत्येक स्वच्छता कर्मीक आधार कार्ड, बैंक खाता विवरण, फोटो, मोबाइल नंबर सहित अन्य आवश्यक दस्तावेज प्राप्त कए ऐप पर अपलोड करथि। कर्मीक



दस्तावेज संबंधित पर्यवेक्षकक लग जमा कराकऽ डाटा अपलोड करबाक प्रक्रिया शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देल गेल। नीरज कुमार कहलनि जे प्रखंडक 28पंचायत मे कुल 382 स्वच्छता कर्मी कार्यरत छथि। हुनकर काजक निगरानी लेल प्रत्येक पंचायत मे एक-एक स्वच्छता पर्यवेक्षक नियुक्त छथि। आब धरि 150 सं बेसी स्वच्छता कर्मीक डाटा नमस्ते ऐप पर अपलोड कएल जा चुकल अछि। शीघ्रहि सभ स्वच्छता कर्मीक डाटा ऐप पर अपलोड करबाक प्रक्रिया पूरा कए लेल जाएत। बैसार मे प्रखंड क्षेत्रक सभ पंचायतक स्वच्छता पर्यवेक्षक उपस्थित छलाह।

घटना भेलाक बाद जागैत अछि विभाग, मानक आ चिकित्सकक उपस्थितिक नहि होइत अछि जांच

# झंझारपुरेटा नहि, पूरा जिला मे बेखौफ चलि रहल अवैध नर्सिंग होमक खेल

झंझारपुर, समदिया

स्वास्थ्य विभाग एक दिस कारबाइक दाबी करैत अछि, तं दोसर दिस कथित फर्जी नर्सिंग होम संचालक सभ सेहो नित नूतन उपाय सं अपन कारोबार चला रहल छथि। झंझारपुरे नहि, बल्कि पूरा मधुबनी जिला मे अवैध नर्सिंग होमक संचालनक शिकायत सामने अबैत रहल अछि। सवाल उठैत अछि जे आखिर बिना निबंधन आ निर्धारित मानक पूरा केने एहन नर्सिंग होम सभ कें संचालनक अनुमति कोना भेटैत अछि।शहर आ बाजार क्षेत्र मे बिना निबंधन पैघ-पैघ बैनर, पोस्टर आ होर्डिंग लगाओल जा रहल अछि। आरोपअछि जे प्रशासनक कारबाइ प्रायः तखने शुरू होइत अछि जखन कोनो पैघ घटना घटि जाइत अछि। जच्चा-बच्चाक मृत्यु जकां गंभीर घटना भेलाक बाद मीडिया मे खबर अबैत अछि आ कतेको बेर दू दिनक बाद स्वास्थ्य विभागक टीम जांच लेल पहुंचैत अछि। नर्सिंग होम खोलबाक पूर्व निर्धारित मानक, आवश्यक उपकरण आ योग्य चिकित्सकक उपलब्धताक जांच होयब जरूरी अछि। मुदा आरोप अछि



जे एहि दिशा मेनियमित निगरानी नहि भए रहल अछि। झंझारपुर मुख्यालय मे तं बिना आवश्यक योग्यता प्राप्त केनेलोक द्वारा ऑपरेशन करबाक आरोप सेहो लगैत रहल अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे एमबीबीएससर्जन आ एनेस्थीसिया विशेषज्ञक काज सेहो कतिपय ठाम अप्रशिक्षित लोक सं कराओल जाइत अछि।किछु लोक तं झंझारपुर सं सुपौल आ दूर-दराजक ग्रामीण क्षेत्र धरि फोन पर बजाओल गेलाक बाद ऑपरेशन करबाक दावा करैत छथि। राम चौक सं थाना चौक, लंगड़ा चौक, कोर्ट चौक, शांतिनाथ महादेव सं रेलवे स्टेशन धरि कतेको नर्सिंग होम नव-नव नाम सं खुलैत रहल अछि। आरोप अछि जे किछु संस्थान दलालक माध्यम सं रोगी जुटबैत अछि। गरीब परिवार कम खर्चक आशा मे एहन लोकक चंगुल मे फंसिजाइत छथि। एहि स्थितिक एकटा कारण सरकारी अस्पतालक कमजोर व्यवस्था सेहो मानल जाइत अछि।सरकारी अस्पताल मे समय पर सर्जरी आ अन्य सुविधा नहि भेटलाक कारण लोक मजबूरी मे निजी संस्थानक रुख करैत छथि। शनिदिन झंझारपुरक हटिया गाछी स्थित मां दुर्गा नर्सिंग होम मे स्वास्थ्यविभागक कारबाइक प्रयास सेहो चर्चा मे रहल। विभागीय टीम सील करबाक लेल पहुंचली, मुदा संचालक पहिनेहि उपकरण हटा नर्सिंग होम खाली कए देने छल। फलतः बिना सील केने टीम कागजी प्रक्रिया पूरा कए वापस लौटि गेल। स्थानीय लोकक कहब अछि जे मात्र सील करब पर्याप्त नहि। जं संचालक दोसर नाम सं फेर दोसरनर्सिंग होम खोलि लैत छथि, तं कारबाइक उद्देश्य विफल भए जाइत अछि। आवश्यकता अछि जेस्वास्थ्य विभाग नियमित जांच करय, निर्धारित मानक पूरा नहि कएनिहार संस्थान पर कठोर कानूनीकारबाइ करय आ दोषी लोकक विरुद्ध विधिसम्मत कदम उठाओल जाए। एहि सं गरीब मरीजक आर्थिक शोषणक संग-संग हुनकर जीवनक सुरक्षा सेहो सुनिश्चित भए सकत।

# एनीमिया सं ल्यूकेमिया धरि रक्त विकार पर विशेषज्ञ जानकारी

सीतामढ़ी, समदिया

इंडियन मेडिकल एसोसिएशन (आईएमए) क तत्वावधान मे शहरक एक निजी होटल सभागार मे एप्रोच टूबेसिक हेमेटोलॉजी डिसऑर्डर विषय पर परिचर्चा आयोजित भेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता आईएमए अध्यक्ष डॉ. निर्मल कुमार गुप्ता कएलनि। मुख्य वक्ता डॉ. केतन चंद नाथानी छलाह, जखन कि डॉ. अंजू सिंह आडॉ. सुबोध कुमार महतो चेयरपर्सनक रूप मे मौजूद छलाह। कार्यक्रमक आयोजन यूनिस्टार बायोटेकलिमिटेड, अहमदाबादक सहयोग सं भेल। मुख्य वक्ता डॉ. केतन चंद नाथानी हेमेटोलॉजी सं जुड़ल विभिन्नरक्त विकार, ओकर प्रारंभिक पहिचान, आवश्यक जांच आ उपचारक दिशा मे चिकित्सकक भूमिकाक विस्तार सं जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे सीबीसी रक्त संबंधी विकारक प्रारंभिक पहचान लेल महत्वपूर्ण जांच अछि। एहि मे हीमोग्लोबिन, डब्ल्यूबीसी आ प्लेटलेट्सक भूमिका महत्वपूर्ण अछि। सीबीसी रिपोर्ट मे कोनो असामान्यता भेटला पर ओकरा मरीजक लक्षण आ अन्य आवश्यक जांचक परिणामक संग जोड़ि कए देखबाक चाही। ओ एनीमिया आ हीमोग्लोबिनक कमी



प्रमुख कारण पर चर्चा करैत कहलनि जे शरीर मे आयरनक कमी आयरन-डिफिशिएंसी एनीमियाक प्रमुख कारण अछि। थैलेसीमिया, सिकल सेल बेमारी आ एप्लास्टिक एनीमियाक संबंध मे सेहो विस्तार सं जानकारी देलनि। थैलेसीमिया आनुवंशिकविकार अछि, जाहि मे हीमोग्लोबिनक निर्माण प्रभावित होइत अछि। सिकल सेल बेमारी मे लाल रक्तकोशिका असामान्य आकार धारण करैत अछि, जखन कि एप्लास्टिक एनीमिया मे अस्थि मज्जा पर्याप्त नव रक्त कोशिकाक निर्माण नहि कए पबैत अछि। परिचर्चा मे ल्यूकोसाइटोसिस आ श्वेत रक्त कोशिकाकअसामान्य वृद्धि सं जुड़ल कारण पर सेहो मंथन भेल। डॉ. नाथानी एक्यूट मायलोइड ल्यूकेमिया आ क्रॉनिक मायलोइड ल्यूकेमिया जेकां गंभीर बेमारीक पहचान मे रक्त जांच आ चिकित्सकीय मूल्यांकनक महत्व बुझौलनि। थ्रोंबोसाइटोपेनिया पर चर्चा करैत ओ कहलनि जे एहि स्थिति मे प्लेटलेट्सक संख्या सामान्य सं कम भए जाइत अछि, जाहि सं रक्तस्रावक खतरा बढ़ि सकैत अछि। एहन स्थिति मे मरीजकलक्षणक संग रक्त जांच रिपोर्टक सही मूल्यांकन आवश्यक अछि।

# सरकारी अस्पताल मे पत्रकार संग माइरपीट पर आक्रोश, कारबाइक उठल मांग

**चिकित्सक, पैरामेडिकल छात्र सहित कतेको लोक पर दुर्व्यवहार आ माइरपीटक आरोप**



**» एमडीएम सं बच्चाक बेमार होयबाक खबरि संकलनक दौरान भेल घटना**

**सहरसा, समदिया**

बिहार मे पत्रकारक संग लगातार भए रहल हमला सं चौथा स्तंभ पर खतरा देखा रहल अछि, टटका घटना सहरसाक सरकारी अस्पताल परिसर मे दुर्व्यवहार, धमकी आ माइरपीटक मामिला सामने आयलअछि। घटना शनिदिन अपराह्नक बताओल जा रहल अछि। वासुदेव स्कूल मे मध्याह्न भोजन (एमडीएम)खयलाक बाद कतेको बच्चा बेमार पड़ल छलाह, जिनका इलाज मॉडल अस्पताल सहरसा मे चलि रहल छल। एहि घटनाक खबर संकलन लेल विभिन्न मीडिया संस्थानक पत्रकार अस्पताल पहुंचल छलाह। एहि दौरान प्रभात खबर डिजिटलक रिपोर्टर अभिषेक कुमारक संग माइरपीट आ दुर्व्यवहार कएल गेल।पत्रकार अभिषेक कुमारक आरोप अछि जे खबर संकलनक दौरान चिकित्सक डॉ. एसके आजाद, हॉस्पिटल मैनेजर सिंपी तथा पैरामेडिकल आ नर्सिंगक पढ़ाइ करैत किछु छात्र हुनका संग धक्का-मुक्की, गाली-गलौज, धमकी आ माइरपीट कएलनि। आरोप अछि जे एहि दौरान चिकित्सक सार्वजनिक रूप सं पत्रकारकसंग अभद्र भाषाक प्रयोग करैत कथित रूप सं कहलनि, हम तोहर बाप छी। घटनाक बाद पत्रकार सभ मेआक्रोश अछि। पत्रकार संगठनक कहब अछि जे कोनो सरकारी संस्थान मे पत्रकारक संग एहि तरहक व्यवहार लोकतांत्रिक व्यवस्था लेल गंभीर चिंता के विषय अछि। पत्रकार भीड़क हिस्सा नहि होइत छथि,बल्कि जनहित सं जुड़ल मामिलाक जानकारी समाज धरि पहुंचयबाक काज करैत छथि। एहन स्थिति मेखबर संकलनक दौरान पत्रकार कें धकियेनाइ, धमकी देनाइ अथवा माइरपीट करनाइ प्रेसक स्वतंत्रता आ पत्रकारक सुरक्षा सं जुड़ल गंभीर प्रश्न अछि। घटना के लए पत्रकार संगठन कड़ा नाराजगी व्यक्त केने अछि। संगठनक दिस सं रविदिन प्रभारी मंत्री मिथिलेश तिवारी कें ज्ञापन देल जाएत आ दोषी पर कारबाइक मांग कएल जाएत। एकर बाद कोसी प्रक्षेत्रक डीआईजी आ सहरसा एसपी सं सेहो भेंट कए कारबाइक अनुरोध कएल जाएत। पत्रकार सभक कहब अछि जे सरकारी अस्पताल जेकां सार्वजनिक संस्थान मे घटना भेलाक बाद कतेको घंटा बीत गेलाकबावजूद जं अनुशासनिक अथवा कानूनी कारबाइ नहि होइत अछि तं ई गंभीर चिंता के विषय अछि।समाचार लिखल जाए धरि पत्रकार द्वारा देल गेल आवेदनक आधार पर प्राथमिकी दर्ज नहि भेल छल।पत्रकार संगठन पूरे मामिलाक निष्पक्ष जांच कए दोषीक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज करबाक, विभागीय कारबाइ करबाक आ भविष्य मे पत्रकारक संग एहन घटनाक पुनरावृत्ति रोकबाक मांग केने अछि।

## पत्रकार पर हमलाक विरोध मे सिविल सर्जनक पुतला दहन

**सहरसा, समदिया**



वासुदेव स्कूलक मध्याह्न भोजन मे छिपकली भेटबाक खबर संकलनक दौरान सदर अस्पताल पहुंचल प्रभात खबर डिजिटलक युवा पत्रकार अभिषेक कुमारक संग माइरपीट आ हमला केलाक विरोध मे रविदिनशहरक वीर कुंवर सिंह चौक पर छात्र, युवा आ सामाजिक संगठनक कार्यकर्ता सभ सिविल सर्जन डॉ.राजनारायण प्रसादक पुतला दहन कएलनि। प्रदर्शनकारी घटना के निष्पक्ष जांच कए दोषी पर तत्कालकारबाइक मांग कएलनि। प्रदर्शनकारीक आरोप अछि जे खबर संकलनक दौरान सदर अस्पतालक प्रभारी अधीक्षक डॉ. एसके आजाद आ अस्पताल प्रबंधक सिंपी कुमारी पैघ संख्या मे पैरामेडिकल छात्र कें बजापत्रकार अभिषेक कुमारक संग माइरपीट करौलनि। घटना मे घायल पत्रकारक नारायण मेडिकल मे इलाजकराओल गेल। प्रदर्शनकारी कहलनि जे सदर थाना मे आवेदन देलाक बावजूद कारबाइ नहि भेल अछि, जाहि सं छात्र-युवा संगठन मे आक्रोश अछि। कार्यक्रम कें संबोधित करैत युवा कांग्रेस प्रदेश अध्यक्ष पदक उम्मीदवार मनीष कुमार कहलनि जे पत्रकार अस्पतालक कथित कुव्यवस्था के लगातार उजागर कए रहल छलाह। पत्रकार पर हमला निंदनीय अछि आ ई लोकतंत्र लेल गंभीर मामिला अछि। ओ कहलनि जे 48 घंटाक भीतर आरोपित डॉक्टरक गिरफ्तारी नहि भेल तं चरणबद्ध आंदोलन चलाओल जाएत आ सहरसा बंद कराओल जाएत। एआईएसएफक पूर्व छात्र नेता शंकर कुमार, आरवाईएक कुंदन यादव, सोहन झा, अभाविपक मोनु झा, छात्र राजदक धीरज सम्राट, युवा कांग्रेस नेता विक्रम यादव सहित अन्य वक्ता सभ मामिलाक उच्चस्तरीय जांच आ दोषीक गिरफ्तारीक मांग कएलनि।प्रदर्शनकारी अस्पताल प्रशासन सं जुड़ल कथित नियुक्ति, वित्तीय अनियमितता आ रोगी कें निजीअस्पताल पठेबाक आरोपक सेहो जांच करबाक मांग कएलनि। एहि अवसर पर रुपेश यादव, आदित्य राव यादव, रतन मिश्रा, संजय पासवान, बंटी झा, कौशल क्रांतिकारी सहित पैघ संख्या मे छात्र, युवा आ सामाजिक कार्यकर्ता मौजूद छलाह।

## अलीनगर मे शराबबंदी कानूनक उल्लंघन पर पुलिसक कारबाइ



**अलीनगर, समदिया**

अलीनगर थाना क्षेत्र मे नशेड़ी आ शराब कारोबारक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत पुलिसपैघ कारबाइ केने अछि। थाना अध्यक्ष रंजीत कुमार शर्माक नेतृत्व मे पुलिस बल आ चौकीदारक सहयोगसं पांच नशेड़ी सहित एक शराब कारोबारी कें गिरफ्तार कएल गेल अछि। पुलिसक अनुसार गिरफ्तारनशेड़ीक पहचान धमुआरा गाम निवासी प्रथम शर्माक पुत्र शिवानंद शर्मा, अलीनगर गाम निवासी रामबिलास मुखियाक पुत्र ललन मुखिया, इमामगंज गाम निवासी जनक चौपालक पुत्र प्रभु चौपाल, घनश्यामपुर थाना क्षेत्रक लगमा गाम निवासी लखन मुखियाक पुत्र श्याम मुखिया आ मोतिहारी जिलाकहरसिद्धि थाना क्षेत्रक मणिकपुर गाम निवासी किशन रामक पुत्र नरेश रामक रूप मे भेल अछि। सभपांचू आरोपित कें शराबक नशा मे होबाक पुष्टि भेलाक बाद गिरफ्तार कएल गेल। एहि बीच अलीनगरथाना क्षेत्रक गोसवा चौक पर गुप्त सूचनाक आधार पर पुलिस एक लाल रंगक महिंद्रा 275 डीआईट्रैक्टरक ट्रेलरक तलाशी लेल। तलाशी मे 14 कार्टून सं कुल 122.04 लीटर शराब बरामद भेल। घटनास्थल सं शराब कारोबारी बसंत कुमार यादव, पिता ब्रह्मदेव यादव, निवासी बेनीपुर नवटोलिया, थाना बहेड़ा, जिला दरभंगा कें विधिवत गिरफ्तार कएल गेल। पुलिसक अनुसार एहि मामिला मे अलीनगर थाना कांड संख्या 133/26 आ 134/26 दर्ज कए आगांक कानूनी कारबाइ कएल जा रहल अछि। गिरफ्तार सभआरोपितक आवश्यक प्रक्रिया पूरा कए माननीय न्यायालय मे उपस्थापन लेल पठाओल जा रहल अछि। थाना अध्यक्ष रंजीत कुमार शर्मा कहलनि जे शराबबंदी कानूनक प्रभावी कार्यान्वयन लेल थाना क्षेत्र मेलगातार अभियान चलाओल जा रहल अछि। पुलिसक एहि कारबाइ सं शराब कारोबारी आ नशेड़ीक बीच हड़कंप मचल अछि।

## बैद्यनाथ महतोक हत्याक विरोध मे राजदक शोकसभा

**सीतामढ़ी, समदिया**

राष्ट्रीय जनता दलक वरिष्ठ साथी, जिला उपाध्यक्ष आ जिला परिषद क्षेत्र संख्या 13 डुमराक जिला परिषद सदस्यक पति स्वर्गीय बैद्यनाथ महतोक हत्याक विरोध मे राजद जिला कार्यालय मे शोकसभाभेल। अध्यक्षता निवर्तमान जिलाध्यक्ष सह पूर्व विधायक सुनील कुमार कुशवाहा कएलनि। नेता सभ चित्र पर पुष्प अर्पित कए श्रद्धांजलि देलनि आ दू मिनट मौन राखि आत्माक शांतिक लेल प्रार्थना कएलनि। राजद नेता सभ घटनाके दुखद आ निंदनीय बतौलनि। कहलनि जे एहि कठिन समय मे पार्टी शोकाकुलपरिवारक संग ठाढ़ अछि। तेजस्वी प्रसाद यादव दूरभाष सं परिवार सं बात कए संवेदना व्यक्त कएलनि आ दोषी कें कड़ा सजा दिलेबाक आश्वासन देलनि। शोकसभा मे हत्याक सभ आरोपित कें दू दिनक भीतरगिरफ्तार करबाक, स्पीडी ट्रायल चला शीघ्र कड़ा सजा देबाक मांग कएल गेल। कथित साजिशकर्ता तथा डुमरा थानाध्यक्ष आ अनुसंधानकर्ता विरुद्ध सेहो निष्पक्ष जांचक मांग कएल गेल। मृतकक आश्रित कें सरकारी नौकरी, एक करोड़ रुपैयाक मुआवजा आ परिवार कें सुरक्षा देबाक मांग कएल गेल। नेता सभ न्याय नहि भेटय धरि संघर्ष जारी रखबाक संकल्प लेलनि।

## वायरल वीडियो मामिला कें डीएम गंभीरता सं लेलनि, निष्पक्ष जांचक बाद होयत कारबाइ

**सहरसा, समदिया**

सदर अस्पताल मे शनिदिन चिकित्सक डॉ एसके आजाद आ प्रभात खबर डिजिटलक संवाददाता अभिषेक कुमारक बीच भेल झड़प सं संबंधित वीडियो वायरल होमयक मामिला कें जिलाधिकारी दीपेश कुमारगंभीरता सं लेलनि अछि। घटनाक निष्पक्ष जांच लेल जिलाधिकारी उच्चस्तरीय जांच समिति गठित कएलनि। जिलाधिकारी घटना पर गंभीर चिंता व्यक्त करैत एहन घटना कें अनुचित आ निंदनीय बतौलनि। ओ कहलनि जे घटनाक वास्तविक स्थिति आ तथ्यक निष्पक्ष जांच आवश्यक अछि।



गठित जांच समिति उपलब्ध तथ्य, घटनाक्रम सं जुड़ल परिस्थिति आ संबंधित पक्षक बयानक आधार परमामिलाक जांच कए अपन प्रतिवेदन समर्पित करत। जांच प्रतिवेदनक आधार पर नियमानुसार आगांक कारबाइ कएल जाएत। जिलाधिकारी सदर अस्पताल प्रबंधन कें अस्पताल परिसर मे चिकित्सक, स्वास्थ्यकर्मी, रोगी, हुनकर परिजन आ मीडिया प्रतिनिधिक बीच समुचित समन्वय बनौने रखबाक निर्देश देलनि। सभ पक्षक संग मर्यादित व्यवहार सुनिश्चित करबाक लेल सेहो कहलनि। भविष्य मे एहि तरहक घटनाक पुनरावृत्ति नहि हो, ताहि लेल आवश्यक व्यवस्था करबाक निर्देश देलनि। डीएम सभ संबंधित पक्ष सं संयम आ सहयोग बनौने रखबाक अपील कएलनि। ओ कहलनि जे अस्पताल मे स्वास्थ्य सेवाकनियमित आ सुचारु संचालन कोनो स्थिति मे प्रभावित नहि होबाक चाही। प्रशासन द्वारा मामिलाकनिष्पक्ष जांच कएलाक बाद उपलब्ध तथ्यक आधार पर आगांक कारबाइ कएल जाएत।

## तीज लेल बजार मे बढ़ल चहल पहल, पूजा आ श्रृंगार सामग्रीक खरीदारी तेज

**सीतामढ़ी, समदिया**

हरितालिका तीज कें लए सुहागिन महिला मे उत्साह चरम पर अछि। सोमदिन मनाओल जाएवला तीजपर्वक तैयारी कें लए बाजार मे महिलाक चहल-पहल बढ़ि गेल अछि। महिला पूजा सामग्री, साड़ी, आभूषण, मेहंदी, श्रृंगार प्रसाधन आ फल सहित अन्य सामानक खरीदारी मे जुटल छथि। पर्व कें लए घर-घर मे सेहोतैयारी तेज भए गेल अछि। राजद नेत्री इंद्राणी राय कहलनि जे तीज हुनका लेल आस्था आ सुहागक पर्व अछि। ओ पति दीर्घायुक संग परिवारक सुख-समृद्धिक लेल व्रत रखतीह। कवयित्री अपर्णा यादव



कहलनि जे तीज कें लए महिला मे विशेष उत्साह अछि। नव वस्त्र आ श्रृंगारक संग पारंपरिक विधि सं पूजाक तैयारी पूरा कएल जा रहल अछि। पूर्व पंचायत समिति सदस्य संगीता कुमारी कहलनि जे तीज हमर संस्कृति आ परंपरा सं जुड़ल महत्वपूर्ण पर्व अछि। नव पीढ़ीक महिला सभ सेहो पूरा उत्साहक संग एहिपरंपरा कें आगू बढ़ा रहल छथि। मुखिया नीतू कुमारी कहलनि जे तीजक अवसर पर महिला भगवान शिव आ माता पार्वतीक पूजा कए सुखी दांपत्य जीवनक कामना करैत छथि। पर्व कें लए परिवारक सभ सदस्य मे उत्साहक माहौल अछि। तीजक अवसर पर बाजार मे मेहंदी, चूड़ी, साड़ी, श्रृंगार सामग्री आ पूजा सामग्रीकदोकान पर विशेष भीड़ देखल जा रहल अछि। महिला सभ अपन-अपन पसंदक सामानक खरीदारी कएपर्वक तैयारी मे जुटल छथि।

## राष्ट्रीय लोक अदालत मे 2,389 मामिलाक भेल निष्पादन

**सहरसा, समदिया**

**44.69 करोड़ टकाक समझौता राशि जमा**

व्यवहार न्यायालय परिसर मे शनिदिन राष्ट्रीय लोक अदालतक शुभारंभ इंचार्ज जिला जज सह अपर जिला एवं सत्र न्यायाधीश सह विशेष एक्साइज न्यायाधीश विवेक विशाल, एडीजे अविनाश कुमार, एडीजेतारिक मुस्तफा, डीएम दीपेश कुमार, एसपी विक्रम सिहाग आ जिला विधिवेत्ता संघक अध्यक्ष विनोद कुमारझा संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए कएलनि।इंचार्ज जिला जज विवेक विशाल कहलनि जे राष्ट्रीय लोक अदालत एकटा राष्ट्रीय पर्व जेकां अछि। एहिमे पक्षकारक सहमति आ हुनकर शर्तक आधार पर मामिलाक निष्पादन कएल जाइत अछि। सामान्य न्यायालय मे एक पक्षक जीत आ दोसर पक्षक हार होइत अछि, जखन कि



लोक अदालत मे दुनू पक्षक जीत होइत अछि। डीएम दीपेश कुमार कहलनि जे छोट-मोट विवादक समाधान लेल लोक अदालत नीक मंच अछि। एहि मे बिना कोर्ट फीसक आपसी सहमति सं मामिलाक निष्पादन होइत अछि, जाहि सं समयआ धन दुनूक बचत होइत अछि। प्रभारी सचिव जिला विधिक सेवा प्राधिकार कुद्दुस अंसारी कहलनि जेलोक अदालत मे सुलह योग्य आपराधिक वाद, चेक बाउंस, मोटर दुर्घटना दावा, बैंक ऋण, विद्युत आटेलीफोन बिल, वैवाहिक विवाद तथा ट्रैफिक चालान सहित विभिन्न मामिलाक निष्पादन कएल गेल। लोकअदालत लेल 17 बेंचक गठन कएल गेल छल। कुल 19,486 मामिला मे सं 2,389 मामिलाक निष्पादनभेल। एहि मे 44 करोड़ 69 लाख 43 हजार 579 टकाक समझौता राशि जमा भेल। बैंक ऋणक 7,938 मामिला मे 721, आपराधिक 6,322 मे 642 आ ट्रैफिक चालानक 4,329 मामिला मे 864 मामिलाक निष्पादन कएल गेल। बेंच संख्या-7 पर सर्वाधिक 110 मामिला निष्पादित भेल।

## अल्पसंख्यक कल्याण विभागक कड़गर रुख, दीवानी आ फौजदारी कारबाइक चेतावनी

**सीतामढ़ी, समदिया**

जिला अल्पसंख्यक कल्याण कार्यालय द्वारा अल्पसंख्यक योजनाक अंतर्गत वितरित ऋणक वसूली लेल 14 सं 19 सितंबर 2026 धरि विशेष ऋण वसूली शिविर आयोजित कएल जाएत। शिविर प्रतिदिन भोरे10 बजे सं सांझ 4 बजे धरि चलत। अल्पसंख्यक कल्याण विभागक सहायक निदेशक डॉ. सुनीता सोनू कहलनि जे मुख्यमंत्री अल्पसंख्यक रोजगार ऋण योजना, एनएमडीएफसी टर्म लोन योजना आ मुख्यमंत्रीअल्पसंख्यक शिक्षा ऋण योजना अंतर्गत जे लाभुक एखन धरि अपन किस्त जमा नहि केने छथि, ओ शिविर मे उपस्थित भए बकाया ऋण जमा कए सकैत छथि। ओ कहलनि जे निर्धारित समय पर बकायाराशि जमा नहि करयवला लाभुकक ऋण पर



नियमानुसार साधारण ब्याजक संग दंड-ब्याज सेहो जोड़लजाएत। शिविर मे बकाया राशि जमा नहि करयवला डिफॉल्टर ऋणीक विरुद्ध दीवानी आ फौजदारीमुकदमा सेहो दायर कएल जा सकैत अछि। सहायक निदेशक कहलनि जे विभाग वसूलीक मामिला मेस्पष्ट रुख अपनौने अछि आ शिविर मे राशि जमा नहि करयवला ऋणीक कोनो स्पष्टीकरण स्वीकार नहि कएल जाएत। बकाया ऋणक वसूली लेल कानूनी कारबाइक प्रक्रिया सेहो अपनाओल जा सकैत अछि। ओ ऋणीक सं अपील कएलनि जे कानूनी कारबाइ, दंड आ अतिरिक्त ब्याज सं बचबाक लेल 14 सं 19सितंबरक बीच शिविर मे पहुंचि अपन बकाया राशि जमा करथि। निर्धारित अवधि मे ऋणक भुगतान कएलाभुक अनावश्यक कानूनी परेशानी आ अतिरिक्त आर्थिक बोझ सं बचि सकैत छथि।

## कम पानि बला फसिल, मखान, सूक्ष्म सिंचाई आ दलहनक खेती पर जोर

**सीतामढ़ी, समदिया**

भारत सरकारक कृषि एवं किसान कल्याण मंत्रालयक संयुक्त सचिव-सह-केंद्रीय नोडल पदाधिकारी संजय कुमार अग्रवाल बाजपट्टी प्रखंडक बाजपट्टी गोट पंचायतक भ्रमण कए किसानक खेत मे धान, सब्जी आ अन्य फसलक निरीक्षण कएलनि। एहि दौरान ओ केंद्र आ राज्य सरकारक कृषि योजनाक क्रियान्वयनकजमीनी स्थिति सेहो समीक्षा कएलनि। कम वर्षाक बादो धानक फसल कें नीक राखबाक लेल ओ किसानकसराहना कएलनि आ पानिक वैज्ञानिक एवं किफायती उपयोग करबाक सलाह देलनि। ओ फसल विविधीकरण, कम पानि वाली फसल आ अधिक लाभकारी फसल अपनयबाक पर जोर देलनि। किसान कें डिजिटल फसल सर्वेक्षण, फार्मर रजिस्ट्री, एफपीओ, किसान क्रेडिट कार्ड, प्राकृतिक खेती आ मृदा स्वास्थ्यकार्ड सहित विभिन्न योजनाक लाभ उठयबाक लेल प्रेरित कएलनि। जलजमाव वाली जमीन मे मखानाकखेती कें बढ़ावा देबाक बात सेहो कहलनि।श्री अग्रवाल किसान द्वारा मचान विधि सं कएल जा रहल सब्जी खेतीक सराहना करैत अधिक किसानकें वैज्ञानिक तरीका अपनयबाक लेल प्रेरित कएलनि। ओ मिर्च सहित अधिक मांग वाली हरियर सब्जीकखेती बढ़यबाक



सलाह देलनि। जिला उद्यान पदाधिकारी कें किसान कें तकनीकी मार्गदर्शन आ गुणवत्तापूर्ण बीज उपलब्ध करयबाक निर्देश देलनि। आमक बगीचाक निरीक्षण करैत ओ खाली स्थान मे अदरक, हल्दी आ जिमीकंद जेकां छाया-सहिष्णु फसल लगयबाक सुझाव देलनि। कम बरखा कें देखैत ओ 'प्रति बूंद अधिक फसल' योजनाक अंतर्गत अधिक सं अधिक किसान कें ड्रिप आ स्प्रिंकलर जेकां सूक्ष्मसिंचाई सुविधा सं जोड़बाक निर्देश देलनि। आगामी रबी मौसिम मे मसूर सहित अन्य दलहनी फसलक क्षेत्र बढ़यबाक आ उपयुक्त क्षेत्र मे उड़दक खेती कें प्रोत्साहित करबाक सलाह देलनि। रबी आ खरीफकबीच उपलब्ध समय मे मूंग कें तेसर फसलक रूप मे अपनयबाक सुझाव दैत कहलनि जे एहि संकिसानक आमदनी बढ़त आ माटिक उर्वरता मे सेहो सुधार होयत। ग्रामीणक शिकायत पर श्री अग्रवाल खराब सिंचाई नलकूपक निरीक्षण कएलनि आ लघु सिंचाई विभागक संबंधित अभियंता कें ओकरा शीघ्र दुरुस्त कए सिंचाई सुविधा बहाल करबाक निर्देश देलनि। किसानक सिंचाई संबंधी समस्याक समयबद्धसमाधान प्राथमिकताक आधार पर सुनिश्चित करबाक सेहो कहलनि। भ्रमणक दौरान ओ स्थानीयविद्यालयक बच्चा सं संवाद कए पढ़ाइ, शिक्षक आ विद्यार्थी कें उपस्थिति तथा विद्यालय मे उपलब्ध सुविधाक जानकारी लेलनि। बच्चा कें नियमित विद्यालय आबि मेहनत आ अनुशासनक संग पढ़ाइकरबाक लेल प्रेरित कएलनि। अधिकारी कें शिक्षा गुणवत्ता आ आवश्यक सुविधाक सुधारक निर्देश सेहोदेलनि। श्री अग्रवाल अधिकारी कें कहलनि जे विकास आ कृषि योजनाक प्रभाव कागज धरि सीमित नहि रहबाक चाही, बल्कि किसानक आमदनी, उत्पादन, पानिक नीक उपयोग आ ग्रामीणक जीवन स्तर मे सुधारक रूप मे देखाइ पड़बाक चाही। संजय कुमार अग्रवाल 2002 बैचक बिहार कैडरक वरिष्ठ आईएएस अधिकारी छथि। ओ नालंदा, गया, जहानाबाद आ पटना जिलाक जिलाधिकारी तथा पटना प्रमंडलक आयुक्त रहि चुकलछथि। बिहार सरकारक जल संसाधन, परिवहन, कृषि आ आपदा प्रबंधन विभाग मे सचिवक रूप मे सेहोसेवा देलनि। वर्तमान मे ओ भारत सरकारक कृषि एवं किसान कल्याण मंत्रालय मे संयुक्त सचिव छथि आ सीतामढ़ी तथा मधुबनीक केंद्रीय नोडल पदाधिकारीक रूप मे विकास योजनाक समीक्षा कए रहलछथि।

## तारडीह, फकीरना आ गंदौली धरि स्वच्छता जागरूकता अभियान

**तारडीह, समदिया**

ग्रामीण क्षेत्र मे स्वच्छताक प्रति लोकक लापरवाहीक विरुद्ध तारडीह प्रखंडक युवा सभ रविदिन जागरूकता अभियान चलौलनि। अभियानक दौरान खुले मे शौच करब, चापाकलक पानि सड़क पर बहायब आ सार्वजनिक सड़क पर पशु नहायब सं होमयवला गंदगीक प्रति लोकनि के जागरूक कएल गेल। अभियान तारडीह प्रखंड मुख्यालय सं शुरू भए डीह तारडीह, फकीरना आ गंदौली धरि चलल। एहि दौरान युवा सभ ग्रामीण लोकनि सं सार्वजनिक स्थान स्वच्छ रखबाक, सड़क पर गंदा पानि नहि बहायबाक आ सड़क पर पशु नहि नहायबाक अपील कएलनि। अभियान मे ब्रह्मदेव यादव, फूल कुमार यादव, धीरज कुमार सिंह, विकास कुमार सिंह, शिव प्रकाश साहू, हरकृष्ण सिंह, सतीश कुमार,



गोलू कुमार सहित पैघ संख्या मे युवाभाग लेलनि।सरकार द्वारा ग्रामीण क्षेत्र मे स्वच्छता लेल लगातार अभियान चलाओल जा रहल अछि आ शौचालयनिर्माण तथा साफ-सफाई पर पैघ राशि खर्च कएल जा रहल अछि। मुदा किछु लोकक लापरवाहीक कारण सार्वजनिक स्थान पर गंदगीक समस्या बनल अछि। खुले मे शौच, सड़क पर गंदा पानि बहब आ सड़क पर पशु नहायब सं बेमारीक खतरा बढ़बाक संग आवागमन मे सेहो परेशानी होइत अछि। युवासभक एहि अभियान सं ई संदेश देल गेल जे स्वच्छता मात्र सरकारक जिम्मेदारी नहि, बल्कि प्रत्येक नागरिकक सामूहिक जिम्मेदारी अछि। स्थानीय लोकनि सेहो अभियानक सराहना करैत कहलनि जे सरकारी प्रयासक संग सामाजिक जागरूकता सेहो जरूरी अछि।

# बिगड़ि रहल अछि शहरक हालति

**कुमार संजय**

पिछला दिन दिल्लीक सत्य निकेतन इलाका मे पीजीक रूप मे चलाओल जा रहल एकटा भवन ढहि गेल, जाहि मे सात छात्रक मृत्यु भए गेल आ कतेको घायल भेल। एहि दुर्घटनाक बाद पीजी मे रहनिहार छात्रक परेशानी बढ़ि गेल, कारण कतेको भवन कें जर्जर पाबि खाली करा लेल गेल। फलतः कतेको छात्र एतय-ओतय भटकबाक लेल विवश भए गेलाह। दुर्भाग्य ई अछि जे छात्र सभ कें समय-समय पर एहन समस्याक सामना करय पड़ैत अछि। एहि समय दिल्ली मे छात्रावासक अभावक कारण पीजी मे रहनिहार बहुतो छात्र संकट मे छथि। देश मे बरसातक समय कतहु ने कतहु भवन ढहबाक समाचार अबिते रहैत अछि, मुदा राजधानी दिल्ली सं सेहो एहन घटना बेर-बेर सामने अबैत अछि। अपेक्षा ई होइत अछि जे कम-सं-कम देशक राजधानी मे शहरी विकास सं जुड़ल सभ नियम-कानूनक सही ढंग सं पालन हो, मुदा वास्तविकता एकर ठीक विपरीत अछि। शहरी विकासक जे हाल दिल्लीक अछि, लगभग ओहने स्थिति देशक दोसर शहरक सेहो अछि। ई चिंताक विषय अछि जे नीक शहरी विकासक क्षेत्र मे दिल्ली कोनो उदाहरण प्रस्तुत नहि कए पाबि रहल अछि। केंद्र सरकारक वर्तमान दौर मे देशक शहर सभ मे तेजी सं परिवर्तन देखल गेल अछि, मुदा एहि परिवर्तनक सभ सं बेसी प्रभाव दिल्ली-एनसीआर मे देखाइत अछि।



दिल्ली-एनसीआरक जनसंख्या देशक कुल जनसंख्याक मात्र चारि-पांच प्रतिशत अछि, तैयो एतय विकासक काज अपेक्षित ढंग सं नहि भए रहल अछि। एहि विसंगति कें देशक संग-संग दुनियांक नजरि सेहो देखैत अछि, कारण एतय अंतरराष्ट्रीय आयोजन होइत रहैत अछि। तमाम विकासक दावाक बादो दिल्ली-एनसीआरक समस्या कम होइत नहि देखाइत अछि। दिल्ली मे पहिनहु भवन ढहल अछि आ प्रत्येक बेर आश्वासन देल गेल जे भविष्य मे एहन घटना नहि होयत। मुदा अहू सं कोनो ठोस परिणाम नहि निकलल। एकर प्रमुख कारण दिल्लीक स्थानीय राजनीति आ नगर निगमक अक्षमता सेहो अछि। वोटक लोभ मे कतेको नेता शहरी विकासक नीक योजना कें पटरी सं उतारि दैत छथि। अवैध बस्ती सभक नियमितीकरण एकर उदाहरण अछि। स्पष्ट अछि जे नीति निमार्ता शहरी विकासक नियम-कानूनक सही अनुपालनक प्रति पर्याप्त गंभीर नहि छथि। एकर परिणाम ई अछि जे दिल्ली एकटा अंतरराष्ट्रीय शहरक रूप मे अपेक्षित ढंग सं विकसित नहि भए पाबि रहल अछि। कोनो देशक राजधानी ओकर अंतरराष्ट्रीय छवि निर्माण मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। मुदा समस्या मात्र दिल्ली धरि सीमित नहि अछि। देशक वित्तीय राजधानी मुंबईक स्थिति सेहो बहुत संतोषजनक नहि अछि। दिल्ली मे भवन ढहलाक बाद नगर निगमक किछु अधिकारी कें निलंबित कएल गेल आ दोसर किछु डेग सेहो उठाओल गेल, मुदा एहि बातक कोनो गारंटी नहि जे भविष्य मे एहन दुर्घटना नहि होयत। सत्य निकेतनक घटना मे छात्रक मृत्यु भेलाक कारण एकर राजनीतिकरण सेहो भए रहल अछि। छात्र राजनीति वर्तमान समय मे महत्वपूर्ण विषय बनल अछि, ताहि कारण ई चर्चा आओर तेज अछि। एहि घटना सं ई बात सेहो स्पष्ट भेल जे दिल्ली विश्वविद्यालय आ ओकर महाविद्यालय मे पढ़निहार छात्रक लेल पर्याप्त छात्रावास नहि अछि। छात्रावासक अभाव मे महाविद्यालयक लगपासक भवन सभ मे छात्रक लेल पीजी चलाओल जा रहल अछि। समस्या ई अछि जे पीजीक कोनो प्रभावी निगरानी नहि अछि आ ने एकर लेल पर्याप्त नियम-कानून लागू अछि। एहि कारण पीजी संचालक मनमानी करबाक लेल स्वतंत्र छथि। आब कहल जा रहल अछि जे पीजीक रूप मे चलाओल जा रहल भवन सभ कें नियमक दायरा मे आनल जायत। मुदा ई काज तीन-चारि दशक पहिनहि भए जेबाक चाही छल। संभवतः एकर कारण ई अछि जे मनमाना ढंग सं चलाओल जा रहल कतेको पीजी नेता अथवा हुनकर परिचितक छथि। नेता पीजी संचालकक चिंता बेसी करैत छथि, ओतय रहनिहारक नहि। अनुमान अछि जे दिल्ली-एनसीआर मे मनमाना ढंग सं चलि रहल पीजी व्यवसाय लगभग 25 सं 30 हजार करोड़ टका धरि पहुंचि गेल अछि। देशभरि सं छात्र पढ़ाइ आ प्रतियोगी परीक्षाक तैयारी लेल दिल्ली-एनसीआर अबैत छथि, ताहि कारण ई व्यवसाय तेजी सं बढ़ल अछि। छात्रावासक अभाव मे छात्र जर्जर भवन मे रहबाक लेल विवश छथि। समस्या मात्र भवनक जर्जर अवस्थाक नहि अछि, बल्कि एहन भवन मे सेहो छात्र कें रहय पड़ैत अछि जतय मूलभूत नागरिक सुविधा धरि उपलब्ध नहि अछि। सभ कें ज्ञात अछि जे शहर आर्थिक आ सामाजिक प्रगतिक प्रमुख केंद्र होइत अछि। तैयो शहरक विकास लेल ठोस योजना नहि बनि पाबि रहल अछि। योजना बनैत सेहो अछि तं ओकर सही ढंग सं कार्यान्वयन नहि होइत अछि। शहरक विकास मुख्यतः राज्य सरकारक जिम्मेवारी अछि, मुदा सुनियोजित शहरी विकास लेल सरकार आ स्थानीय निकाय सभक प्रयास अपेक्षाक अनुरूप नहि अछि। एकर एक कारण ई सेहो अछि जे हमर अधिकांश सांसद आ विधायक ग्रामीण क्षेत्र सं अबैत छथि। फलतः सरकार आ जनप्रतिनिधिक ध्यान शहरक विकासक अपेक्षा ग्रामीण क्षेत्रक दिस बेसी रहैत अछि। निःसंदेह ग्रामीण क्षेत्रक विकास आवश्यक अछि, मुदा शहरक उपेक्षाक दाम पर नहि। शहरी क्षेत्रक जनप्रतिनिधि सभ मे सेहो सुनियोजित विकास आ शहरी ढांचा सं जुड़ल नियम-कानूनक पालन कराबय मे पर्याप्त रुचि नहि देखाइत अछि। शहरक अनियोजित क्षेत्र सभ सं पैघ संख्या मे वोट अबैत अछि। वोटक लोभ मे नेता एहन क्षेत्रक सुनियोजित विकास करबाक बदला ओतय बसाहट बढ़ेबाक प्रयास करैत छथि, जाहि सं हुनकर वोट बैंक मजबूत रहय। एहन अनियोजित बसाहटक विस्तारक संग नागरिक सुविधाक अभाव सेहो बढ़ैत अछि आ शहरक सूरत दिन-प्रतिदिन बिगड़ैत जाइत अछि। जखन शहरक नियोजित विकास नहि होयत, तखन ओ आर्थिक प्रगतिक पैघ केंद्र सेहो नहि बनि सकत। स्पष्ट अछि जे जखन धरि राज्य सरकार आ स्थानीय निकाय शहरक समस्या दूर करबाक काज कें प्राथमिकता नहि देत, तखन धरि हमर शहर बदनामीक कारण बननिहार आ जानलेवा दुर्घटना सं मुक्त नहि भए सकत।

तमाम विकासक दावाक बादो दिल्ली-एनसीआरक समस्या कम होइत नहि देखाइत अछि। दिल्ली मे पहिनहु भवन ढहल अछि आ प्रत्येक बेर आश्वासन देल गेल जे भविष्य मे एहन घटना नहि होयत। मुदा अहू सं कोनो ठोस परिणाम नहि निकलल। एकर प्रमुख कारण दिल्लीक स्थानीय राजनीति आ नगर निगमक अक्षमता सेहो अछि। वोटक लोभ मे कतेको नेता शहरी विकासक नीक योजना कें पटरी सं उतारि दैत छथि। अवैध बस्ती सभक नियमितीकरण एकर उदाहरण अछि। स्पष्ट अछि जे नीति निमार्ता शहरी विकासक नियम-कानूनक सही अनुपालनक प्रति पर्याप्त गंभीर नहि छथि। एकर परिणाम ई अछि जे दिल्ली एकटा अंतरराष्ट्रीय शहरक रूप मे अपेक्षित ढंग सं विकसित नहि भए पाबि रहल अछि। कोनो देशक राजधानी ओकर अंतरराष्ट्रीय छवि निर्माण मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। मुदा समस्या मात्र दिल्ली धरि सीमित नहि अछि। देशक वित्तीय राजधानी मुंबईक स्थिति सेहो बहुत संतोषजनक नहि अछि। दिल्ली मे भवन ढहलाक बाद नगर निगमक किछु अधिकारी कें निलंबित कएल गेल आ दोसर किछु डेग सेहो उठाओल गेल, मुदा एहि बातक कोनो गारंटी नहि जे भविष्य मे एहन दुर्घटना नहि होयत। सत्य निकेतनक घटना मे छात्रक मृत्यु भेलाक कारण एकर राजनीतिकरण सेहो भए रहल अछि। छात्र राजनीति वर्तमान समय मे महत्वपूर्ण विषय बनल अछि, ताहि कारण ई चर्चा आओर तेज अछि। एहि घटना सं ई बात सेहो स्पष्ट भेल जे दिल्ली विश्वविद्यालय आ ओकर महाविद्यालय मे पढ़निहार छात्रक लेल पर्याप्त छात्रावास नहि अछि। छात्रावासक अभाव मे महाविद्यालयक लगपासक भवन सभ मे छात्रक लेल पीजी चलाओल जा रहल अछि।

# ब्रिक्स : मंच एक, मुदा उद्देश्य अलग-चीन रूस आ भारत आखिर चाहैत की अछि?

**शेखर गुप्ता**

चारि टेलीविजन चैनल एकरा एना प्रस्तुत कएलक अछि, जना 2023 मे नई दिल्ली मे भेल जी-20 शिखर सम्मेलनक बाद ई दुनियांक सभ सं महत्वपूर्ण सम्मेलन हो। एहि बेर जोश कें किछु बेसिए धार देल गेल प्रतीत होइत अछि। रंग-बिरंग पृष्ठभूमि आ युद्धक नगाड़ाक बीच एक संग ठाढ़ नरेंद्र मोदी, शी जिनपिंग आ व्लादिमीर पुतिनक तस्वीर देखू। संदेश स्पष्ट अछि - मानू एहि त्रिमूर्ति शैतान पश्चिम अर्थात पश्चिमी देशक विरुद्ध, अथवा डोनाल्ड ट्रंप कें हुनकर हैसियत बुझाबय लेल हाथ मिला लेल हो। मुदा वास्तविकता एतबे सरल नहि अछि। सभ सरकार, विशेष कए शक्तिशाली नेता, अपन छवि चमकाबय लेल शिखर सम्मेलन करैत अछि। मोदी सरकार तं एहि कलाक उपयोग खूब कुशलतापूर्वक करैत रहल अछि। मुदा ब्रिक्सक संयोजन, संतुलन आ अंतर्विरोध एहन अछि जे एकर पूरा रंग नहि जमैत देखाइत अछि। एहि सम्मेलन मे उपस्थित तीन प्रमुख नेताक बीच तालमेल सं बेसी मतभेद अछि। तीनू देशक दुनियां कें देखबाक दृष्टिकोण अलग अछि आ प्रतिद्वंद्वी सेहो अलग-अलग छथि। रूस चीनक सहयोगी अछि आ किछु हद धरि चीन पर निर्भर सेहो। भारत चीन कें अपन अस्तित्वक लेल पैघ प्रतिद्वंद्वी मानैत अछि। चीनक सोच अछि जे भारत आ रूस दुनू एतेक कमजोर छथि जे खेलक नियम सेहो ओ स्वयं तय कए सकैत अछि। एहि कारण ब्रिक्स कें प्रासंगिकता रहित समूह मानबाक तर्क सेहो सामने अबैत अछि। नाटो की अछि आ ओकर उद्देश्य की अछि, ई स्पष्ट अछि। शंघाई सहयोग संगठन सेहो मुख्यतः चीनक प्रभाव मे अछि। इस्लामी सहयोग संगठन कें लिअ - 57 देशक एहि समूह कें जोड़यबला कम-सं-कम एकटा साझा आधार अछि - इस्लाम। मुदा ब्रिक्सक



सदस्य देशक बीच एहन कोन साझा आधार अछि? की ई ट्रंप अथवा अमेरिकाक विरुद्ध संयुक्त मोर्चा अछि? कदापि नहि। पुतिन आ ट्रंप एक-दोसराक प्रशंसा करैत रहल छथि। शी जिनपिंग सेहो अमेरिका सं संबंध सुधारबाक प्रयास कए सकैत छथि। ट्रंपक अमेरिका प्रथम नीति चीन लेल अवसर सेहो बनि सकैत अछि। अमेरिका अपन गठबंधन कें कमजोर करैत अछि तं किछु देश अपन सुरक्षा लेल चीनक दिस मुड़ि सकैत छथि। एहि स्थिति मे चीन अपन हित मे रियायत हासिल करबाक प्रयास करत। रूसक स्थिति सेहो अलग अछि। रूस चीनक सीमा सं सटल परमाणु महाशक्ति अछि आ ऊर्जा क्षेत्र मे ओकर महत्व बहुत पैघ अछि। पुतिन सेहो नाटोक कमजोर होइत प्रभाव सं प्रसन्न छथि। हुनकर लक्ष्य यूक्रेन युद्ध मे अपन जीतक घोषणा करब अथवा अमेरिकी सहयोग घटैत धरि युद्ध जारी रखब भए सकैत अछि। तें ई मानब कठिन अछि जे शी अथवा पुतिन अमेरिका-विरोधी कोनो वैश्विक मोर्चा बनाबय लेल तैयार छथि। भारतक स्थिति दुनू देश सं अलग अछि। भारतक सीमा पर चीनक संग तनाव अछि आ सेना तैनात अछि। चीन स्थिरता चाहैत अछि जाहि सं व्यापार बढ़ि सकय। भारत-चीन व्यापार बहुत हद धरि एकतरफा अछि। चीनक भारी व्यापार अधिशेष मे भारतक हिस्सा लगभग 112 अरब डॉलर अछि। अमेरिका संग अधिशेष घटलाक बाद चीन वैकल्पिक बाजार ताकि रहल अछि। चीनक घटैत जनसंख्या आ कमजोर घरेलू मांगक कारण निर्यात आ व्यापार अधिशेषक महत्व ओकर लेल आर बढ़ि गेल अछि। 1988 मे देंग श्याओपिंग राजीव गांधी कें कहलनि जे सीमा विवाद सोझरेबा लेल हुनकर पीढ़ी मे पर्याप्त बुद्धिमत्ता नहि अछि, तें ई जिम्मा भविष्यक पीढ़ी पर छोड़ल जाय। शी लेल सेहो ओ भविष्य एखन नहि आयल बुझाइत अछि। ओ समय चाहैत छथि, जाहि दौरान चीन आ भारतक बीच शक्ति-भेद आर बढ़त। एहि बीच पाकिस्तान चीनक पक्ष मे भारतक संतुलन बिगाड़ैत रहत।

# वैश्विक अनिश्चितताक दौर मे आर्थिक संबल बनैत भारत : ब्रिक्स मे दिल्लीक कूटनीतिक धमक

**अशोक**

वैश्विक अर्थव्यवस्था एहि समय एहन दोराहा पर ठाढ़ अछि, जतय अनिश्चितता, भू-राजनीतिक तनाव आ आर्थिक मंदीक आशंका विकसित देशक गति कें धीमा कए देने अछि। एहन संकटपूर्ण वैश्विक परिस्थिति मे दिल्लीक भारत मंडपम मे आयोजित 18म ब्रिक्स शिखर सम्मेलन दुनियांक लेल नव आशाक रूप मे उभरल अछि। सम्मेलनक पैघ संदेश ई अछि जे जखन दुनियां युद्ध आ आर्थिक अस्थिरताक छाया मे अछि, तखन भारत वैश्विक मंच पर आर्थिक विकासक मजबूत आ विश्वसनीय चेहरा बनि कए सामने आयल अछि। ब्रिक्सक मंच पर भारतक आर्थिक शक्ति आ कूटनीतिक कौशल ई प्रमाणित करैत अछि जे दिल्ली आब मात्र वैश्विक विमर्शक हिस्सा नहि, बल्कि वैश्विक कार्यसूची कें प्रभावित करयवाला महत्वपूर्ण शक्ति बनि गेल अछि। एहि सम्मेलन मे भारतक केंद्रीय भूमिका बुझबाक लेल पहिने ओहि वैश्विक पृष्ठभूमि पर ध्यान देब आवश्यक अछि, जाहि मे सम्मेलन भेल। यूरोप आ अमेरिका जेकां परंपरागत आर्थिक शक्तिशाली देश महंगाई, ऋण संकट आ आंतरिक राजनीतिक अस्थिरता सं कमजोर भेल अछि। दोसर दिस रूस-यूक्रेन युद्ध आ मध्य-पूर्वक संकट वैश्विक आपूर्ति शृंखला कें प्रभावित कएलक अछि। एहि बीच अंतरराष्ट्रीय मुद्रा कोष आ विश्व बैंक भारत कें दुनियांक तेजी सं बढ़ैत प्रमुख अर्थव्यवस्था सभ मे गनैत रहल अछि। महामारी आ युद्धक झटका सहलाक बादो भारत अपन विकास दर सात प्रतिशतक लगपास बना रखबाक क्षमता देखौलक अछि। एहि कारण ब्रिक्सक सदस्य देशक बीच भारतक विकासक विश्वास महत्वपूर्ण बनल अछि। भारतक आर्थिक सफलताक प्रमुख आधार ओकर रणनीतिक स्वायत्तता आ संतुलित कूटनीति अछि। ब्रिक्सक विस्तारक बाद ई समूह आओर



प्रभावशाली भेल अछि। ईरान, सऊदी अरब, संयुक्त अरब अमीरात आ मिस्र जेकां देशक सहभागिता सं आर्थिक क्षमता बढ़ल अछि, मुदा संगहि भू-राजनीतिक जटिलता सेहो बढ़ल अछि। ईरान आ खाड़ी देशक पुरान तनाव आ अमेरिका सं हुनकर संबंधक बीच संतुलन बनौनाइ आसान नहि अछि। चीन ब्रिक्स कें पश्चिम-विरोधी समूह बनाबय चाहैत अछि, मुदा भारत एहि मंच कें कोनो देश अथवा गुटक विरोधक बदला वैश्विक दक्षिणक आवाज आ न्यायपूर्ण वैश्विक व्यवस्था लेल उपयोग करबाक पक्षधर रहल अछि। भारतक आर्थिक सामर्थ्यक पाछां डिजिटल सार्वजनिक ढांचा आ तकनीकी प्रगति सेहो महत्वपूर्ण अछि। भारत ब्रिक्स देशक सामने यूपीआइ, आधार आ डिजीलॉकर जेकां स्वदेशी डिजिटल व्यवस्था प्रस्तुत कएलक अछि। एहि माध्यम सं करोड़ो लोक बैंकिंग आ वित्तीय व्यवस्था सं जुड़ल छथि। विकासशील देशक लेल भारतक ई मॉडल विशेष रूप सं उपयोगी भए सकैत अछि। अफ्रीका आ लैटिन अमेरिकाक नव ब्रिक्स सदस्य देश भारतक अनुभव सं बिना भारी ऋणक डिजिटल वित्तीय समावेशनक व्यवस्था विकसित कए सकैत छथि। एहि तरह भारत दुनिया कें मात्र पूंजी नहि, बल्कि विकासक व्यावहारिक मार्ग सेहो देखबैत अछि। विनिर्माण आ हरित ऊर्जाक क्षेत्र मे भारतक प्रगति निवेशकक विश्वास बढ़ौने अछि। मेक इन इंडिया आ उत्पादन-संबद्ध प्रोत्साहन योजना जेकां पहल सं भारत वैश्विक विनिर्माणक वैकल्पिक केंद्रक रूप मे उभरि रहल अछि। चीन पर निर्भरता घटाबय चाहनिहार वैश्विक कंपनी सभ भारत कें अपन प्लस वन रणनीतिक महत्वपूर्ण केंद्र मानि रहल अछि। सेमीकंडक्टर, मोबाइल निर्माण आ औषधि उद्योग मे भारतक क्षमता वैश्विक स्तर पर स्थापित भए रहल अछि। हरित ऊर्जाक क्षेत्र मे अंतरराष्ट्रीय सौर गठबंधन आ जैव ईंधन गठबंधन जेकां पहल भारतक आर्थिक विकासक संग पर्यावरण संरक्षणक प्रतिबद्धता सेहो दर्शबैत अछि।

# सफलताक होड़ सं महत्वपूर्ण अछि जीवन

**राहुल राज**

प्रत्येक वर्ष 10 सितंबर कें विश्व आत्महत्या रोकथाम दिवस मनाओल जाइत अछि। ई दिन हमरा सभ कें सोचबाक लेल विवश करैत अछि जे आखिर एहन की भए रहल अछि जे जीवनक आरंभिक अवस्थाक युवा जीवन सं हारि मानय लगल छथि? भारत आइ दुनियांक सभ सं युवा जनसंख्याबला देश सभ मे एक अछि। हमर सभक सभ सं पैघ शक्ति युवा जनसंख्या अछि। मुदा जं ई युवा वर्ग शिक्षा, रोजगार, प्रतियोगिता, पारिवारिक अपेक्षा आ भविष्यक अनिश्चितताक दबाव मे मानसिक रूप सं टूटय लगय, तं ई मात्र व्यक्तिगत त्रासदी नहि, बल्कि राष्ट्रीय चिंताक विषय अछि। राष्ट्रीय अपराध अभिलेख ब्यूरोक क्राइम इन इंडिया 2023 रिपोर्टक अनुसार, भारत मे वर्ष 2023 मे 1,71,418 आत्महत्याक घटना दर्ज भेल। ई संख्या अपनापर अत्यंत गंभीर अछि। रिपोर्टक अनुसार आत्महत्याक राष्ट्रीय दर लगभग 12.4 प्रति एक लाख जनसंख्या रहल। सभ सं चिंताजनक बात ई अछि जे आत्महत्याक कारण मे पारिवारिक समस्या, बेमारी, वैवाहिक समस्या, नशा, आर्थिक कठिनाइ, परीक्षा मे असफलता आ करियर सं जुड़ल समस्या सेहो सम्मिलित अछि। निःसंदेह आत्महत्या सामान्यतः कोनो एकटा घटनाक परिणाम नहि होइत अछि।



एकर पाछां कतेको परिस्थिति, दीर्घकाल धरि बनल तनाव, निराशा, एकाकीपन, मानसिक स्वास्थ्य सं जुड़ल समस्या आ अपन परिस्थिति कें लए कए व्यक्तिक भीतर उपजल असहायताक भावना रहि सकैत अछि। आइ विद्यार्थी सभक आगू सफलताक परिभाषा बहुत संकीर्ण भेल जा रहल अछि। नीक अंक चाही, प्रतियोगी परीक्षा मे चयन चाही, प्रतिष्ठित महाविद्यालय चाही, नीक नोकरी चाही आ तकर बाद दोसरा सं बेसी वेतन चाही। ई सोच सभ सं खतरनाक अछि। कोनो एकटा परीक्षा मे असफल होयब जीवन मे असफल होयब नहि अछि। कोनो प्रतियोगी परीक्षा मे चयन नहि होयब व्यक्तिक प्रतिभाक अंतिम मूल्यांकन नहि अछि। मुदा जखन विद्यार्थी कें परिवार, समाज आ अपन अपेक्षा सभक कारण निरंतर ई अनुभव होय जे सफलताक अतिरिक्त ओकरा लग कोनो दोसर विकल्प नहि अछि, तखन तनाव गंभीर रूप धारण कए सकैत अछि। राजस्थानक कोटा बहुत समय सं आइआइटी-जेईई आ नीट जेकां प्रतियोगी परीक्षाक तैयारीक प्रमुख केंद्र रहल अछि। देशक विभिन्न भाग सं हजारो विद्यार्थी ओतय पहुंचैत छथि। कठोर प्रतियोगिता, लंबा अध्ययन समय, परीक्षा शृंखला, रैंक आ निरंतर मूल्यांकनक बीच कतेको विद्यार्थी मानसिक दबावक सामना करैत छथि। कोटा वास्तव मे ओहि व्यापक राष्ट्रीय समस्याक प्रतीक बनि गेल अछि, जाहि मे शिक्षा आ करियरक प्रतियोगिता कहियो-कहियो विद्यार्थी कें समग्र व्यक्तित्व पर भारी पड़ि जाइत अछि। ई मानब सेहो उचित नहि जे समस्या मात्र कोचिंग संस्थान अथवा छोट शहर धरि सीमित अछि। देशक प्रतिष्ठित आइआइटी, नीट, विश्वविद्यालय आ चिकित्सा संस्थान मे पढ़निहार विद्यार्थी सेहो मानसिक दबाव सं गुजरैत छथि। देशक विभिन्न उच्च शिक्षण संस्थान मे मानसिक दबावक कारण विद्यार्थी द्वारा आत्महत्याक घटना समय-समय पर सामने अबैत रहल अछि। एहन घटना हमरा सभ कें ई सोचबाक लेल बाध्य करैत अछि जे मात्र उत्कृष्ट शैक्षणिक संस्थान उपलब्ध करा देब पर्याप्त नहि अछि। ओतय विद्यार्थी लेल सुरक्षित, संवेदनशील आ सहयोगपूर्ण मानसिक वातावरण सेहो आवश्यक अछि। उच्च शिक्षा व्यवस्था मे मानसिक स्वास्थ्य सहायता कें संस्थागत रूप देबाक आवश्यकता एहन घटना स्पष्ट करैत अछि। माता-पिताक अपेक्षा स्वाभाविक अछि, मुदा तुलना आ निरंतर दबाव विद्यार्थी कें आत्मविश्वास कमजोर कए सकैत अछि। एहि गंभीर समस्याक समाधान लेल शिक्षा व्यवस्था मे सेहो परिवर्तन आवश्यक अछि। प्रत्येक विद्यार्थी डॉक्टर, अभियंता अथवा सरकारी अधिकारी नहि बनि सकैत अछि। देश कें कतेको दोसर क्षेत्र मे सेहो प्रतिभाशाली युवाक आवश्यकता अछि। करियरक विकल्प बढ़नाइ चाही। एहि सं रोजगार आ करियरक दबाव घटत। विद्यालय आ विश्वविद्यालय मे नियमित परामर्श, मानसिक स्वास्थ्यक जांच, प्रशिक्षित मनोवैज्ञानिकक उपलब्धता, हेल्पलाइन आ संकटाक समय त्वरित सहायता व्यवस्था अनिवार्य होयबाक चाही। बच्चा सभ कें ई बुझेनाइ आवश्यक अछि जे जीवन कोनो प्रतियोगी परीक्षा नहि अछि, जाहि मे मात्र एकटा रैंक भेटैत अछि। विश्व आत्महत्या रोकथाम दिवस हमरा सभ कें अपन लगपासक लोकक प्रति संवेदनशील बनेबाक सीख दैत अछि। जं कोनो विद्यार्थी अनचोके बहुत चुप रहय लगय, सामाजिक संपर्क सं दूर होय, पढ़ाइ अथवा सामान्य गतिविधि मे रुचि हराबय, अत्यधिक निराशा व्यक्त करय अथवा अपन जीवन कें निरर्थक कहय लगय, तं ओकरा अनदेखा नहि करबाक चाही। जं कोनो व्यक्ति कें आत्महत्याक विचार आबि रहल हो अथवा तत्काल खतरा बुझाइत हो, तं ओकरा एकांत मे नहि छोड़ि तुरंत परिवार, स्थानीय आपातकालीन सेवा अथवा मानसिक स्वास्थ्य सहायता सं संपर्क करबाक चाही। हमरा सभ कें एहन परिवार बनाबय पड़त, जतय बच्चा असफल भेलाक बादो निःसंकोच घर लौटि सकय। एहन विद्यालय बनाबय पड़त, जतय विद्यार्थी अपन समस्या कहि सकय। आ एहन समाज बनाबय पड़त, जतय कोनो युवाक मूल्य ओकर नौकरी, वेतन अथवा परीक्षाक रैंक सं नहि, बल्कि ओकर जीवन आ व्यक्तित्व सं निर्धारित हो।

ई सोच सभ सं खतरनाक अछि। कोनो एकटा परीक्षा मे असफल होयब जीवन मे असफल होयब नहि अछि। कोनो प्रतियोगी परीक्षा मे चयन नहि होयब व्यक्तिक प्रतिभाक अंतिम मूल्यांकन नहि अछि। मुदा जखन विद्यार्थी कें परिवार, समाज आ अपन अपेक्षा सभक कारण निरंतर ई अनुभव होय जे सफलताक अतिरिक्त ओकरा लग कोनो दोसर विकल्प नहि अछि, तखन तनाव गंभीर रूप धारण कए सकैत अछि। राजस्थानक कोटा बहुत समय सं आइआइटी-जेईई आ नीट जेकां प्रतियोगी परीक्षाक तैयारीक प्रमुख केंद्र रहल अछि। देशक विभिन्न भाग सं हजारो विद्यार्थी ओतय पहुंचैत छथि। कठोर प्रतियोगिता, लंबा अध्ययन समय, परीक्षा शृंखला, रैंक आ निरंतर मूल्यांकनक बीच कतेको विद्यार्थी मानसिक दबावक सामना करैत छथि। कोटा वास्तव मे ओहि व्यापक राष्ट्रीय समस्याक प्रतीक बनि गेल अछि, जाहि मे शिक्षा आ करियरक प्रतियोगिता कहियो-कहियो विद्यार्थी कें समग्र व्यक्तित्व पर भारी पड़ि जाइत अछि। ई मानब सेहो उचित नहि जे समस्या मात्र कोचिंग संस्थान अथवा छोट शहर धरि सीमित अछि। देशक प्रतिष्ठित आइआइटी, नीट, विश्वविद्यालय आ चिकित्सा संस्थान मे पढ़निहार विद्यार्थी सेहो मानसिक दबाव सं गुजरैत छथि।

# यूपी चुनाव मे जदयूक योजना : मजबूत बूथ बला सीट पर प्रत्याशी उतारत



अगिला वर्ष उत्तर प्रदेश मे होमय बला विधानसभा चुनाव कें लए जनता दल यूनाइटेड (जदयू) अपन तैयारी तेज कए देलक अछि। पार्टी ओहि विधानसभा सीट पर प्रत्याशी उतारबाक रणनीति बना रहल अछि, जतए बूथ स्तर पर ओकर संगठनक पकड़ मजबूत अछि। उत्तर प्रदेशक मिजार्पुर मे शनिदिन जदयू दिस सं मंडलीय सम्मेलन आयोजित कएल गेल। सम्मेलनक बाद यूपी जदयू प्रभारी आ बिहारक ग्रामीण विकास तथा सूचना-जनसंपर्क मंत्री श्रवण कुमार चुनावी रणनीति कें लए महत्वपूर्ण जानकारी देलनि।

ओ स्पष्ट कएलनि जे पार्टी प्रत्येक सीट पर चुनाव लड़बाक बदला संगठनात्मक रूप सं मजबूत क्षेत्र पर ध्यान देत। श्रवण कुमार कहलनि जे जाहि विधानसभा सीट पर जदयूक बूथ कमेटी मजबूत अछि, ओतहि चुनाव लड़बाक तैयारी कएल जाएत। ओ कहलनि जे चुनावी रणनीतिक आधार पार्टीक जमीनी संगठन आ बूथ स्तरक मजबूती रहत। गठबंधनक सवाल पर श्रवण कुमार कहलनि जे कोन दलक संग गठबंधन होयत, एकर फैसला पार्टीक शीर्ष नेतृत्व करत। एहि सं स्पष्ट अछि जे जदयू फिलहाल संगठन विस्तार आ संभावित सीट सभक पहचान पर अपन ध्यान केंद्रित केने अछि।

**गठबंधन पर फैसला शीर्ष नेतृत्व करत**

श्रवण कुमार बतौलनि जे बनारस मे 24, 25 अथवा 26 तारीख मे सं कोनो एक दिन प्रदेश स्तरीय कार्यक्रम प्रस्तावित अछि। एहि कार्यक्रम मे जदयूक वरिष्ठ नेता सभक संग अन्य मंत्री सेहो शामिल भए सकैत छथि। पार्टी दिस सं उत्तर प्रदेश मे संगठन कें आ मजबूत करबाक लेल लगातार कार्यक्रम कएल जा रहल अछि। मंडलीय सम्मेलनक माध्यम सं कार्यकर्ता सभ कें चुनावी तैयारीक संग बूथ स्तर पर संगठन मजबूत करबाक संदेश देल जा रहल अछि। यूपी जदयू अध्यक्ष अनूप सिंह पटेल चुनाव लड़बाक इच्छुक कार्यकर्ता सभ सं बूथ लेवल कमेटी तैयार करबाक आह्वान कएलनि। ओ कहलनि जे इच्छुक कार्यकर्ता अपन बूथ कमेटी तैयार कए प्रदेश कार्यालय मे आवेदन देथि। एकर संगहि संगठन कें मजबूत करबाक आ सदस्यता अभियान कें तेज गति सं आगू बढ़ेबाक पर सेहो जोर देल गेल। पार्टीक ध्यान आब बूथ स्तर पर सक्रिय कार्यकर्ता सभक पहचान आ संगठनक विस्तार पर अछि।

जदयूक रणनीति मे बूथ स्तरक संगठन कें सब सं महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। पार्टी ओहि क्षेत्र मे चुनावी मैदान मे उतरेबाक तैयारी कए रहल अछि, जतए संगठनक मौजूदगी आ बूथ कमेटी प्रभावी अछि। मिजार्पुर मे आयोजित मंडलीय सम्मेलनक माध्यम सं कार्यकर्ता सभ कें चुनावी तैयारी लेल सक्रिय कएल गेल। आगू प्रदेश स्तरक कार्यक्रम आ सदस्यता अभियानक माध्यम सं संगठन विस्तारक कवायद कें आ तेज करबाक तैयारी अछि। मुदा, सीट सभक आखरी संख्या आ संभावित गठबंधन कें लए फैसला पार्टीक शीर्ष नेतृत्व करत।

# यूपी विधानसभा चुनाव सं पहिने ईवीएम-वीवीपैटक होयत जांच



उत्तर प्रदेश मे आगामी विधानसभा चुनाव सं पहिने ईवीएम आ वीवीपैट मशीनक फर्स्ट लेवल चेकिंग (एफएलसी) कराओल जाएत। मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा अधिकारी सभ कें एफएलसी प्रक्रिया पारदर्शी आ निर्धारित मानकक अनुरूप करबाक निर्देश देलनि अछि।

## सभ दल कें हर चरणक देल जाएत जानकारी

राजनीतिक दलक प्रतिनिधि सभ कें जांचक प्रत्येक चरणक जानकारी देल जाएत आ हुनकर मौजूदगी मे प्रक्रिया पूरा कएल जाएत। मुख्य निर्वाचन अधिकारी बतौलनि जे एफएलसी कें लए जिला निर्वाचन अधिकारी, उप जिला निर्वाचन अधिकारी आ एफएलसी सुपरवाइजर कें प्रशिक्षण देल जा रहल अछि। एक दिवसीय प्रशिक्षण कार्यशाला मे अधिकारी सभ कें ईवीएम-वीवीपैट जांच सं जुड़ल तकनीकी आ प्रशासनिक प्रक्रिया संबंधी जानकारी देल जा रहल अछि। एहि क्रम मे रवि दिन लखनऊ स्थित डॉ. राम मनोहर लोहिया प्रशिक्षण एवं प्रबंध अकादमी मे प्रशिक्षण कार्यशाला आयोजित होयत। एहि मे 33 जिलाक जिला निर्वाचन अधिकारी, उप जिला निर्वाचन अधिकारी आ एफएलसी सुपरवाइजर शामिल होयताह। एकरा पहिने गौतमबुद्ध नगर आ वाराणसी मे प्रशिक्षण कार्यशाला आयोजित भए चुकल अछि। गौतमबुद्ध नगर आ वाराणसी मे 21-21 जिलाक अधिकारी सभ कें प्रशिक्षण देल जा चुकल अछि। एफएलसीक दौरान ईवीएम आ वीवीपैट मशीनक तकनीकी स्थितिक जांच कएल जाएत, जाहि सं चुनावक दौरान मशीनक संचालन मे कोनो तरहक तकनीकी समस्या नहि हो।

## निर्वाचन प्रक्रिया मे पारदर्शिता पर जोर

एफएलसी प्रक्रिया मे राजनीतिक दलक प्रतिनिधि सभक मौजूदगी सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल अछि। जांचक सभ चरणक जानकारी दल सभ कें देल जाएत, जाहि सं ईवीएम आ वीवीपैट मशीनक जांच प्रक्रिया पारदर्शी रहए आ सभ पक्ष कें प्रक्रिया पर भरोसा बनल रहए। आगामी विधानसभा चुनाव कें ध्यान मे राखैत निर्वाचन विभाग तैयारी तेज कए देलक अछि। ईवीएम आ वीवीपैटक तकनीकी जांच एहि तैयारीक महत्वपूर्ण हिस्सा अछि।

# मायावतीक भतीजी दीपिका आनंदक राजनीति मे प्रवेश कहिया, की यूपी चुनाव 2027क प्रतीक्षा अछि?





बहुजन समाज पार्टी (बसपा) प्रमुख मायावतीक भतीजी दीपिका आनंदक राजनीति मे प्रवेश कें लए चर्चा तेज अछि। राजनीतिक गलियारा मे ई सवाल उठि रहल अछि जे दीपिका आनंद सक्रिय राजनीति मे कहिया प्रवेश करती आ की हुनकर राजनीतिक पदार्पणक लेल उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 धरि प्रतीक्षा कएल जाएत? दीपिका आनंद मायावतीक भतीजी छथि। हुनका कें लए राजनीतिक रूप सं सक्रिय होयबाक संभावना पर समय-समय पर चर्चा होइत रहल अछि। मुदा एखन धरि हुनकर राजनीति मे औपचारिक प्रवेशक संबंध मे कोनो स्पष्ट घोषणा नहि भेल अछि। उत्तर प्रदेश मे 2027 मे विधानसभा चुनाव प्रस्तावित अछि। एहि कारण राजनीतिक दल सभ संगठन कें मजबूत करबाक संग संभावित चेहरा सभ पर सेहो ध्यान दए रहल अछि।

एहि क्रम मे दीपिका आनंदक राजनीति मे प्रवेश कें लए सेहो चर्चा होमय लागल अछि। मायावती लंबा समय सं उत्तर प्रदेशक राजनीति मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत रहल छथि। एहन स्थिति मे हुनकर परिवारक कोनो सदस्यक सक्रिय राजनीति मे प्रवेश बसपा लेल सेहो महत्वपूर्ण मानल जा सकैत अछि। मुदा दीपिका आनंदक राजनीतिक भूमिका आ हुनकर प्रवेशक समय कें लए आखरी निर्णय मायावती अथवा पार्टीक शीर्ष नेतृत्व दिस सं होयत। एखन धरि ई स्पष्ट नहि अछि जे दीपिका आनंद 2027क विधानसभा चुनाव सं पहिने सक्रिय राजनीति मे प्रवेश करती वा बाद मे। एहि लेल यूपी चुनाव 2027 कें लए हुनकर संभावित राजनीतिक पदार्पण पर नजरि बनल अछि।

# तमिलनाडु मे टीवीके कें भेटल मान्यता, सीटी चुनाव चिह्न भेटला सं गदगद थलपति विजय



तमिलनाडुक राजनीतिक इतिहास मे एकटा महत्वपूर्ण पड़ावक रूप मे निर्वाचन आयोग थलपति विजयक अगुआई बला तमिलगा वेत्री कषगम (टीवीके) कें आधिकारिक रूप सं राज्य स्तरीय राजनीतिक दलक मान्यता देलक अछि। एकर अतिरिक्त निर्वाचन आयोग पार्टीक सीटी अर्थात व्हिसल बला चुनाव चिह्न कें पार्टीक स्थायी चुनाव चिह्नक रूप मे सेहो मंजूरी देलक अछि। एहि ऐतिहासिक घोषणाक बाद टीवीके प्रमुख आ अभिनेता थलपति विजय सोशल मीडिया मंच एक्सक माध्यम सं तमिलनाडुक जनता कें हृदय सं आभार व्यक्त कएलनि। विजय दू वर्ष पहिने शुरू कएल अपन पार्टी टीवीकेक 2026 विधानसभा चुनाव मे प्रदर्शन पर चर्चा कएलनि आ अपन सरकारक प्राथमिकता कें रेखांकित कएलनि। समर्थक सभ लेल ह्यएक्सह्न पर साझा कएल गेल संदेश मे विजय 2026 विधानसभा चुनाव मे टीवीकेक उदय कें तमिलनाडुक राजनीति मे एकटा चमत्कार बतौलनि। ओ समर्थक सभ कें कहलनि जे भारत निर्वाचन आयोग हुनकर तमिलगा वेत्री कषगम कें तमिलनाडु आ केंद्र शासित प्रदेश पुडुचेरी मे पंजीकृत राजनीतिक दलक रूप मे मान्यता देलक अछि। विजय कहलनि जे 35 प्रतिशत वोटक संग लोक टीवीके कें सब सं पैघ राजनीतिक दलक दर्जा दियौलनि। ओ कहलनि जे लोकक एहि निर्णयक सम्मान करैत आ लोकतांत्रिक शक्तिक समर्थन सं ओ ईमानदार आ भ्रष्टाचारमुक्त शासन लेल प्रतिबद्ध छथि। विजय धर्मनिरपेक्ष सामाजिक न्याय आ पारदर्शी शासनक प्रति राज्य सरकारक प्रतिबद्धता दोहरौलनि। ओ पूरा राज्य मे निरंतर जनसेवा आ कल्याणकारी योजना सभक माध्यम सं मतदाताक भरोसा पर खरा उतरेबाक संकल्प व्यक्त कएलनि।

**टीवीके कें केना भेटल मान्यता? :** वास्तव मे निर्वाचन आयोग दिस सं टीवीके कें मान्यता 2026क तमिलनाडु विधानसभा चुनाव मे शानदार प्रदर्शनक बाद भेटल अछि। एहि चुनाव मे टीवीके सब सं पैघ दल बनि कए उभरल। अपन पहिल चुनाव लड़ैत टीवीके 234 निर्वाचन क्षेत्र मे सं 108 सीट पर जीत हासिल कएलक आ राज्यभरि मे पड़ल वैध वोटक 34.92 प्रतिशत हिस्सा प्राप्त कएलक। निर्वाचन आयोगक ई फैसला पार्टी लेल महत्वपूर्ण संगठनात्मक उपलब्धि अछि। एहि पार्टीक स्थापना आ नेतृत्व अभिनेता सं राजनीतिज्ञ बनल सी. जोसेफ विजय कएलनि अछि। आब टीवीके तमिलनाडुक आधिकारिक रूप सं मान्यता प्राप्त राज्य स्तरीय दल सभ मे शामिल भए गेल अछि आ पार्टीक प्रत्याशी आगूक चुनाव मे एहि आरक्षित चुनाव चिह्नक अंतर्गत चुनाव लड़ि सकताह। विधानसभा चुनाव सं पहिने जनवरी मे टीवीके कें शुरूआती रूप सं ह्यसीटीह्न चिह्न सामान्य चुनाव चिह्नक रूप मे देल गेल छल। ओहि समय पार्टी पंजीकृत तं छल, मुदा ओकरा मान्यता नहि भेटल छल। अपन पहिल चुनावी मोकाबलाक तैयारीक दौरान पार्टी अपन प्रत्याशी सभ लेल एक्के चुनाव चिह्नक मांग केने छल। चुनाव मे शानदार प्रदर्शनक बाद आब एहि चिह्न कें औपचारिक रूप सं पार्टी लेल आरक्षित कए देल गेल अछि। चुनाव चिह्न (आरक्षण आ आवंटन) आदेश, 1968 अंतर्गत कोनो राजनीतिक संगठन अपन वोट शेयर आ विधानसभा अथवा लोकसभा चुनाव मे जीतल सीट सं जुड़ल कतेको शर्त मे सं कोनो एकटा पूरा कए राज्य स्तरीय दलक रूप मे मान्यता प्राप्त कए सकैत अछि। एकटा तरीका ई अछि जे पार्टी राज्य मे पड़ल वैध वोटक कम सं कम 6 प्रतिशत हिस्सा प्राप्त करए आ कम सं कम दू विधानसभा सीट जीतए। कोनो पार्टी राज्य मे वैध वोटक कम सं कम 8 प्रतिशत हिस्सा प्राप्त कए सेहो एहि लेल योग्य भए सकैत अछि।

**टीवीकेक उदय कें लए विजय की कहलनि?**

**टीवीके कें भेटल अलग संस्थागत पहिचान :** टीवीकेक वोट शेयर आ जीतल सीट दुनू पैमाना सं बहुत बेसी रहल। एहि मान्यताक व्यावहारिक आ राजनीतिक महत्व अछि। तमिलनाडु मे ह्यसीटीह्न चुनाव चिह्नक विशेष उपयोगक अधिकारक अतिरिक्त, एहि सं टीवीके कें राज्यक चुनावी परिदृश्य मे अलग संस्थागत पहचान भेटैत अछि आ चुनाव प्रचार मे ओकर पहचानक निरंतरता सेहो सुनिश्चित होइत अछि। टीवीकेक एहि सूची मे शामिल भेलाक संग आब तमिलनाडु मे 7टा मान्यता प्राप्त राज्य स्तरीय दल भए गेल अछि। दोसर दल मे द्रमुक, अन्नाद्रमुक, भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी, विदुथलाई चिरुथिगल काची, नाम तमिलर काची आ देसिया मुरपोक्कू द्रविड़ कड़गम शामिल अछि। ई आदेश औपचारिक रूप सं टीवीके कें नव शुरू भेल राजनीतिक आंदोलन सं एकटा प्रमुख चुनावी शक्ति मे भेल परिवर्तन कें मजबूत करैत अछि।

# पत्रकारक पिटाइक विरोध मे आइ सड़क पर उतरताह पत्रकार

**समाहरणालय पहुंचि प्रभारी मंत्री, डीआईजी, डीएम आ एसपी कें देत ज्ञापन**

सहरसा, समदिया

सदर अस्पताल मे खबरि संकलनक दौरान डिजिटल पत्रकार अभिषेक कुमारक संग माइरपीट, गाली गलौज आ लूटपाटक घटनाक विरोध मे जिलाक पत्रकार सोमदिन सड़क पर उतरता। जिला पत्रकार संघ एहि घटनाके पत्रकारिताक स्वतंत्रता पर हमला बतबैत प्रतिरोध मार्च निकालबाक निर्णय लेने अछि। भोरे 10 बजे वीर कुंवर सिंह चौक सं मार्च निकलि समाहरणालय पहुंचत। ओतय जिला प्रभारी मंत्री सह शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी, डीआईजी डॉ. कुमार आशीष, जिलाधिकारी दीपेश कुमार आ पुलिस अधीक्षक विक्रमसिहाग के ज्ञापन देल जाएत आ दोषीक विरुद्ध तत्काल कारबाइक मांग कएल जाएत। रविदिन डीबी रोड स्थित जिला परिषदक पूजा रिसोर्ट मे



जिला पत्रकार संघक बैसार भेल। बैसार मे पत्रकार सभ घटनाके लएतीव्र आक्रोश व्यक्त कएलनि। संघ चेतावनी देलक जे दोषीक विरुद्ध शीघ्र आ निष्पक्ष कारबाइ नहि भेलतं आंदोलनके चरणबद्ध ढंग सं तेज कएल जाएत। एहि क्रम मे धरना, विरोध-प्रदर्शन आ प्रशासनिकखबरक बहिष्कार जेकां कदम उठाओल जा सकैत अछि।नामजद आरोपितक गिरफ्तारीक मांगप्रस्तावित ज्ञापन मे पत्रकारक आवेदन पर प्राथमिकी दर्ज करबाक, नामजद आरोपितक संग घटना मे संलिप्त अन्य लोकक पहचान कए गिरफ्तारी आ कानूनी

**» जिला पत्रकार संघ निकालत प्रतिरोध मार्च**

कारबाइ करबाक मांग कएल गेल अछि। संगहि सदर अस्पतालक प्रभारी अधीक्षक डॉ. एसके आजाद, अस्पताल प्रबंधक सिंपी कुमारी, डॉ. रौशन लाल, डॉ. नीरज कुमार नीरव, डॉ. नफीज सोहेल आ कर्मी मो. रफीक के तत्काल हटेबाक मांग कएल गेल अछि। संघअस्पताल प्रबंधक सिंपी कुमारीक कार्यकालक वित्तीय गतिविधि आ हुनकर नियुक्तिक जांचक मांग सेहोकएल अछि।ओटीक कोठरी मे बंद कए माइरपीटक आरोप ज्ञापन मे कहल गेल अछि जे 12 सितंबर कें खबर संकलनक दौरान पत्रकार अभिषेक कुमारक संग माइरपीट, गारि-गरौव्वलि आ लूटपाट कएल गेल। आरोप अछि जे हुनका ऑपरेशन थियेटरक एकटा कोठरीमे बंद कए मारल गेल, जाहि सं ओ घायल भए गेलाह आ हुनका उपचार कराबय पड़ल। पत्रकार सभ कहलनि जे जनहितक मामिलाक रिपोर्टिंग करयवला पत्रकारक संग अस्पताल परिसर मे एहि तरहक घटना गंभीर विषय अछि। संघ प्रशासन सं निष्पक्ष जांच, दोषीक पहचान आ शीघ्र कानूनी कारबाइक मांग कएलनि। बैसार मे नवीन निशांत, नीरज कुमार सिंह, कुंदन सिंह, दीपांकर श ्रीवास्तव, राजीव झा, विनय कुमारमिश्र, मनोज सिंह, राजन कुमार, शैलेश रवि, आनंद कुमार झा सहित पैघ संख्या मे पत्रकार उपस्थितछलाह।

# युवा आपदा मित्र कें सर्पदंश, डूबान आ भीड़ नियंत्रणक देल गेल प्रशिक्षण



दरभंगा, समदिया

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक राष्ट्रीय सेवा योजना कोषांगक तत्वावधान मे बिहार राज्य आपदा प्रबंधन प्राधिकरण, पटनाक सौजन्य सं आयोजित सात दिवसीय आवासीय 'युवा आपदा मित्र'प्रशिक्षण शिविरक छठम दिन स्वयंसेवक सभ कें विभिन्न आपदा सं बचाव आ प्रबंधनक जानकारी देलगेल। शिविर मे दरभंगा जिलाक 200 स्वयंसेवक प्रशिक्षण प्राप्त कए रहल छथि। प्रशिक्षणक पहिल सत्र मेमालिक कुमार 'जल, जीवन आ हरियाली' विषय पर प्रकाश दैत जल संरक्षण, बरखा जल संचयन आहरियालीक महत्वक जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे जल आ हरियाली पर्यावरणक संतुलन लेलआवश्यक अछि आ एकर संरक्षण प्रत्येक नागरिकक जिम्मेदारी अछि। एसडीआरएफ प्रशिक्षक रूपेश कुमार पासवान सर्पदंश प्रबंधनक जानकारी दैत विषैला सांपक पहचान, सर्पदंशक लक्षण आ प्राथमिक उपचारक उपाय बतौलनि। ओ सर्पदंशक स्थिति मे झाड़-फूंकक बदलातत्काल चिकित्सकीय सहायता लेबाक अपील कएलनि। गौरव कुमार पानि मे डूबबाक घटना, बचाव आप्राथमिक उपचारक संबंध मे जानकारी देलनि। प्रशिक्षक संतोष कुमार वृक्षारोपणक उपयोगिता पर प्रकाशदेलनि। आखरी सत्र मे गौरव कुमार धार्मिक आयोजन, मेला, जुलूस आदि मे भीड़ नियंत्रणक उपायबतौलनि। प्रशिक्षणक दौरान स्वयंसेवक सभ योग, पीटी, परिसर भ्रमण आ सांस्कृतिक कार्यक्रम मे सेहो भाग लेलनि।

# अमल कुमार झाक भव्य सम्मान, साहित्य सांस्कृतिक योगदानक भेल सराहना

**शिम्मर फाउंडेशन आ बाबूजीक लाइब्रेरीक संयुक्त तत्वावधान मे भेल समारोह**

दरभंगा, समदिया

साहित्य, शिक्षा, समाज आ संस्कृतिक क्षेत्र मे उल्लेखनीय योगदान देनिहार मैथिलीसेवी अमल कुमार झाक सम्मान मे रविदिन राजकुमार गंज स्थित बाबूजीक लाइब्रेरीक सभागार मे सम्मान समारोह आयोजितभेल। कार्यक्रम शिम्मर फाउंडेशन, दरभंगा आ बाबूजीक लाइब्रेरीक संयुक्त तत्वावधान मे भेल। समारोहकअध्यक्षता ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक मैथिली विभागक पूर्व विभागाध्यक्ष डॉ. रमण झा कएलनि। कार्यक्रमक शुभारंभ डॉ. सुषमा झा मंगलगीत जय जय भैरवक गायन सं कएलनि। तत्पश्चात अतिथि सभ दीप प्रज्वलित कए समारोहक विधिवत उद्घाटन कएलनि। बाबूजीक लाइब्रेरीक राजेश कुमारसिंह ठाकुर स्वागत भाषणक माध्यम सं अतिथिसभक स्वागत कएलनि। एहि अवसर पर अमल




कुमार झाकें अभिनंदन-पत्र समर्पित कए हुनकर साहित्यिक, शैक्षिक, सामाजिक आ सांस्कृतिक योगदानक सम्मान कएल गेल। अतिथि सभ कें मिथिला पेंटिंग, पाग आ दोपटा प्रदान कए सम्मानित कएल गेल, जाहि संमिथिलाक कला, परंपरा आ सांस्कृतिक पहिचानक सुंदर झलक देखल गेल। समारोह मे सुशांत भास्कर, डॉ. अवनींद्र कुमार झा, सुमिता झा, मंजर सुलेमान, जमील हसरत, विजय शंकर झा, श्यामानंद कुमार, विजय मिश्रा, तरुण मिश्रा, शंभू नारायण चौधरी (ठगड़िया), योगानंद झा सहित साहित्य, शिक्षा, समाज आ संस्कृतिक क्षेत्र सं जुड़ल कतेको गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह। शिम्मर फाउंडेशनक संस्थापक सह फिल्म निर्देशक सुमित सुमन कहलनि जे कोनो व्यक्तिक योगदानकसार्वजनिक सम्मान हुनकर उत्साहवर्धनक संग समाज मे साहित्य, संस्कृति आ रचनात्मक कार्यक प्रतिप्रेरणा आ सम्मानक भावना सेहो बढ़बैत अछि। एहन आयोजन नव पीढ़ी कें अपन समाज, भाषा आसंस्कृति सं जुड़बाक प्रेरणा दैत अछि। ओ कहलनि जे शिम्मर फाउंडेशन साहित्य, कला आ संस्कृतिक क्षेत्रमे सार्थक आयोजनक माध्यम सं सांस्कृतिक चेतना मजबूत करबाक लेल निरंतर प्रयासरत अछि। अंत मेस्वर्ण किरण झा 'प्रेरणा' धन्यवाद ज्ञापन कएलनि। समारोह मे उपस्थित लोकनि अमल कुमार झाक साहित्यिक, शैक्षिक आ सामाजिक योगदानक सराहना करैत हुनका शुभकामना देलनि।

# प्राथमिक विद्यालय अभंडा मे रोटरी क्लब लगौलक वाटर प्यूरिफायर

**बच्चा सभक बीच बांटलक पढ़ाइ आ खेलक सामग्री**

दरभंगा, समदिया

रोटरी क्लब ऑफ दरभंगाक दिस सं रविदिन प्राथमिक विद्यालय अभंडा मे बच्चा सभ आ शिक्षकक लेल स्वच्छ आ शीतल पेयजल उपलब्ध करयबाक पहल कएल गेल। क्लबक दिस सं विद्यालय मे वाटरप्यूरिफायर आ वाटर कूलरक सुविधा उपलब्ध कराओल गेल। एकर संगहि बच्चा सभ कें किताब, कॉपी, बैग, कलम सहित अन्य शैक्षणिक सामग्री आ खेलकूदक सामग्री सेहो देल गेल। कार्यक्रमक उद्देश्यविद्यालय मे पढ़यवला बच्चा सभ कें नीक शैक्षणिक वातावरण उपलब्ध करयबाक संग हुनकर बुनियादीजरूरत पूरा करब रहल। भीषण गर्मी आ विद्यालय मे पेयजल आवश्यकता कें देखैत वाटर प्यूरिफायर आकूलरक सुविधा बच्चा सभ लेल उपयोगी साबित होयत। आर्थिक रूप सं कमजोर परिवारक बच्चा सभ कें शैक्षणिक सामग्री भेटला सं पढ़ाइ



मे सेहो सुविधा होयत। कार्यक्रम मे रोटरी क्लब ऑफ दरभंगाक अध्यक्ष रोटेरियन डॉ. मणि शंकर, सचिव रोटेरियन अमरेंद्रनारायण सिंह आ कोषाध्यक्ष रोटेरियन रानू कुमारक प्रमुख भूमिका रहल। क्लबक दिस सं रोटेरियन कुमारसंजय कें तत्कालीन पास्ट प्रेसिडेंट, रोटेरियन शैलेंद्र झा कें वाइस प्रेसिडेंट, रोटेरियन डॉ. गौरी शंकर कें क्लब ट्रेनर आ रोटेरियन इंजीनियर सतीश सिंह कें कार्यकारी सचिवक जिम्मेदारी देल गेल अछि। क्लबक निदेशक मंडल मे रोटेरियन डॉ. राजेश द्विवेदी, रोटेरियन आलोक कुमार सिंह, रोटेरियन डॉ. हरि दामोदरसिंह, रोटेरियन डॉ. गौरी शंकर झा, रोटेरियन इंजीनियर सतीश सिंह, रोटेरियन सैयद हशामुद्दीन, रोटेरियन अजय कुमार कनोडिया, रोटेरियन इंजीनियर तनुज मेहता, रोटेरियन इंदिरा झा आ रोटेरियन प्रीतम बोहरा शामिल छथि। रोटेरियन डॉ. राजेश द्विवेदी क्लबक संपादक छथि। रोटेरियन डॉ. अमित झा आ रोटेरियन राहुल मिश्रा कें सार्जेंट एट आर्म्सक जिम्मेदारी देल गेल अछि। कार्यक्रमक बाद दोपहर 1 बजे एमएलएकेडमीक लग स्थित एकटा निजी रेस्टोरेंट मे संगोष्ठी आयोजित भेल। एहि मे बच्चासभक शिक्षा, स्वास्थ्य आ सामाजिक सरोकार सं जुड़ल विषय पर चर्चा भेल। क्लबक दिस सं कहल गेल जे सामाजिक सेवाक अंतर्गत आगू सेहो जरूरतमंद बच्चा सभ आ शैक्षणिक संस्थानक लेल एहि तरहक पहल जारी राखल जाएत। कार्यक्रम मे विद्यालयक प्रधानाध्यापक चंदेश्वर प्रसाद गुप्ता सहित अन्य शिक्षक-शिक्षिकाउपस्थित छलाह।

# राष्ट्रीय प्रजातंत्र पार्टीक अधिवेशन लेल विवाद, दू गुट मे बंटल धनुषा

जनकपुरधाम, समदिया



राष्ट्रीय प्रजातंत्र पार्टीक जनकपुरधाम मे शनिदिन आयोजित जिला अधिवेशनक बाद रामचंद्र यादव कें नव जिला अध्यक्ष चुनल गेल। मुदा पार्टीक दोसर गुटक नेता आ कार्यकर्ता एहि निर्णयक विरोध कएलनि।एहि कारण राष्ट्रीय प्रजातंत्र पार्टी धनुषा जिला मे दू गुट मे बंटि गेल अछि। अधिवेशनक संबंध मे औपचारिक जानकारी नहि देल गेलाक आरोप लगबैत पार्टीक केंद्रीय सदस्य श्रवण कुमार झा, धीरेंद्र झा मैथिल, जिला उपाध्यक्ष सहित कतेको नेता आ कार्यकर्ता निर्णयक विरोध करैत अधिवेशन स्थल सं बाहर निकलि गेलाह। श्रवण कुमार झा पत्रकार सभ सं कहलनि जे वार्ड समिति, क्षेत्रीय समिति सहित आधारभूत समितिक अधिवेशन एखन धरि संपन्न नहि भेल अछि। एहन परिस्थिति मे जिला अधिवेशन करब पार्टीकविधानक विपरीत अछि। अधिवेशनक बहिष्कारक बाद असंतुष्ट गुटक नेता आ कार्यकर्ता मधेश प्रदेश अध्यक्ष भरत विरुद्ध नारा लगबैत अधिवेशन स्थल सं बाहर निकलि गेलाह।

# सेवा संकल्प अभियान जनभागीदारी सं राष्ट्र निर्माणक बनत माध्यम : डॉ. धर्मशीला गुप्ता

दरभंगा, समदिया

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सार्वजनिक जीवनक 25 बरख पूरा होयबाक उपलक्ष्य मे भाजपा दिस सं 17 सितंबर सं 17 अक्टूबर धरि सेवा संकल्प अभियान चलाओल जाएत। अभियानक तैयारी कें लए कएरविदिन जिला अतिथि गृह मे प्रेसवार्ता आयोजित कएल गेल, जाहि मे बिहार सं राज्यसभा सांसद डॉ.धर्मशीला गुप्ता संबोधित कएलनि। डॉ. गुप्ता कहलनि जे प्रधानमंत्री मोदीक 25 वर्षक सार्वजनिक जीवनकयात्रा सेवा, समर्पण, सुशासन, गरीब कल्याण आ राष्ट्र निर्माणक प्रति प्रतिबद्धताक प्रेरणादायी यात्रा रहल अछि। हुनकर नेतृत्व मे देश आत्मनिर्भरता, महिला सशक्तीकरण, युवा विकास, किसान हित, डिजिटल प्रगति, आधारभूत संरचना आ सुशासनक क्षेत्र मे उल्लेखनीय प्रगति कएलक अछि। ओ कहलनि जे 'सेवा संकल्प अभियान'क माध्यम सं समाजक प्रत्येक वर्ग कें राष्ट्र निर्माण सं जोड़बाक प्रयास कएल जाएत।अभियानक उद्देश्य समाजक आखरी पांति मे ठाढ़ व्यक्तिक धरि पहुंचब आ हुनका विकासक मुख्यधारासं जोड़ब अछि। ओ कहलनि जे 2047 धरि विकसित भारतक संकल्प प्रत्येक नागरिकक सहभागिता




संपूरा भए सकैत अछि। डॉ. गुप्ता 'आशीर्वाद का दिया' कार्यक्रम कें प्रधानमंत्रीक सेवा-संकल्प सं जनभागीदारी जोड़बाक महत्वपूर्ण माध्यम बतौलनि। ओ कार्यकर्ता आ आम लोक सं कार्यक्रम मे बेसी सं बेसी भाग लेबाक अपील कएलनि।प्रेसवार्ता मे भाजपा जिलाध्यक्ष आदित्य नारायण मन्ना, जिला मीडिया प्रभारी मुकुंद चौधरी, अमरनाथसिंह, विजय चौधरी, अभियानंद झा, अविनाश कश्यप, ओमप्रकाश सिंह, मीना झा, विकास चौधरी, सुनीलचौधरी, संतोष सिंह, राहुल पासवान, मुकेश महासेठ, श्रवण महतो, कुमार गौरव, उदय शर्मा सहित अन्य लोकउपस्थित छलाह।

# दिल्ली मोड़ बस पड़ाव आ मदारपुर मे निर्माणाधीन नालाक डीएम कएलनि निरीक्षण

**बस पड़ावक निर्माण कार्य मे तेजी आ गुणवत्ताक संग पूरा करबाक देलनि निर्देश**

दरभंगा, समदिया

जिलाधिकारी कौशल कुमार रविदिन दिल्ली मोड़ स्थित बस पड़ाव परिसरक विस्तृत निरीक्षण कएलनि।एहि दौरान ओ बस पड़ाव मे निर्माणाधीन प्रशासनिक भवन सहित विभिन्न विकास आ निर्माण कार्यक प्रगतिक जायजा लेलनि तथा संबंधित पदाधिकारी सभ सं कार्यक अद्यतन स्थितिक जानकारी प्राप्तकएलनि। निरीक्षणक क्रम मे जिलाधिकारी बस पड़ाव परिसर मे प्रस्तावित यात्री पड़ाव निर्माण स्थल सेहोदेखलनि। यात्रीक सुविधा, बसक सुचारु आवागमन आ परिसरक समुचित उपयोग कें ध्यान मे राखिनिर्माण कार्य निर्धारित मानकक अनुरूप पूरा करबाक लेल आवश्यक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी विभिन्न निर्माण आ विकास कार्यक प्रगतिक समीक्षा करैत संबंधित पदाधिकारी आ अभियंता सभ कें कार्य मेअपेक्षित तेजी आनबाक निर्देश देलनि। ओ बुडकोक परियोजना निदेशक कें बस पड़ावक निर्माण कार्य मे तेजी अनैत एकरा यथाशीघ्र पूरा करबाक कहलनि। संगहि निर्माण कार्यक नियमित अनुश्रवण आ



प्रगतिक निरंतर समीक्षा सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं परियोजना निर्धारित समय-सीमा मे पूरा भए सकय। तदुपरांत जिलाधिकारी मदारपुर स्थित होली क्रॉस स्कूलक लग निर्माणाधीन नालाक निरीक्षणकएलनि। ओ नाला निर्माणक प्रगति, कार्यक गुणवत्ता आ स्थल स्थितिक जायजा लेलनि। परियोजनानिदेशक, बुडको कें नाला निर्माण सहित अन्य संबंधित कार्य सभ सेहो तीव्र गति सं पूरा करबाक निर्देशदेलनि। ओ कहलनि जे शहरी क्षेत्रक आधारभूत संरचना सं संबंधित निर्माण कार्य कें प्राथमिकता दए पूराकएल जाय। निरीक्षणक दौरान बुडकोक परियोजना निदेशक, उप नगर आयुक्त जयचंद्र एकसर, संबंधित अभियंता, संवेदकक प्रतिनिधि तथा विभिन्न विभागक पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

**भागलपुर मे जलमग्न भेल बरारी श्मशान घाट, सुल्तानगंज बनल टापू**

# गंगा उफनल तं श्मशान सेहो डूबल, सड़कक कात सजि रहल चिता

भागलपुर, समदिया

गंगाक उफान आब घर, खेत आ सड़क धरि सीमित नहि रहल अछि। बाढ़ि लोकक आखरी विदाईक स्थानसेहो छीनि लेने अछि। बरारी श्मशान घाट पानि मे डूबल अछि। एहि कारण शवक अंतिम संस्कार लेलसड़कक कात ऊंच स्थान पर चिता सजाओल जा रहल अछि। जे ठाम सामान्य दिन मे आखरी संस्कारलेल लकड़ी सजाओल जाइत छल, ओतय आब पानि भरल अछि। श्मशान घाटक पैघ हिस्सा आ शेड जलमग्न अछि। शव लए कए पहुंचल परिजन कें सड़कक कात सुरक्षित स्थान खोजि आखरी संस्कार करय पड़ि रहल अछि। एक दिस बढ़ैत गंगा, दोसर दिस सड़कक कात जरैत चिता आ बीच सं गुजरैत यातायात बाढ़िक भयावह स्थिति देखबैत अछि। भिजल लकड़ी सं अंतिम संस्कार



बनल मोसकिलबारिश आ बाढ़िक बीच अंतिम संस्कार सेहो कठिन भए गेल अछि। गीला लकड़ी सं चिता जरायबमुश्किल अछि। लकड़ी जुटेबाक सं लए कए चिता सजेनाइ आ आखरी संस्कारक विधि पूरा करबा धरिपरिजन कें पानि, कीचड़ आ यातायातक समस्या सं जूझय पड़ि रहल अछि। अमरपुर सं चिता जराबयआएल दिलीपक अनुसार सूखा लकड़ी भेटब सेहो चुनौती बनि गेल अछि।सुल्तानगंज आ कहलगांव मे सेहो गंभीर स्थितिसुल्तानगंजक श्मशान घाट चारू दिस सं पानि सं घेरल अछि। पहुंचबाक बाट आ आसपासक क्षेत्र जलमग्न भए गेल अछि, जाहि कारण घाट टापू जेकां देखाइत अछि। जलस्तर आरो बढ़ल तं शव कें नावअथवा अन्य साधन सं सुरक्षित ऊंच स्थान धरि लए जाए पड़ि सकैत अछि। कहलगांव मे गंगाक पानि पूरा श्मशान भूमि

**» कहलगांव मे सेहो श्मशान भूमि पानि मे डूबल**

मे पसैर गेल अछि। एहि घाट पर झारखंडक गोड्डा सं सेहो पैघ संख्या मे लोक आखरी संस्कार लेल अबैत छथि। पानिक बीच आखरी संस्कारक व्यवस्था करब परिजन आ प्रशासन दुनू लेलचुनौती बनल अछि। बाढ़ि मे घर, खेत आ सड़क डूबबाक खबर सामान्य अछि, मुदा श्मशान डूबब संकट कें आरो मार्मिक बना दैत अछि। जीवित लोकक लेल राहति-बचावक संग प्रशासनक सामने आब ई प्रश्न सेहो अछि जे आखरी विदाईक स्थान जलमग्न भेला पर मृतक कें सम्मानजनक विदाई कोना देल जाय।

# पीएम मोदीक 25 वर्षक जनसेवा, विकसित भारत 2047क रोडमैप

**17 सितंबर सं शुरू होमयबला सेवा संकल्प अभियानक सफलता लेल भाजपाक बैसार**

दरभंगा, समदिया

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सार्वजनिक जीवनक 25 बरख पूरा होयबाक अवसर पर भाजपा 17 सितंबर सं 17 अक्टूबर धरि 'सेवा संकल्प अभियान' चलाओत। ई अभियान मात्र जन्मदिन धरि सीमित नहि रहत, बल्किसेवा, समर्पण आ विकसित भारत 2047 केर रोडमैपक रूप मे आगू बढ़त। दरभंगा सहित पूरा देश मे एहिअभियानक सफलता भारतीय लोकतंत्र मे नव कीर्तिमान स्थापित करत।स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर शनिदिन देर सांझ बेनीपुर नगरपरिषदक वार्ड संख्या 3, बहेड़ा निवासी पार्षद इंदु देवीक आवास पर पार्टी कार्यकर्ता सभक संग बैसार कए अभियानक तैयारीक समीक्षा कएलनि। एहि दौरान ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सेवा, समर्पण आ जनकल्याणक संकल्प सं प्रेरणा लैत भाजपा कार्यकर्ता समाजक आखरी पायदान धरि सेवा पहुंचेबाक लेल सदिखन तत्पर छथि। सांसद कहलनि जे नरेंद्र मोदी 7 अक्टूबर



2001 कें गुजरातक मुख्यमंत्री बनलछलाह आ 7 अक्टूबर 2026 कें हुनकर जनसेवाक 25 बरख पूरा होयत। एहि उपलक्ष्य मे 17 सितंबर सं17 अक्टूबर धरि एक मास तक भाजपा कार्यकर्ता 25 प्रकारक गतिविधिक आयोजन कए देशक 140करोड़ लोक धरि जनसेवा आ जनकल्याणकारी योजनाक जानकारी पहुंचाओत। ओ कहलनि जे 17 सितंबर विश्वकर्मा पूजाक दिन प्रधानमंत्रीक दीर्घायु आ यशस्वी जीवनक लेल प्रत्येक बूथ, मंदिर आ कार्यकर्ताक घर मे आशीर्वादक दीप जराओल जाएत। एहि संग रक्तदान, वृक्षारोपण, स्वच्छता, स्वास्थ्य जांच, योग शिविर, नशामुक्ति, सड़क सुरक्षा आ जल संरक्षण सहित विभिन्न जनकल्याणकारी कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत। बैसार मे भाजपा जिलाध्यक्ष विनय पासवान, मंडल अध्यक्ष प्रवीण झा, बेनीपुर विधानसभा संयोजकपिंटू झा, रामसागर ठाकुर, राजीव झा, संतोष झा, नटवर झा, राजा कुमार सहित अन्य नेता आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# शिक्षके गढ़ैत छथि देशक अनुशासित भविष्य : आईजी शैलेंद्र सिन्हा

## गोमिया के पिट्स मॉडर्न स्कूल मे सजल गुरु वशिष्ठ पुरस्कार 2026क भव्य मंच

बोकारो ,समदिया

शिक्षा जगत मे अलख जगाबय वला आ नौनिहालसभक भविष्य के अपन निष्ठा सं तराशय वला गुरुसभक सम्मान मे गोमिया के पिट्स मॉडर्न स्कूल एकटा ऐतिहासिक क्षणक गवाह बनल। डॉ.राधाकृष्णन सहोदया स्कूल्स कॉम्प्लेक्स, बोकारो के तत्वावधान मे आयोजित गुरु वशिष्ठ पुरस्कारसमारोह 2026 मे बोकारो जिलाक 21 प्रतिष्ठित सीबीएसई विद्यालयसभक 65 श्रेष्ठ शिक्षक सभ कें हुनक उत्कृष्ट सेवाक लेल सर्वोच्च गुरु वशिष्ठ सम्मान सं नवाजल गेलाह। गुरुः पेशा सं परे शिक्षण आ जीवनभरि प्रेरणा के थीम पर आधारित इ गरिमामयी समारोह सभ कें भावविभोरक देलक। समारोहक शानदार शुरुआत मुख्य अतिथि उत्तरी छोटानागपुर क्षेत्र के पुलिस महानिरीक्षक (आईजी)



शैलेंद्र कुमार सिन्हा (भापुसे) आ विशिष्ट अतिथि सभ द्वारा ज्ञान दीप प्रज्वलितक कएल गेल। अपन संबोधन मे मुख्य अतिथि आईजी श्री सिन्हा अपन बाल्यकालक संस्मरण साझा कएलनि आ बतओलनि जे हुनकपालन-पोषण सेहो एकटा प्रधानाध्यापक के सानिध्य मे भेल अछि। ओ कहलनि जे समाज आ देशक भावीकर्णधार सभ कें गढ़बा मे शिक्षकसभक भूमिका अतुलनीय अछि। ओ विद्यार्थी सभ सं जीवन मेअनुशासन, समर्पण आ निरंतरता बनाकय रखबाक आह्वान

**» सहोदया 65 श्रेष्ठ शिक्षक सभ कें कयलक सम्मानित**

कयलनि। एहि अवसर पर विद्यार्थी सभ द्वावारा भव्य सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन सेहो कएल गेल। समारोहक मुख्य आकर्षण मे जखन 65 चयनित शिक्षकसभक नामसभक घोषणा भेल, तं पूरा पांडालकरतल ध्वनि सं गूंजि उठल। मुख्य अतिथि आईजी श्री सिन्हा, सहोदया कॉम्प्लेक्स के अध्यक्ष सह डीपीएस बोकारो के प्राचार्य डॉ. अवनींद्र सिंह गंगवार, मेजबान पिट्स मॉडर्न स्कूल के प्राचार्य बृज मोहन लाल दास सहित अन्य अतिथि सभ 65 शिक्षक सभ कें प्रशस्ति पत्र आ मेडल दक सम्मानित कयलनि। सम्मान प्राप्त केलाक बाद पिट्स मॉडर्न स्कूलक सेकेंडरी कोऑर्डिनेटर निलांजना दासगुप्ता सभका आभारजतओलनि। एहि समारोह मे ओरिका (आईईपीएल) गोमिया के एमसीएम अभिषेक बिस्वास, गोमिया स्कूल सोसाइटी के उपाध्यक्ष अरिंदम दासगुप्ता, सहोदया के महासचिव बीएम लाल दास, दीपक जोशी, डॉ. संजय कुमारचौधरी सहित बोकारो के 21 विद्यालय के प्राचार्य सभ आ गणमान्य शिक्षाविदसभक गरिमामयीउपस्थिति रहल। मंचक संचालन प्रत्युष कुमार झा व उज्जयिनी भट्टाचार्य कयलनि। अंत मे करिश्मा बिष्ट के धन्यवाद ज्ञापन आ राष्ट्रगानक गूंज के संग एहि ऐतिहासिक गुरु वशिष्ठ पुरस्कार समारोहक भव्य समापन भेल।

# फुसरो-जैनामोड़ सड़कक चौड़ीकरणक सांसद कएलनि शिलान्यास

## 100 करोड़ होयत खर्च, एक वर्ष मे पूरा होयत काज

फुसरो,समदिया

फुसरोक निर्मल महतो चौकक लग रवि दिन फुसरो-जैनामोड़ मुख्य मार्गक चौड़ीकरण आ सुदृढ़ीकरण काजक शिलान्यास कएल गेल। सांसद चंद्रप्रकाश चौधरी विधिवत पूजा-अर्चना कए सड़क निर्माण काजक शुभारंभ कएलनि। करीब 15.900 किलोमीटर लंबा एहि सड़कक निर्माण पर लगभग 100करोड़ रुपैया खर्च होयत।सांसद चंद्रप्रकाश चौधरी कहलनि जे नीक सड़क, नीक यात्रा आ नीक भविष्यक संकल्पक संग क्षेत्र मे विकास काज कएल जा रहल अछि। वर्तमान मे फुसरो-जैनामोड़ सड़कक चौड़ाइ करीब 7 मीटर अछि, जेबढ़ा कए 10 मीटर कएल जाएत। सड़कक दुनू कात सेहो चौड़ीकरणक काज होयत।ओ कहलनि जे सड़कक सुदृढ़ीकरण भेला सं राहगीर, वाहन चालक आ स्थानीय ग्रामीण कें आवागमन



मे सुविधा होयत। ओतहि फुसरो आ आसपासक क्षेत्रक व्यापारिक आ आर्थिक गतिविधि कें सेहो गति भेटत।सांसद कहलनि जे बेरमो क्षेत्रक लोक कें एहि सड़कक मरम्मत आ सुदृढ़ीकरणक वर्षो सं प्रतीक्षा छल।सड़क निर्माण भेला सं बोकारो अएला-जाएला मे लोकक समय बचत होयत। ओ कहलनि जे टेंडर भेलाककरीब आठ मास बाद काज शुरू कएल गेल अछि। आब निर्माण काज एक वर्षक भीतर पूरा करबाक लक्ष्यराखल गेल अछि।सांसद कहलनि जे विकासक संकल्प आ जनहितक प्रयासे प्राथमिकता अछि। सड़क निर्माण मे कोनोप्रकारक अनियमितता बर्दाश्त नहि कएल जाएत। ओ लोक सं निर्माण काज मे गड़बड़ी भेटलापर सूचना देबाक अपील कएलनि। सूचना भेटलापर निरीक्षण कए संबंधित कमी दूर करबाक प्रयास कएल जाएत। मौका पर काशीनाथ सिंह, महेंद्र चौधरी, संतोष महतो, धनेश्वर महतो, वार्ड पार्षद अर्चना सिंह, रश्मि सिंह, रमेश स्वर्णकार, दीपक महतो, शिवलाल रविदास, सूरज महतो, दिनेश यादव, सुरेश महतो, कमलेश महतो सहित पैघ संख्या मे स्थानीय लोक मौजूद छलाह।

# जागरूकता बस यात्रा सं युवा सभ कें नशा सं दूर रहबाक संदेश देल गेल

चरही ,समदिया

नशाक गिरफ्त सं युवा सभ कें बचाबय आ समाज मे नशामुक्तिक संदेश पहुंचाबय लेल 14 सितंबर कें जागरूकता बस यात्रा क्षेत्र सं गुजरत। ब्रह्माकुमारी ईश्वरीय विश्वविद्यालयक दिस सं नशामुक्त भारत अभियान अंतर्गत विशेष जागरूकता बस यात्रा निकालल जाएत। यात्राक माध्यम सं लोक कें नशाक दुष्परिणामक प्रति जागरूक करैत स्वस्थ आ नशामुक्त समाजक संकल्प कराओल जाएत।जागरूकता बस यात्राक स्वागत कें लए क्षेत्र मे तैयारी शुरू कए देल गेल अछि। यात्राक दौरान फुसरी चौक,45 नंबर कांटा आ चरही दुर्गा मंडप मे ठहराव निर्धारित कएल गेल अछि। एहि तीनू स्थान पर स्थानीय लोकक दिस सं यात्राक स्वागत कएल जाएत आ अभियानक संदेश बेसी सं बेसी लोक धरि पहुंचयबाक प्रयास कएल जाएत। बहेरा पंचायत समिति सदस्य शक्ति देवी, चरही पंचायत समिति सदस्य




आशा राय आ समाजसेविका बीना मिश्रा क्षेत्रवासी सं निर्धारित स्थान पर बेसी संख्या मे पहुंचि कए जागरूकता बस यात्राक स्वागत करबाक अपील केने छथि। ओ कहलनि जे नशा मात्र व्यक्तिक स्वास्थ्य कें नोकसान नहि पहुंचबैत अछि, बल्कि पूरा परिवारक आर्थिक स्थिति आ सामाजिक जीवन कें प्रभावित करैत अछि। ओ कहलनि जे युवा सभ कें नशा सं दूर राखब मात्र कोनो एकटा संस्थाक जिम्मेवारी नहि, बल्कि पूरासमाजक सामूहिक जिम्मेवारी अछि। जागरूकता आ सामूहिक सहभागिता सं नशामुक्त समाजक मजबूत आधार तैयार कएल जा सकैत अछि। लोक सं स्वयं नशा सं दूर रहबाक संगहि दोसर लोक कें सेहो एकर दुष्परिणामक प्रति जागरूक करबाक अपील कएल गेल अछि।

# धनबादक कतरास मे अवैध कोयला सुरंग धंसल, कोदारि -गैंती लए मलबा मे उतरल ग्रामीण

## 3 लोक कें सुरक्षित निकालल गेल , 2 लोकक मृत्यु

धनबाद ,समदिया

धनबाद जिलाक कतरास रामकनाली ओपी क्षेत्रक केशलपुर कुमारपट्टी मे कथित अवैध कोयलाखननक दौरान पैघ दुर्घटना भेल। अवैध सुरंग मे घुसि कए कोयला निकालबाक दौरान अनचोके माटिक एकटा पैघ हिस्सा धंसि गेल। मलबा मे दबला सं दू लोकक मृत्यु भए गेल।हादसाक बाद घटनास्थल पर चीख-पुकार मचि गेल। आसपासक लोकक भीड़ जुटि गेल। कहल जा रहलअछि जे एहि क्षेत्र मे किछु महिला आ पुरुष अवैध सुरंग मे घुसि कए कोयला निकालबाक काज करैत छलाह। रवि दिन सेहो एहि तरहे कोयला निकालबाक दौरान सुरंगक एकटा हिस्सा अनचोके भरभराकएखसि पड़ल, जाहिक नीचा कतेको लोक दबि गेलाह।सुरंग धंसबाक सूचना भेटिते स्थानीय लोक घटनास्थल पर पहुंचि गेलाह। बिना देर कए बचाव काज शुरू कएलनि। ग्रामीण



कुदाल आ गैंतीक मदति सं मलबा हटेनाइ शुरू कएलनि। एहि दौरान तीन लोक कें मलबा सं बाहर निकालि लेल गेल। मुदा हादसाक बाद एखनहुं कतेको दोसर लोकक सुरंगक भीतर दबिरहल आशंका जताओल जा रहल अछि।स्थानीय लोक लगातार मलबा हटाकए भीतर फंसल लोकक खोज मे जुटल रहलाह। हादसाक गंभीरता कें देखैत घटनास्थल पर लोकक भीड़ बढ़ैत गेल। ग्रामीण अपन स्तर सं बचाव अभियान मे जुटल रहलाह आसुरंगक भीतर फंसल लोक धरि पहुंचबाक प्रयास करैत रहलाह।मलबा हटेबाक दौरान ग्रामीण दू लोकक शव सेहो बाहर निकाललनि। दुनू शव कें स्थानीय लोकक मदति संबाइक पर राखि अस्पताल लए गेलाह। घटना कें बाद पूरा क्षेत्र मे तनावक माहौल बनि गेल। ग्रामीणक बीचएहि बात कें लए सेहो आक्रोश रहल जे कथित अवैध खननक कारण एहन जानलेवा स्थिति उत्पन्न भेल। कहल जा रहल अछि जे केशलपुर कुमारपट्टी क्षेत्र मे अवैध सुरंगक माध्यम सं कोयला निकालबाक काज बहुत दिन सं कएल जा रहल अछि। मुदा एहि संबंध मे आधिकारिक रूप सं एखन विस्तृत जानकारी सामने नहि आएल अछि। घटनास्थल पर मौजूद लोक मलबाक नीचा आरो लोक दबि रहल आशंका कें देखैतलगातार बचाव काज मे लागल रहलाह। हादसाक बाद सब सं पैघ सवाल ई अछि जे सुरंगक भीतर कुल कतेक लोक मौजूद छलाह। स्थानीय लोकक अनुसार कतेको दोसर लोकक सेहो दबि रहल आशंका अछि। ओतहि दुर्घटना कोन परिस्थिति मे भेल आसुरंगक भीतर कतेक लोक कोयला निकालि रहल छलाह, एकर पूरा जानकारी एखन धरि सामने नहि आबिसकल अछि। प्रथम दृष्ट्या हादसाक कारण अवैध कोयला खननक दौरान सुरंग धंसनाइ बताओल जा रहल अछि। घटना कें बाद क्षेत्र मे तनावक स्थिति अछि। पुलिस आ प्रशासनक जांचक बादे मृतक आ दुर्घटना मे प्रभावित दोसर लोकक संख्या सहित पूरा घटनाक्रमक आधिकारिक तस्वीर स्पष्ट भए सकत।

# आधुनिक नाव सं जलाशय मे बढ़त माछ पकड़बाक काज, रांची-रामगढ़क समिति कें भेटल लाभ

रांची ,समदिया



मत्स्य किसान प्रशिक्षण केंद्र, शालिमार (धुर्वा) मे अनुसूचित जाति उपयोजनाक अंतर्गत रांची आ रामगढ़ जिलाक मत्स्यजीवी सहयोग समिति कें तीन आधुनिक एफआरपी फिशिंग बोट देल गेल। भारतीय कृषि अनुसंधान परिषदक केंद्रीय मात्स्यिकी प्रौद्योगिकी संस्थान, मुंबईक सौजन्य सं उपलब्ध कराओल गेल एहि नाव सभ मे आउटबोर्ड मोटर आ आवश्यक सहायक उपकरण सेहो शामिल अछि। मत्स्य निदेशालयक अनुसार, नावसभक संचालन कस्टम हायरिंग सेंटर (सीएचसी) व्यवस्थाक माध्यम सं कएल जाएत। एहि सं जलाशय मे माछ पकड़बाक काज, माछ परिवहन, प्रशिक्षण तथा मछुआरा समुदाय सं जुड़ल आजीविका गतिविधि कें बढ़ावा भेटत। रांची जिला मे दूटा नाव गेतलसूद जलाशयक महेशपुर मत्स्यजीवीसहयोग समिति, अनगड़ा आ नौरंगा जलाशयक जल जीवन मत्स्यजीवी सहयोग समिति, चान्हो कें देल गेल। ओतहि रामगढ़क कुजू मत्स्यजीवी सहयोग समिति (आरा कोलपीट) कें एकटा एफआरपी बोटभेटल। मौका पर डॉ. श्रवण शर्मा, डॉ. सुरेश ए., मुख्य अनुदेशक जयंत रंजन सहित अन्य लोक मौजूद छलाह।

# गुमला मे भाजपा कें सेवा संकल्प अभियान, 17 सितंबर सं 18 अक्टूबर धरि 14 प्रकारक कार्यक्रम होयत

गुमला ,समदिया

गुमलाक डुमरडीह स्थित भाजपा जिला कार्यालय मे जिलाध्यक्ष सागर उरांवक अध्यक्षता मे प्रेस वार्ता आयोजित कएल गेल। एहि मे आगामी सेवा संकल्प अभियानक विस्तृत जानकारी देल गेल।जिलाध्यक्ष कहलनि जे अभियान अंतर्गत 17 सितंबर सं 18 अक्टूबर धरि जिला मे विभिन्न कार्यक्रमआयोजित कएल जाएत। अभियानक माध्यम सं प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सार्वजनिक जीवन आ जनसेवा सं जुड़ल काजक जानकारी लोक धरि पहुंचाओल जाएत। एकर संग विभिन्न सेवा गतिविधि सेहोआयोजित कएल जाएत।जिलाध्यक्ष सागर उरांव कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक जन्मदिन 17 सितंबर कें आशीर्वादक दीया कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत। एहि अंतर्गत प्रधानमंत्रीक 25 वर्षक सार्वजनिक जीवन सं लाभान्वितलोक सं हुनक नाम पर एकटा दीप जराबय लेल आग्रह कएल जाएत। अभियानक संदेश 'जिनका गरीबकजीवन संवारलनि, हुनका आशीर्वाद हमर' राखल गेल अछि। अभियानक जिला संयोजक संदीप प्रसाद कहलनि जे कार्यक्रमक सफल संचालन लेल जिला सं लए मंडल स्तर धरि टोलीक गठन कएल गेल अछि। पूरा अभियानक दौरान 14 प्रकारक कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत। एकर लेल कार्यकर्ता सभ कें अलग-अलग जिम्मेवारी देल गेल अछि। सेवा संकल्प अभियान अंतर्गत चित्र सेवा, सेवा स्मरण, आंगन मिलन सेवा, बदलावक कथा, सेवा ज्योतियात्रा, वडनगर सं वाराणसी सेवा यात्रा, सेवा हमर योगदान, सेवा सेतु अभियान, सेवाक रंग, हैकाथॉन आइनोवेशन चैलेंज, जनसेवक महाकुंभ, 25 वर्ष-25 कथा, नेशनल अनबॉक्सिंग तथा विकसित भारत संकल्पयात्रा जकां कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत।भाजपा नेता सभ कहलनि जे अभियानक माध्यम सं विभिन्न कार्यक्रमक जरिए सेवा आ जनसरोकार सं जुड़ल विषय लोक धरि पहुंचाओल जाएत। एहि लेल जिला सं लए मंडल स्तर धरि कार्यकर्ता सभ कें सक्रिय कएल गेल अछि।

# दू दिवसीय छऊ नृत्य एवं छऊ मुखौटा निर्माण आकलन-समीक्षा बैठक संपन्न

बोकारो ,समदिया

छऊ नृत्य एवं छऊ मुखौटा निर्माण सं संबंधित प्रशिक्षण केंद्रसभक प्रशिक्षुसभक आकलन एवं समीक्षा हेतु आयोजित दू दिवसीय समीक्षा बैठक काल्हि शनिदिन छऊ केंद्र, चंदनकियारी मे सफलतापूर्वकसंपन्न भए गेल। आकलन समीक्षा बैठक मे कुल 14 प्रशिक्षण केंद्र सं जुड़ल गुरुजन एवं प्रशिक्षुसभक सहभागिता रहल। समीक्षा बैठक के दोसर एवं आखरी दिन दिन 7 गुरुजन अपन-अपन दल के संग छऊ केंद्र, चंदनकियारी मे उपस्थित भेलाह। जाहि बैठक के उद्देश्य प्रशिक्षुसभक उत्साहवर्धन करब तथा छऊ नृत्य एवं छऊ मुखौटा निर्माणक समृद्ध कला परंपरा के प्रति आओर अधिक प्रोत्साहित केनाइ छल। एहि अवसर पर संगीत नाटक अकादमी पुरस्कार सं सम्मानित छऊ एक्सपोनेंट सदाशिव प्रधान, नृपेनसहिस, परीक्षित महतो संगीत नाटक अकादमी के पदाधिकारी दीपक जोशी, छऊ एडवाइजरी कमेटी केसदस्य सह केंद्र के समन्वयक डॉ. संजय कुमार चौधरी, छऊ एडवाइजरी कमेटी के सदस्य तपन पटनायक एवं हराधन महतो



प्रशिक्षु सभ द्वारा प्रस्तुत छऊ नृत्य तथा छऊ मुखौटा निर्माण सं संबंधित कला- कौशलक अवलोकन, मूल्यांकन एवं सराहना कयलनि। डॉ. संजय कुमार चौधरी के निर्देशन मे समीक्षाबैठक सफलतापूर्वक संपन्न भेल। कार्यक्रम के सफल बनाबय मे केंद्र के दिलीप कुमार जेना, विजय कुमार,आशुतोष कुमार, राखो बाउरी सहित अन्य गणमान्य कला-प्रेमी एवं सहयोगीसभक महत्वपूर्ण योगदान रहल।

## उच्च न्यायालयक आदेश पर चलल अभियान

# रांची मे अवैध स्टोन क्रशर पर पैघ कारबाइ, आठ सील आ 11 इकाइ कयल गेल ध्वस्त

रांची ,समदिया

उच्च न्यायालयक आदेशक अनुपालन मे चुटूपालू आ ओरमांझी प्रखंड क्षेत्र मे अवैध पत्थर खननआ स्टोन क्रशिंग इकाइ सं जुड़ल मामिला मे पैघ कारबाइ कएल गेल। खान एवं भूतत्व विभाग, झारखंडसरकारक आदेशक आलोक मे गठित संयुक्त जांच दल क्षेत्र मे संचालित इकाइक स्थल निरीक्षण आभौतिक सत्यापन कएलनि।जांचक दौरान कुल 19 स्टोन क्रशिंग इकाइक विरुद्ध कारबाइ कएल गेल। एहि मे सीटीओ (कंसेंट टूऑपरेट) लैप्स भेटलाक कारण आठ स्टोन क्रशर कें सील कएल गेल, जखनकि नियमक उल्लंघन आअवैध रूप सं संचालित 11 स्टोन क्रशिंग इकाइ कें ध्वस्त कए देल गेल। संयुक्त जांच दल स्टोन क्रशिंग आ पत्थर खनन इकाइ सं संबंधित



अभिलेखक संग स्थल पर वास्तविक स्थितिक सत्यापन कएलनि। एहि दौरान संबंधित इकाइक स्वीकृत खनन पट्टा अथवा अनुज्ञप्ति, पर्यावरणीय स्वीकृति, कंसेंट टू एस्टेब्लिश (सीटीई), कंसेंट टू ऑपरेट (सीटीओ) सहित अन्य वैधानिक अनुमतिक स्थिति जांचल गेल।जांचक दौरान सीटीओक वैधता आ ओहि मे निर्धारित शर्तक अनुपालनक स्थिति सेहो देखल गेल। प्रदूषणनियंत्रण सं संबंधित प्रावधानक जांच कएल गेल। जतय लागू छल, ततय एसईआईएए दिस सं देल गेलपर्यावरणीय स्वीकृति सं संबंधित अभिलेखक सेहो सत्यापन कएल गेल। जिनका इकाइक सीटीओ वैध नहि भेटल अथवा लैप्स भेटल, हुनका विरुद्ध नियमानुसार कारबाइ कएल गेल। एहि क्रम मे आठ स्टोन क्रशर कें सील कएल गेल। ओतहि नियमक उल्लंघन कएनिहार आ अवैध रूप सं संचालित भेटल 11 स्टोन क्रशिंग इकाइ कें ध्वस्त कएल गेल।उच्च न्यायालयक आदेशक अनुपालन मे गठित संयुक्त टीम स्थल पर अभिलेखक जांचक संग इकाइकभौतिक सत्यापन सेहो कएलनि। कारबाइक दौरान संबंधित अंचल अधिकारी, थाना प्रभारी आ पुलिस बलमौजूद रहलाह। कारबाइ मे वैधानिक प्रावधानक अनुपालन आ पर्यावरणीय मानकक पालन कें प्राथमिकतादेल गेल।जिला प्रशासन स्पष्ट केने अछि जे अवैध खनन तथा बिना वैध अनुमति अथवा स्वीकृतिक संचालितस्टोन क्रशिंग इकाइक विरुद्ध कारबाइ आगू सेहो जारी रहत। संबंधित विभागक संग समन्वय कए खनन क्षेत्र मे नियमक अनुपालन आ पर्यावरणीय मानकक नियमित निगरानी सुनिश्चित कएल जा रहल अछि।

# एचईसी मे चिकित्सा सुविधा पर कर्मचारीक प्रदर्शन, 3 लाखक सीमा बढ़ेबाक मांग

रांची ,समदिया

चिकित्सा सुविधा मे वृद्धि आ काटल गेल सभ सुविधा कें बहाल करबाक मांग कें लए हटिया कामगार यूनियन (एटक)क नेतृत्व मे शनि दिन एचईसी मुख्यालयक समक्ष सभा आ प्रदर्शन कएल गेल।एहि दौरान कर्मचारी सभ प्रबंधनक विरुद्ध नारा लगौलनि आ चिकित्सा सुविधाक वर्तमान व्यवस्था मेसुधार करबाक मांग उठौलनि।यूनियनक उपाध्यक्ष लालदेव सिंह कहलनि जे एचईसी कर्मचारी आ हुनकर परिवार कें चिकित्सा सुविधाकलेल वर्ष मे अधिकतम 3 लाख रुपैयाक सीमा तय कएल गेल अछि। गंभीर बेमारीक उपचार मे होमय बलाखर्च कें देखैत ई राशि बहुत कम अछि। ओ कहलनि जे दोसर सरकारी उपक्रम मे उपचारक खर्चक एहन सीमा नहि अछि आ संस्थान वास्तविक खर्च वहन करैत अछि। एचईसी मे सेहो चिकित्सा खर्चक वार्षिक सीमा बढ़ा कए दोसर उपक्रम जकां करबाक मांग कएल गेल।कर्मचारी सभ एचईसी मे ओपीडी सुविधा नहि होयबाक मुद्दा सेहो उठौलनि। हुनकर कहब छल जे एचईसीक जमीन पर पीपीपी मोड मे संचालित पारस अस्पताल सं



एचईसी कें प्रतिवर्ष करीब 35 लाखरुपैया भेटैत अछि। एहन स्थिति मे कर्मचारी सभ मांग केने छथि जे एकर बदला पारस अस्पताल मेएचईसी कर्मचारी आ हुनकर आश्रित लेल ओपीडी सं लए भर्ती धरि निःशुल्क उपचारक व्यवस्था कएलजाए।सभा मे कर्मचारी प्रकाश चंद्रक पत्नी पूजा कुमारीक उपचारक मामिला सेहो उठाओल गेल। कर्मचारी सभ कहलनि जे आर्थिक संकटक कारण हुनकर उपचार जारी राखब कठिन भए रहल अछि। हुनका चेतावनी देलनि जे उपचारक अभाव मे कोनो अनहोनी भेल तं प्रबंधन, खास कए वित्त निदेशकक विरुद्ध हत्या कए मुकदमा दर्ज कराओल जाएत। एकर संग अनिश्चितकाल लेल एचईसी मुख्यालय जाम करबाक चेतावनी सेहो देल गेल। सभा कें एमपी रामचंद्र आ आरके शाही सेहो संबोधित कएलनि।

# खगड़िया मे बाढ़िक पानि घटल, खतरा कायम, 1.63 लाख लोक प्रभावित

## 50 सामुदायिक रसोइ मे 2.77 लाख लोक कें भेटि रहल भोजन

**खगड़िया, समदिया**

खगड़िया मे बाढ़िक स्थिति मे आब धीरे-धीरे सुधार होमय लागल अछि। कतेको इलाका मे पानिक स्तर घटि रहल अछि, मुदा प्रशासन स्पष्ट केने अछि जे खतरा एखन पूर्ण रूप सं टलल नहि अछि। जलस्तर घटलाक बादो लोक सं जलजमाव बला आ क्षतिग्रस्त इलाका मे जाय सं बचबाक आ प्रशासनक निर्देश पालन करबाक अपील कएल गेल अछि। गोगरीक रामपुर जीएन बांध पर एखनहुं कतेको बाढ़ि प्रभावित परिवार शरण लेने छथि। राहति शिविर मे मेडिकल कैंप लगा कए पीड़ित कें दवाइ आ स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। ओतहि कटघरा सहित कतेको इलाका मे ग्रामीण एखनहुं पानिक बीच रहनाइ आ भोजन बनेनाइ लेल विवश छथि।



### 37,955 परिवारक 1.63 लाख लोक प्रभावित

जिला मे बाढ़ि सं कुल 37,955 परिवारक 1,63,159 लोक प्रभावित भेल छथि। खगड़िया, परबत्ता, गोगरी आ मानसी अंचलक 20 सं बेसी पंचायतक संगहि शहरी क्षेत्र मे सेहो बाढ़िक असर पड़ल अछि।

एहि मे खगड़िया अंचलक 63,591 आ परबत्ता अंचलक 51,282 लोक सब सं बेसी प्रभावित भेल छथि।

### एहि पंचायत सभ मे सब सं बेसी असर

बोरना, रहीमपुर मध्य, रहीमपुर दक्षिणी, रहीमपुर उत्तरी आ माधवपुर पंचायत मे बाढ़िक व्यापक असर देखल गेल अछि। एकर अतिरिक्त कतेको दोसर पंचायत आ वार्ड मे सेहो आंशिक जलजमावक स्थिति बनल अछि।

### 50 सामुदायिक रसोइ मे राहतिक भोजन

प्रभावित लोक धरि राहति पहुंचयबाक लेल दू बाढ़ि राहति केंद्र आ 50 सामुदायिक रसोइ संचालित कएल जा रहल अछि। एहि भनसाघरक माध्यम सं एखन धरि 2,77,850 लोक कें गरम आ पौष्टिक भोजन उपलब्ध कराओल गेल अछि।

### 28 हजार सं बेसी पॉलीथीन शीट बांटल गेल

विस्थापित परिवारक बीच एखन धरि 28,088 पॉलीथीन शीट आ 7,176 ड्राइ राशन पैकेट वितरित कएल जा चुकल अछि। बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे पशु लेल 697.66 क्विंटल पशुचारा सेहो उपलब्ध कराओल गेल अछि।

### 166 चापाकल आ 127 अस्थायी शौचालय

पेयजल आ स्वच्छता व्यवस्थाक लेल प्रभावित क्षेत्र मे 166 नव चापाकल लगाओल गेल अछि। ओतहि 127 अस्थायी शौचालय बनाओल गेल अछि, जाहि सं राहति शिविर आ प्रभावित इलाका मे लोक कें बुनियादी सुविधा भेटि सकय।

### 59 स्वास्थ्य केंद्र, 8 बोट एंबुलेंस तैनात

स्वास्थ्य सेवाक लेल 59 दैनिक स्वास्थ्य केंद्र सक्रिय कएल गेल अछि। गंभीर रोगी आ जरूरतमंद लोक कें सुरक्षित स्थान धरि पहुंचयबाक लेल आठ विशेष बोट एंबुलेंस सेहो तैनात अछि।

# चनपटिया स्टेशन पर 10 प्रमुख ट्रेनक ठहरावक मांग



**बेतिया, समदिया**

बेतियाक चनपटिया रेलवे स्टेशन पर आब लंबी दूरीक 10 प्रमुख ट्रेनक ठहरावक मांग उठल अछि। एहि लेल विधायक अभिषेक रंजन रेल मंत्रालय कें पत्र लिखलनि अछि।

विधायक केंद्रीय रेल मंत्री आ पूर्व मध्य रेलवे, समस्तीपुर मंडलक रेल प्रबंधक कें चनपटिया स्टेशन पर एहि ट्रेनसभक ठहराव सुनिश्चित करबाक मांग केने छथि। एहि सं चनपटिया आ आसपासक हजारो यात्री कें पैघ राहति भेटत।

विधायक अपन पत्र मे कहलनि जे चनपटिया रेलवे स्टेशन विधानसभा क्षेत्रक कतेको गामक लेल सब सं नजदीकी स्टेशन अछि।

एतय प्रतिदिन हजारो यात्री यात्रा करैत छथि। मुदा कतेको जरूरी ट्रेनक ठहराव नहि होयबाक कारण यात्री कें दोसर स्टेशन पर जा कए ट्रेन पकड़य पड़ैत अछि।

### ग्रामीण क्षेत्रक लोक कें सीधा लाभ

विधायक कहलनि जे एहि ट्रेनसभक ठहराव भेला सं चनपटिया आ आसपासक ग्रामीण क्षेत्रक हजारो यात्री कें आवागमन मे बहुत सुविधा होयत।

एहि सं चनपटिया स्टेशन सं यात्रा कएनिहार यात्रीक संख्या बढ़त, जाहि सं रेलवे कें सेहो बेसी आमदनी होयबाक आशा अछि।

ओ कहलनि जे लौरिया विधानसभा क्षेत्रक यात्री लेल सेहो चनपटिया रेलवे स्टेशन एकटा जरूरी आ सुविधाजनक स्टेशन अछि।

तें एतय प्रमुख ट्रेनक ठहराव भेला सं लौरिया सहित आसपासक ग्रामीण क्षेत्रक लोक कें सेहो सीधा लाभ भेटत। विधायक अधिकारी सभ सं जनहित मे शीघ्र कारबाइ कए एहि ट्रेनसभक ठहराव सुनिश्चित करबाक अनुरोध केने छथि।

# जीआईएस आधारित मास्टर प्लानक समीक्षा बैठक



**कटिहार, समदिया**

कटिहार मे जीआईएस आधारित मास्टर प्लानक काजक समीक्षा लेल शनि दिन 12 सितंबर 2026 कें नगर आयुक्तक कार्यालय मे बैठक भेल। ई बैठक कटिहार आयोजना क्षेत्र लेल तैयार कएल जा रहल मास्टर प्लानक प्रगतिक जानकारी लेबाक लेल बजाओल गेल छल।

बैठक मे नगर विकास एवं आवास विभाग (यूएचडीडी), बिहार सरकार द्वारा चयनित एजेंसी एक्सेल जियोमेटिक्स प्राइवेट लिमिटेडक प्रतिनिधि सभ भाग लेलनि। एहि दौरान मास्टर प्लान सं जुड़ल काजक प्रगति पर विस्तार सं चर्चा भेल।

एखन धरि भेल काज, जीआईएस आधारित आंकड़ा आ मानचित्रणक स्थिति संगहि आगांक कार्ययोजनाक सेहो समीक्षा कएल गेल। नगर आयुक्त एजेंसीक प्रतिनिधि सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि। ओ काज कें समय पर आ नीक गुणवत्ता संग पूरा करबाक निर्देश देलनि।

ओ कहलनि जे जीआईएस आधारित मास्टर प्लान सं कटिहार क्षेत्र मे भविष्यक शहरी विकास योजनाकंद नीक आ व्यवस्थित तरहे तैयार करबा मे सहायता भेटत।

# सर्राफा कारोबारी पर बढ़ैत अपराधक विरोध मे मंगल दिन प्रदर्शन

## गोपालगंज मे कारी पट्टी बान्हि कए करताह विरोध

**गोपालगंज, समदिया**

गोपालगंज मे सरार्फा व्यवसायीसभक संग लगातार भए रहल लूट आ गंभीर आपराधिक घटनाक विरोध मे सोनार समाज आ सरार्फा मंडल आंदोलनक रणनीति तैयार केने अछि। कोन्हवा मोड़क लग मंगलदिन भेल संयुक्त बैठक मे जिला कार्यकारिणीक सदस्यक मौजूदगी मे आंदोलन करबाक निर्णय लेल गेल।

बैठक मे तय भेल जे सरार्फा व्यवसायी मंगलदिन भोर 9 बजे सं सांझ धरि कारी पट्टी बांधि कए विरोध जतौताह। जिला मुख्यालयक संगहि जिलाक सभ प्रखंड मे सेहो ई सांकेतिक प्रदर्शन कएल जाएत। व्यवसायी अपन-अपन दोकान पर कारी पट्टी बांधि कए बैसताह।

व्यवसायीसभक दिस सं मौन जुलूस सेहो निकालल जाएत। एकर बाद सार्वजनिक स्थान पर एकत्र भए सरकार आ प्रशासनक समक्ष अपन मांग राखल जाएत। समाजक लोकक कहब अछि जे



लगातार भए रहल आपराधिक घटनाक कारण सरार्फा व्यवसायी सभ मे डर आ असुरक्षाक माहौल अछि।

सोनार समाजक अनुसार, पछिला 15 दिन मे जिलाक अलग-अलग क्षेत्र मे चारि सरार्फा व्यवसायीक संग लूट आ अन्य गंभीर आपराधिक घटना भेल अछि। एहि घटना सं व्यवसायीसभक चिंता बढ़ि गेल अछि। टड़वा निवासी स्वर्णकार दिलीप वर्माक हत्या पूरे सोनार समाज आ व्यवसायी वर्ग कें झकझोरि देने अछि। समाजक लोक हत्या सहित अन्य घटना मे शामिल अपराधीक तत्काल पहचान कए गिरफ्तारीक मांग केने छथि।

सरार्फा मंडल आपराधिक मामिलाक सुनवाइ स्पीडी ट्रायल अंतर्गत करबाक मांग केने अछि। समाजक कहब अछि जे पीड़ित कें शीघ्र न्याय देबाक लेल पुलिस कारबाइक संगहि न्यायिक प्रक्रिया सेहो तेज होयबाक चाही।

सोनार समाज दिलीप वर्माक पीड़ित परिवार कें सरकार आ प्रशासनक दिस सं तत्काल आर्थिक सहायता आ उचित मुआवजा देबाक मांग केने अछि।

व्यवसायी सभ जिला मे सरार्फा कारोबारीक सुरक्षा लेल ठोस पुलिस गश्ती आ प्रभावी सुरक्षा व्यवस्था सुनिश्चित करबाक मांग केने छथि। खास कए सरार्फा दोकान आ व्यापारिक क्षेत्र मे पुलिसक मौजूदगी बढ़ेबा पर जोर देल गेल अछि।

सोनार समाज आ सरार्फा मंडल स्पष्ट केने अछि जे मंगलदिनक प्रदर्शन फिलहाल सांकेतिक आ मौन विरोधक रूप मे कएल जा रहल अछि। जं अपराधी पर शीघ्र लगाम नहि लागल आ पीड़ित कें न्याय नहि भेटल, तं आंदोलन कें आरो व्यापक कएल जा सकैत अछि।

# गंगा घाट पर स्नान लेल उमड़ल भीड़, बाढ़ि सं परेशानी



**मुंगेर, समदिया**

मुंगेर मे पर्व-त्योहार कें लए घर मे तैयारी शुरू भए गेल अछि। बाजार मे सेहो चहल-पहल देखल जा रहल अछि। सोमदिन जिला मे चौठचंद पर्व, गणेश चतुर्थी आ हरितालिका तीज मनाओल जाएत। एहि पर्व सभ सं पहिने रवि दिन मुंगेरक अलग-अलग गंगा घाट पर गंगा स्नान लेल श्रद्धालुक पैघ भीड़ उमड़ल।

भोर सं श्रद्धालु गंगा घाट पर स्नान लेल पहुंचि रहल छलाह। दुपहर धरि ई क्रम जारी रहल। एहि बेर गंगा घाट पर बाढ़िक पानि सीढ़ी धरि भरल छल। एहि कारण लोक कें गंगा स्नान करबा मे किछु परेशानी भेल। गंगाक जलस्तर खतरा रेखा सं ऊपर छल। गंगा घाट पर पैघ भीड़ कें देखैत जिला प्रशासन सुरक्षा लेल गोताखोर तैनात केने छल। जतय पानि बेसी छल, ततय जाल आ बांस लगा कए घेरा बनाओल गेल छल, जाहि सं लोक गहीर पानि मे नहि जाय आ सुरक्षित तरहे स्नान कए सकथि। गंगाक जलस्तर बहुत बढ़ल रहबाक कारण शहरक प्रमुख कष्टहरणी घाट कें एहि बेर पूर्ण रूप सं बंद राखल गेल अछि। जिला प्रशासन लोक सं एहि घाट पर नहि अएबाक अपील केने अछि।

## विविध

# रेबीज वायरस संक्रमण सं मस्तिष्कक प्रतिरक्षा तंत्र मे घातक विफलता कोना होइत अछि

मानव मे रेबीजक बढ़ैत मामिला ई देखबैत अछि जे रेबीज वायरस संक्रमण कतेक तीव्र तरहे केंद्रीय तंत्रिका तंत्रक प्रतिरक्षा तंत्र मे घातक गड़बड़ी उत्पन्न करैत अछि। दुनियाभरि मे स्वास्थ्य अधिकारी संक्रमणक खतरा सं जुड़ल घटना मे वृद्धि पर नजरि रखने छथि। एहन स्थिति मे ई बुझब जे तंत्रिका तंत्र मे वायरसक प्रवेशक बाद बेमारी प्रायः घातक किएक भए जाइत अछि, चिकित्सा क्षेत्र लेल पैघ प्राथमिकता बनि गेल अछि। एक लाख सं बेसी केंद्रीय तंत्रिका तंत्रक कोशिकाक उच्च-रिजॉल्यूशन एकल-कोशिका ट्रांसक्रिप्टोमिक मानचित्रण सं एखन ओहि सटीक कोशिकीय तंत्रक जानकारी भेटल अछि, जे घातक मस्तिष्कशोथक विकास आ वायरसक सफाया होयबाक प्रक्रियाक बीच भेद करैत अछि। अत्यधिक विषाणुजनक सीवीएस-11 स्ट्रेन आ कमजोर कएल गेल एसआरवी9 स्ट्रेन सं संक्रमित चूहाक तुलनात्मक मॉडल पर कएल गेल अध्ययन मे शोधकर्ता सभ केंद्रीय तंत्रिका तंत्र मे




बेमारीक स्वरूप निर्धारित करय बला एक-दोसर सं बिल्कुल विपरीत प्रतिरक्षात्मक प्रक्रियाक पहचान कएलनि।

घातक रेबीज वायरस संक्रमणक समय मस्तिष्क मे पहिने सं मौजूद आ बाहर सं प्रवेश करय बला प्रतिरक्षा कोशिकासभक कार्यक्षमता व्यापक रूप सं बाधित भए जाइत अछि। माइक्रोग्लिया अपन सामान्य संतुलित अवस्था आ तंत्रिकाक सुरक्षा करय बला स्वरूप सं हटि तनाव-प्रेरित, सूजन बढ़ेबला आ ऊतकक विनाश करय बला फागोसाइटिक स्वरूप धारण कए लैत अछि। एहि रोगात्मक परिवर्तनक संग एफकेबीपी5 आ एपीओडी समेत तनाव सं जुड़ल जीनक गतिविधि मे उल्लेखनीय वृद्धि होइत अछि। एकर संग इंटरल्यूकिन-1 बीटा आ ट्यूमर नेक्रोसिस फैक्टरक अभिव्यक्ति सेहो बढ़ि जाइत अछि।


एकर संग मस्तिष्कक ऊतक मे तेजी सं बढ़य बला न्यूट्रोफिलक व्यापक प्रवेश देखल जाइत अछि। ई कोशिका सभ टोल-लाइक आ एनओडी-लाइक रिसेप्टर मार्गक माध्यम सं गंभीर सूजन उत्पन्न कए ऊतकक भारी क्षति करैत अछि। नेचुरल किलर कोशिकाक संख्या बढ़ि कए एकटा तेजी सं बढ़य बला समूह मे बदलि जाइत अछि, मुदा ओकर कार्यक्षमता मे गहींर कमी देखल जाइत अछि। ई कोशिका सभ साइटोटॉक्सिक प्रभाव उत्पन्न करय बला जीनक गतिविधि बढ़ेबा मे असफल रहैत अछि। दोसर दिस, बाहर सं प्रवेश करय बला टी-लिंफोसाइट मे थकानक स्तर बहुत बढ़ि जाइत अछि आ केएलएफ2 आ एसओसीएस3 जकां प्रतिरोधात्मक नियामकक अभिव्यक्ति बढ़ि जाइत अछि। एहि बीच बढ़ल नियामक टी-कोशिका सुरक्षात्मक प्रतिरक्षा प्रतिक्रिया कें दबा दैत अछि।

एकर विपरीत, कमजोर कएल गेल वायरस स्ट्रेन सं संक्रमण एहन सुरक्षात्मक तंत्रिका-प्रतिरक्षात्मक संरचना उत्पन्न करैत अछि, जे मस्तिष्कक भीतर वायरसक सफाया करय मे सक्षम होइत अछि। एहि स्थिति मे माइक्रोग्लिया विशेष एंटीजन प्रस्तुत करय बला कोशिकाक रूप मे विकसित होइत अछि, जाहि मे सीडी74 आ मेजर हिस्टोकंपैटिबिलिटी कॉप्लेक्स वर्ग-2 अणुक अभिव्यक्ति होइत अछि। ऊतकक मरम्मति प्रक्रिया एसपीपी1 आ टीजीएम2 द्वारा नियंत्रित कार्यक्रम सं समर्थित रहैत अछि।

# भारत मे निष्क्रिय धूम्रपान सं होमय बला मृत्यु मे लगभग 50 प्रतिशत वृद्धि

तंबाकूक धुआं सं नोकसान होयबाक लेल स्वयं सिगरेट पीब आवश्यक नहि अछि। भारतक लाखो लोक घर, कार्यस्थल, सार्वजनिक स्थान अथवा धूम्रपान करय बला व्यक्तिक आसपास रहबाक कारण दोसरक धुआंक संपर्क मे अबैत छथि। द लैंसेट पब्लिक हेल्थ मे प्रकाशित ग्लोबल बर्डन ऑफ डिजीज (जीबीडी) अध्ययन 2023क नव विश्लेषण एहि समस्याक व्यापकता पर स्पष्ट प्रकाश देलक अछि। अध्ययनक अनुमान अछि जे 2023 मे भारत मे 444 मिलियन लोक दोसरक धुआंक संपर्क मे आएलाह। एहि मामिला मे चीनक बाद भारत दुनियाक दोसर सब सं पैघ देश रहल। बेसी चिंताजनक बात ई अछि जे 2023 मे भारत मे 325,600 मृत्यु दोसरक धुआंक संपर्क सं जुड़ल रहल, जखनकि 1990 मे ई संख्या 217,700 छल। एहि तरहे मृत्यु मे लगभग 50 प्रतिशत वृद्धि भेल।

दुनियाभरि मे 2023 मे 2.71 अरब लोक दोसरक धुआंक संपर्क मे आएलाह, जाहि मे 0-14 वर्षक 767 मिलियन बच्चा शामिल छथि। एहि संपर्कक कारण



अनुमानित 1.66 मिलियन मृत्यु आ 44.8 मिलियन विकलांगता-समायोजित जीवन वर्ष (डीएएलवाई)क नोकसान भेल।

नवीन आंकड़ा एकटा महत्वपूर्ण विरोधाभास देखबैत अछि। भारत मे दोसरक धुआंक संपर्क मे आबि रहल लोकक अनुपात वास्तव मे घटल अछि, मुदा संपर्क मे आबि रहल लोकक वास्तविक संख्या बढ़ि गेल अछि।


भारत मे आयु-मानकीकृत दोसरक धुआंक संपर्क दर 1990 मे 43.2 प्रतिशत सं घटि कए 2023 मे 30.6 प्रतिशत भए गेल। मुदा भारतक जनसंख्या मे बहुत वृद्धि भेलाक कारण एहि अवधि मे संपर्क मे आबि रहल लोकक अनुमानित संख्या 375 मिलियन सं बढ़ि कए 444 मिलियन भए गेल।

एहि सं जुड़ल मृत्यु सेहो 217,700 सं बढ़ि कए 325,600 भए गेल। महिलाक बीच अनुमानित मृत्यु 1990 मे 113,400 सं बढ़ि कए 2023 मे 156,900 भए गेल, जखनकि पुरुष मे मृत्यु 104,300 सं बढ़ि कए 168,700 भए गेल। अध्ययनक अनुमान अछि जे 2023 मे भारत मे दोसरक धुआंक कारण 9.28 मिलियन डीएएलवाईक नोकसान भेल। एकर अर्थ अछि समय सं पहिने मृत्यु, बेमारी अथवा विकलांगताक कारण स्वस्थ जीवनक कतेको वर्षक नुकसान। ई निष्कर्षक अर्थ ई नहि अछि जे एहि श्रेणीक प्रत्येक मृत्यु मात्र निष्क्रिय धूम्रपानक कारण भेल।

# ब्रिक्स मे पहलगामक चर्चा, की दबाव मे आबि रहल अछि चीन–पाकिस्तानक अटूट मित्रता?







**नई दिल्ली, एजेंसी**

चीन आ पाकिस्तान सदिखन अपन संबंध कें सभ मौसिमक दोस्ती कहैत रहल अछि। चीन पाकिस्तानक सभ सं पैघ सहयोगी मानल जाइत अछि। पाकिस्तान चीन कें चीन-पाकिस्तान आर्थिक गलियारा (सीपीइसी) जेकां महत्वपूर्ण परियोजनाक माध्यम सं अरब सागर सं जुड़बाक मार्ग उपलब्ध करौने अछि। मुदा नई दिल्ली मे भेल ब्रिक्सक बैठक मे एकटा महत्वपूर्ण बात सामने आयल। चीन ओहि बैठकक हिस्सा छल, जाहि मे वर्ष 2025 मे भेल पहलगाम आतंकी हमलाक निंदा कएल गेल। बैठक मे आतंकवादक विरुद्ध कड़ाइ सं कारबाइ करबाक आवश्यकता पर सेहो जोर देल गेल। ब्रिक्सक घोषणापत्र मे 22 अप्रैल 2025 कें भेल पहलगाम हमलाक स्पष्ट रूप सं निंदा कएल गेल। एहि हमला मे 26 लोकक मृत्यु भेल छल। घोषणापत्र मे सीमा पार सं संचालित आतंकवाद, आतंकवाद कें मिलैत आर्थिक सहायता आ आतंकी संगठनक ठिकानाक विरुद्ध कारबाइ करबाक आवश्यकता बताओल गेल। यद्यपि पाकिस्तानक नाम सीधे नहि लेल गेल आ भारत द्वारा चलाओल गेल ऑपरेशन सिंदूरक समर्थन सेहो नहि कएल गेल, मुदा चीनक एहि घोषणापत्र पर हस्ताक्षर करब स्वयं मे महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। एहि घटनाक बाद प्रश्न उठैत अछि जे की चीन आ पाकिस्तानक संबंध मे कोनो परिवर्तनक संकेत देखल जा रहल अछि?

**चीनक उपस्थिति किएक महत्वपूर्ण? :** वास्तव मे ब्रिक्सक घोषणापत्र मे पहलगाम हमलाक उल्लेख कोनो नब बात नहि छल। एहि वर्ष मई मे सेहो ब्रिक्सक विदेश मंत्री सभ पहलगाम आतंकी हमलाक निंदा केने छल। मुदा नई दिल्ली लेल चीनक उपस्थिति एहि बेर विशेष महत्व रखैत अछि, कारण चीन कें पाकिस्तानक अत्यंत निकट सहयोगी मानल जाइत अछि। ई घटनाक्रम तखन सामने आयल अछि, जखन भारत आ चीन वर्ष 2020 मे गलवान मे भेल झड़पक बाद अपन संबंध सामान्य बनेबाक प्रयास करैत अछि। चीनक राष्ट्रपति शी चिनफिंगक नई दिल्ली आगमन आ भारतक प्रमुख सुरक्षा चिंता सं जुड़ल घोषणापत्र पर चीनक हस्ताक्षर एहि बदलैत कूटनीतिक परिस्थितिक संकेत दैत अछि। एकर अर्थ ई नहि जे चीन पाकिस्तान कें छोड़ि देने अछि। मुदा ई प्रश्न अवश्य महत्वपूर्ण भए गेल अछि जे जखन चीनक अपन आर्थिक आ सामरिक हित दांव पर हो, तखन ओ पाकिस्तानक कतेक दूर धरि साथ देत।

> **घोषणापत्र मे सीमा पार सं संचालित आतंकवाद, आतंकवाद कें भेटि रहल आर्थिक सहायता रोकबाक मांग कएल गेल**

**चीनक सभ सं पैघ समस्या की? :** चीन-पाकिस्तान संबंध मे तनावक एकटा प्रमुख कारण भारत नहि, बल्कि पाकिस्तान मे चीनी नागरिकक सुरक्षा सेहो बनल अछि। सीपीइसीक विभिन्न परियोजना मे काज करैत चीनी नागरिक, विशेष रूप सं बलूचिस्तानमे, बारंबार आतंकी हमलाक शिकार भेल छथि। एहि कारण चीन पाकिस्तान सं नाराजगी व्यक्त करैत रहल अछि आ आब ओ सुरक्षा व्यवस्था मे सुधार लेल पाकिस्तान पर स्पष्ट दबाव बना रहल अछि। चीनी नागरिक आ सीपीइसी परियोजनाकर्मी पर हमलाक कारण किछु परियोजना अस्थायी रूप सं रोकल गेल छल। वर्ष 2026 मे सेहो सुरक्षा चीन लेल प्रमुख चिंता बनल अछि। चीन सीपीइसी 2.0 कें आगू बढ़ेबाक इच्छुक अछि, मुदा एकर लेल ओ सुरक्षा व्यवस्था मे ठोस सुधार चाहैत अछि। पाकिस्तान सेहो चीनी नागरिक आ चीनी परियोजनाक सुरक्षा मजबूत करबाक आश्वासन दैत रहल अछि। एहि कारण चीन-पाकिस्तानक संबंध समाप्त होइत नहि देखाइत अछि, मुदा सीपीइसीक सुरक्षा समस्या दुनू देशक संबंधक लेल चुनौती बनल अछि।

**चीनी निवेश पर सेहो उठल प्रश्न :** दुनू देशक संबंध मे आर्थिक स्तर पर सेहो किछु बदलावक संकेत भेटि रहल अछि। रिपोर्टक अनुसार चीनक एकटा पैघ कंपनी पाकिस्तानक बिजली कंपनी किनबाक योजना वापस लेने अछि। एकर पछिला कारण मे पाकिस्तानक आर्थिक कठिनाइ आ सुरक्षा संबंधी खतरा कें प्रमुख मानल गेल अछि। सीपीइसी मूल रूप सं चीनक पैघ निवेश पर आधारित रहल अछि। मुदा आब चीन मात्र मित्रताक आधार पर निवेश करबाक पक्ष मे नहि देखाइत अछि। चीन लेल ई देखनाइ महत्वपूर्ण भए गेल अछि जे निवेश सं आर्थिक लाभ कतेक भेटत आ परियोजना सुरक्षित रूप सं चलि सकत वा नहि। पाकिस्तान कें चीनक आर्थिक सहयोगक आवश्यकता अछि, मुदा ओ एक दिस कर्जक बोझ आ दोसर दिस सुरक्षा संकट सं जूझि रहल अछि।

**संबंध टूटि नहि रहल, मुदा चीनक अपेक्षा बढ़ल :** मई 2026 मे पाकिस्तानक प्रधानमंत्री शहबाज शरीफ चीनक यात्रा केने छलाह। हुनकर चीनी राष्ट्रपति शी चिनफिंग सं भेंट भेल छल। दुनू पक्ष चीन-पाकिस्तानक मित्रता आ सीपीइसी कें आरो मजबूत करबाक प्रतिबद्धता दोहरौने छल। चीन सीपीइसी 2.0 कें आगू बढ़ेबाक अपन समर्थन सेहो दोहरौलक। बदला मे पाकिस्तान चीनी नागरिक आ परियोजनाक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक आश्वासन देलक। अगस्त मे सेहो दुनू पक्ष सीपीइसी सं संबंधित विषय पर बात कएलक। एहि सं स्पष्ट अछि जे चीन पाकिस्तान सं दूरी बनाबि नहि रहल अछि। बल्कि ओ अपन सहयोग जारी रखैत पाकिस्तान सं बेसी ठोस सुरक्षा गारंटी आ आर्थिक भरोसा चाहि रहल अछि। एहि पृष्ठभूमि मे ब्रिक्स घोषणापत्र मे पहलगाम हमलाक निंदा पर चीनक हस्ताक्षर कें चीन-पाकिस्तान संबंधक अंतक संकेत मानब जल्दबाजी होयत। मुदा ई अवश्य बुझाइत अछि जे चीन अपन राष्ट्रीय हित कें प्राथमिकता दए रहल अछि। आतंकवाद, चीनी नागरिकक सुरक्षा, सीपीइसीक भविष्य आ निवेशक वापसी–ई सभ मुद्दा आब चीनक पाकिस्तान नीति पर पहिना सं बेसी प्रभाव डालि रहल अछि। तें चीन-पाकिस्तानक दोस्ती भले अटूट कहल जाइत हो, मुदा ओकर स्वरूप आब निःशर्त मित्रता सं बेसी हित-आधारित साझेदारी दिस बढ़ैत देखाइत अछि।

# सामने बैसल छलाह जिनपिंग पीएम मोदी देलनि चेतावनी

**नई दिल्ली, एजेंसी**

18म ब्रिक्स शिखर सम्मेलनक अंतिम दिन प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कोनो देशक नाम लेने बिना वैश्विक मंच सं महत्वपूर्ण आ रणनीतिक संदेश देलनि। चीनी राष्ट्रपति शी जिनपिंगक उपस्थिति मे प्रधानमंत्री मोदी तकनीक आ महत्वपूर्ण खनिज कें हथियारक रूप मे उपयोग करबाक विरुद्ध चेतावनी देलनि। ओ कहलनि जे तकनीकक उपयोग समावेशी होयबाक चाही, कोनो एक देशक एकाधिकार नहि। प्रधानमंत्री मोदी कहलनि जे तकनीक आ महत्वपूर्ण खनिज पर नियंत्रण कठोर कएला सं विश्वक साझा विकास आ प्रगतिक गति प्रभावित भए सकैत अछि। हुनकर एहि वक्तव्य कें कूटनीतिक क्षेत्र मे चीनक दिस इशारा मानल जा रहल अछि।



## चीनक एकाधिकार पर परोक्ष प्रहार

प्रधानमंत्री मोदी अपन संबोधन मे चीनक नाम नहि लेलनि, मुदा चीनक लग विश्वक 90 प्रतिशत सं बेसी रेयर अर्थ खनिजक परिष्करण क्षमता अछि। विद्युत वाहन, कृत्रिम बुद्धिमत्ता आधारित आंकड़ा केंद्र, इलेक्ट्रॉनिक उपकरण आ अर्धचालक उद्योग मे एहि खनिजक महत्वपूर्ण उपयोग होइत अछि। एहि कारण वैश्विक आपूर्ति श्रृंखला मे चीनक प्रभाव अत्यधिक अछि। अमेरिका सं व्यापारिक संघर्षक समय चीन उन्नत तकनीक मे प्रयुक्त किछु रेयर अर्थ खनिजक निर्यात पर प्रतिबंध सेहो लगौने अछि। एहि पृष्ठभूमि मे प्रधानमंत्री मोदी कहलनि जे कोनो एक देश द्वारा महत्वपूर्ण संसाधन कें कूटनीतिक अथवा व्यापारिक हथियार बनाओल गेला सं विकासशील देशसभक प्रगति बाधित होइत अछि। अपन समापन संबोधन मे प्रधानमंत्री मोदी ब्रिक्स देशसभक साझा विकास लेल किछु व्यावहारिक योजनाक प्रस्ताव सेहो रखलनि। ओ नव उद्यम कें प्रोत्साहित करबाक आ व्यापक स्तर पर समाधान विकसित करबाक लेल एकटा विशेष कोष गठित करबाक प्रस्ताव देलनि।

> **कहलनि, महत्वपूर्ण खनिज कें हथियार नहि बनाउ**

## इंडोनेशिया मे 243 लोक कें लए जा रहल पोत समुद्र मे लापता, बचाव अभियान जारी

**जकार्ता, एजेंसी।** इंडोनेशिया मे खराब मौसिमक बीच 243 लोक कें लए जा रहल एकटा यात्री पोत समुद्र मे लापता भए गेल अछि। घटना सामने अयलाक बाद राहति आ बचाव अभियान शुरू कएल गेल, जाहि मे आब धरि 103 लोक कें बाहर निकालल गेल अछि। एहि मे एक व्यक्तिक मृत्यु भेल अछि, जखन कि 102 लोक सुरक्षित छथि। शेष लोकक खोज जारी अछि। रिपोर्टक अनुसार, पोत जावा सागर मे लापता भेल अछि। ई पोत शनिदिन पूर्वी जावाक सुराबाया शहर सं दक्षिण कालीमंतान लेल विदा भेल छल। रवि भोर



मे पोतक आधार शिविर सं संपर्क टूटि गेल। एकर बाद खोज आ बचाव अभियान शुरू कएल गेल। इंडोनेशियाक खोज दलक अनुसार, विर्गो ट्रांसपोर्ट 8 नामक पोत मे 243 लोक सवार छलाह। अंतिम बेर जाहि स्थान सं पोत सं संपर्क भेल छल, ओहि दिस एकटा बचाव पोत कें पठाओल गेल अछि। पोत मे यात्री आ चालक दलक पैघ संख्या होयबाक कारण उपलब्ध सभ कर्मी आ संसाधन कें खोज अभियान मे लगा देल गेल अछि। बचाव अभियानक प्रमुख आइ पुतु सुदायानाक कहलनि जे अलग-अलग पोतक सहयोग सं 103 लोक कें सुरक्षित निकालल गेल अछि। बचाओल गेल किछु लोक कें पूर्वी जावाक एकटा बंदरगाह पर पहुंचाओल जा रहल अछि।

## सड़क पर दौड़ौलक, अंधाधुंध गोली चलौलक, फेर माथ मे मारलक गोली...

**वाशिंगटन, एजेंसी**

अमेरिकाक कैलिफोर्निया राज्यक राजधानी सैक्रामेंटो मे एकटा सनकी युवक 38 वर्षीय भारतीय मूलक महिला शालिनी ठाकुरक दिन-देखाड़ गोली मारि हत्या कए देलक। अदालती रोक लागू रहितो 22 वर्षीय आरोपी रोहित पछिला एक वर्ष सं लगातार शालिनीक पाछां पड़ल छल आ हुनका परेशान करैत छल। घटना कें अंजाम देलाक बाद पुलिस सं घेरायल रोहित हाईवे पर अपन गाड़ी रोकि स्वयं कें गोली मारि लेलक। घटनास्थल परे ओकर मृत्यु भए गेल।



**सनकी प्रेमीक हाथे महिलाक हत्या**

**सड़क पर दौड़ौलक, माथ मे मारलक गोली :** घटना सैक्रामेंटोक आर्डेन-आर्केड क्षेत्र मे पनेरा ब्रेड प्रतिष्ठानक बाहर करीब तीन बजे भेल। शालिनी भोजनालय सं बाहर निकललीह तखन घात लगौने रोहित हुनकर पाछां दौड़ल। जान बचाबय लेल शालिनी भागलीह, मुदा आरोपी हुनका पर लगातार गोली चलौलनि। प्रत्यक्षदर्शीक अनुसार, गोली लगलाक बाद जखन शालिनी सड़क पर खसि पड़लीह, तखन आरोपी नजदीक जा कए हुनकर माथ मे फेर गोली मारलक। एहि कारण घटनास्थले हुनकर मृत्यु भए गेल। घटनाक बाद रोहित गाड़ी सं फरार भए गेल। कैलिफोर्निया हाईवे पेट्रोल आ शेरिफक दल हाईवे-50 पर ओकर गाड़ी कें बख्तरबंद वाहन सं घेरि लेलक। चारू दिस सं घेरायल देखलाक बाद रोहित गाड़ीक भीतर अपन पिस्तौल सं स्वयं कें गोली मारि लेलक।

**विवाह सं मना केलाक बाद करैत छल रेकी :** शालिनीक माता सुदेश कुमारीक अनुसार, रोहित पछिला एक वर्ष सं हुनकर बेटी कें लगातार प्रताड़ित करैत छल। रोहित शालिनी सं विवाह करबाक इच्छा रखैत छल, मुदा दुनूक बीच 16 वर्षक आयुक अंतर रहबाक कारण शालिनी विवाह सं स्पष्ट रूप सं इनकार कए देने छलीह। एकर बाद ओकर सनक आरो बढ़ैत गेल। सुदेश कुमारीक कहल अनुसार, घटना सं किछु समय पहिने 1 बजकर 58 मिनट पर हुनकर शालिनी सं फोन पर बात भेल छल। शालिनी 15 मिनट बाद फेर फोन करबाक बात कहने छलीह, मुदा तकर बाद हुनकर कोनो फोन नहि आयल।



# पाकिस्तान मे पैघ आतंकी हमला, सेनाक काफिला पर आक्रमण, 23 सं बेसी जवानक मृत्यु

**इस्लामाबाद, एजेंसी**

पाकिस्तानक बलूचिस्तान स्थित लासबेला जिला मे सुरक्षा बल पर पैघ आतंकी हमला भेल अछि। प्राप्त जानकारीक अनुसार, ई हमला एन-25 राष्ट्रीय राजमार्ग पर तखन भेल, जखन पाकिस्तानी सेनाक काफिला ओहि बाट सं गुजरि रहल छल। प्रारंभिक रिपोर्टक अनुसार, हमला मे 23 सं बेसी जवानक मृत्यु होयबाक आशंका अछि।

कतेको जवान घायल सेहो भेल छथि। मीडिया रिपोर्टक अनुसार, घटना लासबेलाक कशारी क्षेत्र मे भेल। ओतय फ्रंटियर फोर्सक करीब 15 वाहनक काफिला कें निशाना बनाओल गेल। काफिला पर विस्फोट कएल गेल, जाहि कारण एकटा सुरक्षा वाहन मे आगि लागि गेल। घायल जवान सभ कें प्राथमिक उपचार लेल पहिने बेला शिविर पहुंचाओल गेल। हमलाक आरोप बलूच लिबरेशन आर्मी अर्थात बीएलए पर लगाओल जा रहल अछि। ई संगठन पछिला किछु मास सं बलूचिस्तान मे सुरक्षा बल, सरकारी भवन आ सड़क मार्ग पर हमलाक गतिविधि तेज केने अछि। संगठनक दावा रहल अछि जे ओकर लड़ाका पाकिस्तानी सुरक्षा बल कें निशाना बना रहल छथि। घटनाक बाद सुरक्षा बल इलाका मे तलाशी अभियान तेज केने अछि।

घायल जवानसभक उपचार बेला शिविर मे चलि रहल अछि, जखन कि राजमार्ग कें फिलहाल बंद राखल गेल अछि। मुदा एखन धरि पाकिस्तानी सुरक्षा बलक दिस सं हमलाक संबंध मे कोनो विस्तृत आधिकारिक बयान सार्वजनिक नहि भेल अछि। एहि कारण मृतकक संख्या आगू घटि-बढ़ि सकैत अछि। लासबेला एन-25 राजमार्ग बलूचिस्तानक महत्वपूर्ण मार्ग सभ मे सं एक अछि। ई कराची कें क्वेटा सं जोड़ैत अछि आ प्रांतक कतेको रणनीतिक क्षेत्र सं गुजरैत अछि। एहि मार्ग पर सुरक्षा काफिलाक अतिरिक्त आम यात्री आ व्यापारिक वाहन सेहो चलैत अछि। लासबेलाक भौगोलिक स्थिति सेहो महत्वपूर्ण अछि, कारण ई तटीय मार्ग आ पश्चिमी बलूचिस्तान कें कराची सं जोड़ैत अछि।

> **फ्रंटियर फोर्सक करीब 15 वाहनक काफिला कें निशाना बनाओल गेल**

ई हमला एहन समय मे भेल अछि, जखन बलूचिस्तान मे हिंसा पहिनहि बढ़ल बताओल जा रहल अछि। पछिला किछु मास मे सुरक्षा कर्मी, चौकी, सरकारी प्रतिष्ठान आ सड़क मार्ग पर कतेको हमलाक खबरि सामने अबैत रहल अछि। बीएलए जेकां संगठन कतेको स्थान पर एकसाथ हमला करबाक आ चलैत सुरक्षा काफिला कें निशाना बनेबाक दावा करैत रहल अछि।

# बैडमिंटन एशिया जूनियर चैंपियनशिप : तन्वी पात्री हमवतन शायना कें हरा जीतलक अंडर-17 खिताब



15 वर्षीय तन्वी पात्री रवि दिन बैडमिंटन एशिया अंडर-17 आ अंडर-15 जूनियर चैंपियनशिप मे लड़किक एकल अंडर-17 खिताब अपन नाम कए लेलनि। तन्वी ऑल-इंडियन फाइनल मे अपन हमवतन शायना मणिमुथु कें 11-15, 15-10, 15-12 सं हरा देलनि। ई जीत ओडिशाक एहि युवा खेलाड़ीक शानदार 2026 सत्र मे एकटा आओर उपलब्धि अछि। पात्री पोंटियानक इंटरनेशनल चैलेंज मे अपन पहिल अंतरराष्ट्रीय खिताब जीतने छलथि आ एहि वर्षक शुरूआत मे बेंगलुरु मे ऑल इंडिया जूनियर अंडर-19 बैडमिंटन रैंकिंग टूनार्मेंट सेहो जीतने छलथि। आब ओ अपन 2024 अंडर-15 एशियाई खिताबक संग अंडर-17क महाद्वीपीय खिताब सेहो अपन नाम कए लेलनि। दोसर वरीयता प्राप्त तन्वी पात्री फाइनल धरि पहुंचबाक लेल कठिन ड्रॉक सामना कएलनि। पहिल दौर मे बाइ भेटलाक बाद ओ चीनक झोउ जिंग ली विरुद्ध कड़ा तीन-गेमक मोकाबला मे 18-16, 12-15, 15-13 सं जीतक संग अपन अभियानक शुरूआत कएलनि। एकर बाद ओ जापानक शिजुकु काशियो कें 15-9, 15-12 सं हरौलनि आ तकर बाद क्वार्टर फाइनल मे चीनक लिन हेंग मेन विरुद्ध 15-8, 15-8 सं शानदार जीत दर्ज कएलनि। सेमीफाइनल मे पात्री तनावपूर्ण निर्णायक गेम मे संयम बना रखैत चीनक यू यिंग गुई कें 15-9, 11-15, 15-11 सं शिकस्त देलनि। ड्रॉकक दोसर दिस छठी वरीयता प्राप्त मणिमुथुक यात्रा सेहो ओतबे शानदार रहल, जाहि सं बेंगलुरु फाइनलक री-मोकाबला तय भेल। हुनकर यात्रा मे जापानक युई इताबाशी विरुद्ध क्वार्टर फाइनल मे दमदार जीत आ दोसर जापानी शटलर एनोन ओकिमोटो विरुद्ध सेमीफाइनल मे 15-13, 15-12 सं संयमपूर्ण जीत शामिल छल। एहि मोकाबला मे ओ आखरी क्षण मे बेहतरीन धैर्य देखौलनि। वर्ष 2025 मे दीक्षा सुधाकरक ऐतिहासिक जीतक बाद पात्रीक जीत लगातार दोसर वर्ष अंडर-17 गर्ल्स सिंगल्सक ट्रॉफी भारतक नाम कए देलक। पिछला वर्ष अंडर-15 एशियाई खिताब जीतनिहार मणिमुथु शानदार प्रदर्शन करैत रजत पदक जीतलनि। अंडर-15 श्रेणी मे एकटा आओर पदक जोड़ैत लड़काक डबल्स जोड़ी आदित्य सिंह नेगी आ तन्मय वर्मा कांस्य पदक जीतलनि। शनिदिन सेमीफाइनल मे भारतीय जोड़ी कें चीनी ताइपेक जोड़ी बो लिन हो आ जुई एन हो सं 5-15, 10-15 सं हारक सामना करए पड़ल।

# भारतीय टीम जीतलक जूनियर महिला एशिया कपक खिताब, फाइनल मे चीन कें 1-0 सं हरौलक



भारतीय टीम जूनियर महिला एशिया कप 2026क खिताब अपन नाम कए लेलनि। फाइनल मोकाबला मे भारत शानदार प्रदर्शन करैत मेजबान चीन कें 1-0 सं हरौलनि। सानिका चंद्रकांत माने 17म मिनट मे कएल गोलक बदौलत भारत खिताब अपन नाम कएलक आ एफआईएच जूनियर विश्व कप मे अपन जगह पक्का कएलक। भारतीय महिला टीम पिछला दू संस्करण मे सेहो एएचएफ जूनियर एशिया कपक ट्रॉफी जीतने छल। टीम एहि वर्षक शुरूआत मे नियुक्त कोच टिम व्हाइटक मार्गदर्शन मे व्यवस्थित प्रशिक्षण कार्यक्रम अंतर्गत तैयारी कएलक आ रवि दिन खिताबक हैट्रिक पूरा कएलक।

हॉकी इंडिया जूनियर एशिया कप मे खिताब जीतनिहार महिला टीम लेल नकद पुरस्कारक घोषणा कएलक अछि। एकर अंतर्गत प्रत्येक खेलाड़ी कें 3 लाख रुपैया आ सहयोगी स्टाफक प्रत्येक सदस्य कें 1.5 लाख रुपैया देल जाएत।

भारत आ चीनक बीच शुरूआती क्वार्टर मे कड़ा टक्कर देखए कें भेटल आ कोनो गोल नहि भेल। एकर बाद मोकाबलाक 17म मिनट मे भारत लेल सानिका पहिल गोल दागि टीम कें 1-0क बढ़त दियौलनि। भारतीय टीम हाफ टाइम धरि एहि बढ़त कें कायम रखबा मे सफल रहल।


भारत तेसर क्वार्टर मे सेहो अपन मामूली बढ़त बना रखलक आ मेजबान टीम कें वापसी करबाक कोनो मौका नहि देलक। भारतीय टीम आखरी सीटी बजे धरि बढ़त कायम रखलक आ 1-0 सं जीत हासिल करैत तेसर बेर एएचएफ महिला जूनियर एशिया कपक ट्रॉफी अपन नाम कएलक।

भारत क्वार्टर फाइनल मे पाकिस्तान कें 19-0 सं हरौलाक बाद दक्षिण कोरिया कें 5-1 सं हराए फाइनल मे जगह बनौने छल। एहि जीत मे ड्रैग-फ्लिक विशेषज्ञ सुप्रियाक महत्वपूर्ण योगदान रहल। भारत पूल चरण मे तीन जीत आ एक ड्रॉ सं 10 अंक हासिल कएलक आ कोनो मोकाबला हारने बिना गोल अंतरक आधार पर एलीट पूल मे शीर्ष स्थान प्राप्त कएलक।

# यूएस ओपन 2026 : शेल्टन इतिहास रचय सं एक जीत दूर, फाइनल मे ज्वेरेव सं खिताबी जंग

बेन शेल्टन आब यूएस ओपन 2026क खिताब जीति इतिहास रचए सं मात्र एक जीत दूर छथि। अमेरिकी टेनिस स्टार शेल्टनक फाइनल मे शीर्ष वरीयता प्राप्त अलेक्जेंडर ज्वेरेव सं मोकाबला होयत। जं शेल्टन ई मोकाबला जीतैत छथि, तं ओ 23 वर्ष बाद यूएस ओपन पुरुष एकलक खिताब जीतनिहार पहिल अमेरिकी खेलाड़ी बनि जएताह। फाइनल मोकाबला आइ देर राति 11:30 बजे सं खेलल जाएत। शेल्टन सेमीफाइनल मे अपन हमवतन फ्रांसेस टियाफो कें हराए फाइनल मे जगह बनौलनि।

आब पहिल ग्रैंड स्लैम ट्रॉफी हुनका बहुत नजदीक अछि आ शेल्टन एहि अवसर कें लए पूरा तरहे उत्साहित छथि। जियोस्टार दिस सं साझा कएल गेल एकटा साक्षात्कार मे शेल्टन फाइनल कें लए कहलनि जे, हम पूरा तरहे तैयार छी। हम कोर्ट पर अपन सब किछु झोंकि देब। जीतू वा हारू,



अपन प्रदर्शन आ एखन धरि कएल गेल यात्रा पर हमरा गर्व रहत। मुदा ईएह हमर सपना अछि। हम एहि लेल खेलि रहल छी।

सपना आब हमर सामने अछि आ हम निश्चित रूप सं अपन प्रयास मे कोनो कमी नहि छोड़ब। ओ आगू कहलनि जे ओ तत्काल सफलताक बदला अपन खेल मे निरंतर सुधार करबाक विश्वास रखैत छथि आ एकटा नीक टेनिस खेलाड़ी बनबाक लेल एखन हुनका बहुत आगू जाएबाक अछि। मुदा, ओ ईहो माननलि जे आब लक्ष्य मात्र एकटा मोकाबला दूर अछि आ ओ फाइनल मे अपन पूरा सामर्थ्य दए लेल तैयार छथि।

## अमेरिकी टेनिस लेल ऐतिहासिक अवसर

शेल्टनक फाइनल धरि पहुंचबाक उपलब्धि पहिनहि अमेरिकी टेनिस लेल खास बनि गेल अछि। 2003 मे एंडी रॉडिकक यूएस ओपन जीतला बाद एखन धरि कोनो अमेरिकी पुरुष खेलाड़ी एहि ग्रैंड स्लैमक पुरुष एकल खिताब नहि जीतलनि।

एकर अतिरिक्त शेल्टन यूएस ओपन फाइनल मे पहुंचनिहार आर्थर ऐशक बाद पहिल अश्वेत अमेरिकी पुरुष खेलाड़ी सेहो बनि गेल छथि। अपन उपलब्धिक महत्व पर चर्चा करैत शेल्टन अपन परिवार आ हुनका सभ लोक कें श्रेय देलनि, जे हुनकर करियर मे हुनका सहयोग कएलनि। ओ कहलनि जे, ई हमर लेल सब किछु अछि। बहुतो लोक हमरा लेल बहुत किछु त्याग कएलनि, जाहि सं हम आइ एहि स्थिति मे पहुंचि सकल छी। जखन हम एहि विषय मे सोचैत छी तं हमर मन मे सदिखन हुनका सभक प्रति आभार रहैत अछि, जे हमरा सहयोग देलनि आ हमर पाछू ठाढ़ रहलाह। शेल्टन कहलनि जे इतिहासक हिस्सा बनब शानदार अछि, मुदा हुनकर काज एखन पूरा नहि भेल अछि।

# वियतनाम ओपन : ईशारानी बरुआ रक्षिता श्रीरामराज कें हरा फाइनल मे पहुंचली, तन्वी शर्मा हारली

तेसर वरीयता प्राप्त भारतक ईशारानी बरुआ अपन हमवतन रक्षिता श्रीरामराज कें हराए वियतनाम ओपन 2026 बैडमिंटन टूनार्मेंटक महिला एकल फाइनल मे जगह बना लेलनि। ईशारानी खेलल गेल सेमीफाइनल मे रक्षिता कें 21-10, 21-18 सं हरौलनि। मोकाबला 39 मिनट धरि चलल। ईशारानी लेल ई एहि सत्र मे बीडब्ल्यूएफ टूरक फाइनल मे पहिल बेर पहुंचब अछि। एहि सत्र मे एकर पहिने हुनकर सब सं नीक प्रदर्शन मार्च मे ऑरलियन्स मास्टर्स सुपर 300 मे तेसर स्थान पर रहब छल। दोसर दिस, शीर्ष वरीयता प्राप्त भारतक तन्वी शर्मा कें सेमीफाइनल मे थाइलैंडक सारुनराक वितिदसार्नक विरुद्ध कड़ा मोकाबला



मे 19-21, 20-22 सं हारिक सामना करए पड़ल। ईशारानी फाइनल धरि पहुंचबाक यात्रा मे चीनी ताइपेक हुआंग चिंग पिंग कें पिछला दौर मे 21-15, 21-18 सं हरौलनि छलथि। एकर पहिने ओ आखरी-16 मे मलेशियाक गोह जिन वेई कें शिकस्त देलनि। हुनका पहिल दौर मे बाइ भेटल छल। पुरुष एकल मे भारतक एचएस प्रणयक अभियान सेहो सेमीफाइनल मे समाप्त भए गेल। शीर्ष वरीयता प्राप्त तेह जिया हेंग प्रणय कें 21-13, 21-8 सं हराए फाइनल मे प्रवेश कएलनि।

धन्यवाद मिथिला

10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहुक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित

समदिया परिवार




# लाजो नहि बचा सकल पाकिस्तान बर्मिंघम मे इंग्लैंडक 8 विकेट सं जीत

इंग्लैंड पाकिस्तानक विरुद्ध एजबेस्टन मे खेलल गेल टेस्ट सीरीजक तेसर आ आखरी मोकाबला 8 विकेट सं जीत कए सीरीज मे 3-0 सं क्लीन स्वीप कए लेल। पाकिस्तान दिस सं भेटल 130 रनक आसान लक्ष्य मेजबान टीम मोकाबलाक चारिम दिन 24.2 ओवर मे हासिल कए लेलनि। टॉस हारि कए बल्लेबाजी करय उतरल पाकिस्तानी टीम पहिल पारी मे 133 रन पर सिमटि गेल। स्थिति एहन रहल जे एहि पारी मे 8 बल्लेबाज दहाइक आंकड़ा धरि नहि पहुंचि सकलाह। सऊद शकील सब सं बेसी 43 रन बनौलनि, जखनकि मोहम्मद अब्बास 21 रनक पारी खेललनि। एहि अतिरिक्त रजाउल्लाह टीमक खाता मे 11 रन जोड़लनि।

मेजबान टीम दिस सं जोश टंग 42 रन दए 4 विकेट लेलनि, जखनकि ओली रॉबिन्सन आ जोफ्रा आर्चर 3-3 विकेट झटकलनि। एकर जवाब मे इंग्लैंड अपन पहिल पारी मे 453 रन बना कए 320 रनक शानदार बढ़त हासिल कएलक। इंग्लैंडक टीम 39 रन धरि 3 विकेट गमा चुकल छल। एकर बाद हैरी ब्रूक एमिलियो संग चारिम विकेट लेल 104 रनक साझेदारी कए टीम कें संभारलनि। एहि पारी मे हैरी ब्रूक सब सं बेसी 75 रन बनौलनि, जखनकि जेमी स्मिथ 69 रनक पारी खेललनि। एहि अतिरिक्त एमिलियो 60

## सीरीज मे 3-0 सं 'क्लीन स्वीप'



रन आ ओली रॉबिन्सन 50 रन टीमक खाता मे जोड़लनि। पाकिस्तान लेल रजाउल्लाह सब सं बेसी 4 विकेट लेलनि, जखनकि मोहम्मद अली आ इमरान रंधावा 2-2 विकेट झटकलनि। पाकिस्तान अपन दोसर पारी मे पिछला गलती सं सीखि कए 449 रन बनौलक, मुदा ई स्कोर मैच बचाबय लेल पर्याप्त नहि छल। मेहमान टीम शुरूआती 4 गेंद मे 2 विकेट गमा देने छल। तखन धरि टीमक खाता सेहो नहि खुलल छल, मुदा एकर बाद शान मसूद 95 रन बनबैत अजान ओवैसक संग तेसर विकेट लेल 125 रन आ कप्तान बाबर आजमक संग चारिम विकेट लेल 89 रनक साझेदारी कएलनि। टीम 318 रनक स्कोर पर आठम विकेट गमौलक। एकर बाद मोहम्मद अब्बास 42 रन आ रजाउल्लाह 81 रन बनबैत नवम विकेट लेल 121 रनक साझेदारी कए पाकिस्तान कें 400 रनक पार पहुंचौलनि। इंग्लैंड लेल गस एटकिंसन सब सं बेसी 3 विकेट लेलनि।

ओली रॉबिन्सन, जोश टंग आ डैन लॉरेंस 2-2 विकेट हासिल कएलनि। जीत लेल 130 रनक आसान लक्ष्यक पीछा करैत इंग्लैंड पहिल ओवर मे बेन डकेट 0 आ एमिलियो 0 केर रूप मे सलामी जोड़ीक विकेट गमा देलक। तखन धरि टीमक खाता मे मात्र 2 रन जुड़ल छल। एकर बाद कप्तान जो रूट जॉर्डन कॉक्सक संग तेसर विकेट लेल 140 गेंद मे 128 रनक साझेदारी कए टीम कें आसान जीत दियौलनि। जो रूट 69 गेंद मे 9 चौकाक मदति सं 62 रन बना कए नाबाद रहलाह, जखनकि जॉर्डन कॉक्स 76 गेंद मे 8 चौकाक मदति सं 59 रनक नाबाद पारी खेललनि। पाकिस्तान लेल मोहम्मद अब्बास 8 ओवर मे 27 रन दए 2 विकेट लेलनि।

वर्ष 17, अंक 07 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 ( * पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053